



Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

ka Rancang

Drs. Moh. Ikrom

orat
an

n dan Kebudayaan



MUSTAKA RANCANG

Alih Aksara

Drs. MOH. IKROM

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
— INDONESIA DAN DAERAH —

Jakarta 1981

2012.12.204

1136

**Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah**

Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta 1981

**Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah**

PURWAKA

Punika ingkang nggaduhahi Layang Mustaka Rancang nam
mi sebut kula katut serat sarung lan udheng mugi katampia dhu-
mateng panjenenganipun Bapak.

Kajawi **sangking** punika niki serat terang sangking putra sam-
peyan kula sebut ingkang wonten ing Pondhok Tuweng Rejo-
mukuh, Pagu, dhistrik Papar afdeeling Kedhiri kutha.

Wa'llohu a'lam.

Kejawi kang sampun kasebut ing wingking, kula nggadha-
hi pinuwun bok bilih manawi wonten dhangangipun ing peng-
galihipun, bapak kula sampeyan tumbasaken sande lurik wana-
badra ingkang sambungan. Manawi angsal sampeyan katutaken.
Pak Kaji sak winci-winci dhateng Kedhiri.

I. KINANTHI

1. Pitik tulak pitik tukung,
tetulake jabang bayi,
ngadohaken cacing racak,
sarap sawan dha sumingkir,
si tukung mangkung neng ngarsa,
si tulak balia margi.
2. Si jabang bayi puniku,
kekasihira Yang Widi,
rineksa ing Malaekat,
kamomong ing Widadari,
pinayungan ing Yang Sukma,
kinebutan para Nabi.
3. Sekathahahe wali kutup,
mulane wong ingkang mukmin,
kang ngreksa jabang bayeka,
permila tamba kang sakit,
arsa namban lelara,
nuli waras jabang bayi.
4. Ana kinjeng tangis mabur,
pencokane selo ngardi,
myarsa tangise si jabang,
kinjeng iku angideri,
angliling jabang ika,
angliling sarwi ndongani.
5. Nggih punika donganipun,
Allohumma Adam sari,
fainnahu la ilaha,
fainnahu hayatihi,
kinjeng iku maca donga,
cep menenga aja nangis.

6. Lan tetamban gering niku,
godhong pasrah ing Yang Widi,
berambang lembah ing manah,
tumaninah aneng ati,
lan adas sinandhingana,
nuli waras jabang bayi.
7. **Angingua** pitik brumbun,
tulak walik sanggarneki,
wulune amanca warna,
abang putih ireng kuning,
ngedohken godha rencana,
angreksa mring jabang bayi.

I. ASMARADANA.

1. Ingsun amiwiti muji,
anebut namaning Sukma,
kang murah ing donya mangke,
ingkang asih ing akherat,
kang pinuji datan pegat,
angganjar kawelas ayun,
angapura wong kang dosa.
2. Sawuse muji Yang Widi,
amuji Nabi Muhammad,
kelawan kulawargane,
sahabat sekawan ika,
Bagindha Abu Bakar,
Ngumar, Ngusman puniku,
kaping pat Ngali Murtadla.
3. Tatkala wiwiti nulis,
ing dinten Akat punika,
nenggih Paing pasarane,
anuju sore wancinya,
nenggih Be taunira,
ping tigawlas tunggalipun,
anuju mangsa Kesanga.
4. Kang nyerat layang puniku,
anamaa Ki Tipiman,
ing Tawangreja pondhoke,
ing Mukuh kerajanira,
majeng ngaler pondhoknya,
aneng Pagu onderipun,
distrik Papar Kediri bwah.
5. Milane purun anulis,
labete kinengken kadang,
Hasan Murajak kang aken,
milane purun anyurat,

pan karya kadang truna,
ing anem dumugi sepuh,
tan memba-memba wong liya.

6. Panedhane kang anulis,
dhumateng kang arsa maca,
den agung pangapurane,
kang kurang den wuwuhana,
kang luwih den longana,
serat awon tanpa lungguh,
kang nyerat sanget blilunya.
7. Panuwune kang anulis,
dhumateng kang Murbeng Jagad,
nulusaken awakingong,
netepken agamanira,
singgahna ing dursila,
nuduhna ing marga agung,
luputa bilahi donya.
8. Yen cinandra warnaneki,
dhasar bongos radi cacad,
wis kadya bojang wernane,
senadiyan bisa nyerat,
tan wruh ing tatakrama,
dhaṣar digung sugih guyu,
dhasar lare tanpa duga.
9. Sedalan-dalan winarni,
pantes lamun tanpa duga,
dhasar lare wedi gawe,
sungkanan sebarang karya,
gawene saba tangga,
kumenthus kaya wong pecus,
supaya dipun guguwa.
10. Kang nulis iki nuturi,
mrang sanak kang samya maca,

miwah kang miyarsa mangke,
padha sira titenana,
ture ingkang nyerat,
titinen rinten lan dalu,
ja sira gawe sembrana.

11. Yen ala ing tuturneki,
iku pantes pisuhana,
mangkene tuture kiye,
yen sira kudu sumedya,
ngel gampang tinurutan,
titinen rinten lan dalu,
pan aja sira sembrana.
12. Sampun maca bari guling,
wateke wong guling ika,
suwe-suwe keh polahe,
suwe-suwe dadi mlumah,
suwene mlumah ika,
layange nuli den bekuk,
gelis rusak layangira.
13. Becik maca bari linggih,
iku dadi perayoga,
suwara lega wetune,
aja linggih bari mingkrang,
iku dadi deksura,
tinggalan mring wong sepuh,
becik maca bari sila.
14. Wonten panedhane malih,
mring sanak kang sedya maca,
den agung pangapurane,
aksara ala tur bongga,
aksara kithal tanduke,
kirang langkung tembangipun,
wantune ngunduri tuwa.

15. Jangka jangkah titi surti,
mangsa borong ingkang maca,
kang nulis narima bae,
kang maca sing kira-kira,
kang nulis pasrah kang maca,
kirang langkung tembungipun,
kang maca kang nggathukena.
16. Lan panuwun kula malih,
dhateng Dat Kholaqul asy-ya',
mugi paring ngapurane,
nggen kula nyerat punika,
manawi wonten kang lepat,
utawi yen boten pethuk,
lan kersane Nabi kita.
17. Awit kula dereng ngerti,
kang badhe kasbut punika,
cariyos suluk rasane,
sadermi kawula nyerat,
wit saking karsanira,
sadherek anom puniku,
Kasan Muraja naminya.
18. Mugi kagalih kang bening,
sampun age-age nekat,
inggih sampun geme-geme,
padosa guru kang kersa,
ingkang ngalmi mring kitab,
Ushul Fekih miwah Nahwu,
tur kang wasis ngelmu rasa.
19. Yen kalintu tekad penting,
tan wurung manute syetan,
sasar ing benjang patine,
angudzu billahi minha,
permila den prayitna,
nyegaha dhahar lan turu,

den apadhang kalbunira.

20. Wong wareg peteng ing pikir,
tan bangkit mikir ing lembat,
mung syahwate kang jumanggol,
tambah saregep ing nendra,
iku jekti tan kena,
melu-melu mikir suluk,
kang badhe kasbut punika.
21. Yen sira wus nyekel kaki,
muratab sampun kadhadha,
kabeh rasa surasane,
aja mung lampah kang nyaman,
teges mung tan sembayang,
enak ndhekок senggur-senggur,
lakune mung mbubrah tata.
22. Ya bener enak sayekti,
tan ngangge lampah-lampah,
mung nurut enake dhewe,
yen sira datan sarengat,
iya apa kang dadia,
dhewe-dhewe lakunipun,
meshti datan kena tinggal.
23. Aja dumeh yen wus ngerti,
atawa sampun kanggonan,
ing rasa kang sejatine,
yen lamun nora lelampah,
mesthi yen manut syetan,
suluke mung muluk-muluk,
rasa syahwat mangan nendra.
24. Ingkang pinurweng karihin,
Sang Retna Dewi Sujinah,
karone pandhita kaot,
Syekh Mustaqim asmanira,

- wasis ing linumeng ngelmu,
den samya prayitneng murat.
25. Panuju sak jugeng lestari,
wonten sajroning papreman,
Sang Retna umatur alon,
dhuh gusti ngengeran kula,
wong bagus duwe dhokar,
milanipun kula purun,
ngenger dhumateng sampeyan.
26. Milane kawula laki,
amrih kencenge ing priya,
tan fardlu donya kemawon,
panggiha donya akherat,
ing mangke kawula kakang,
nggegurua wong abagus,
amrih sampurna ing krama.
27. Sang Retna umatur aris,
kakangmas mugi mejanga,
dika rabi marang ingwang,
kawula kinarya napa,
lah age dika wejanga,
yen wus panggih lawan ingsun,
ing pundi nggone panggiha.
28. Kelawan andika gusti,
punapa kang dika aras,
napa kang dinulu mangke,
andika cekel punapa,
lah age dika wejang,
yen boten mejang mrang ingsun,
kula sampaun dika krama.
29. Angling Pandhita Mustakim,
sun takoni ananira,
sihira sun cekel kiye,

kang sun tingali datira,
lawan sipat kang mulya,
sukma kang sun aras iku,
kepanggih ing rahmatullah.

30. Ingsun gawe sira yayi,
kenyataan rasa mulya,
kelawan malih sun gawe.
wedale sihe Pangeran,
napa andika karsa,
mangkono pamanggihingsun,
iku sejatine krama.
31. Sang Retna umatur aris,
wonten malih atur kula,
sampun tuwan bendu ingwang,
gene kula matur tuwan,
punapa sababira,
yen tuwan sare mrang ingsun,
dene tuwan ngangge siram.
32. Punapa kawula najis,
pundi najise kang badan,
najis punapa wakingwang,
apan wujud inggih tunggal,
lah age dika wejanga,
yen boten mejang mrang ingsun,
sampun kula dika krama.
33. Milane jinabat gusti,
pinten kehe mukaranah,
pancer sak tunggal-tunggale,
ingkang aran mukaranah,
kawula dika-wejang,
kadi pundi tegesipun,
Sang Mahayekti ngandika.
34. Mila kula adus yayi,

ngestoni nurani johar,
ingkang aran johar mangke,
banyu urip pinangkanya,
tumiba bumi rahmat,
wajibe adus puniku,
ana kang melu kasiram.

35. Kang melu kasiram yayi,
sipat Allah ingkang mulya,
kelawan date ing mangko,
lan sipat pitung perkara,
lamun kang wujud tunggal,
nora roro wujud iku,
anging Hyang Jatine Sukma.
36. Dewi Sujinah nauri,
inggih leres dhawuh tuwan,
amung tuwan guruningong,
kawula malih atanya,
prenatane asolat,
inggih kang kawula suwun,
sampurnaa kadi tuwan.
37. **Angling Pandhita Mustakim,**
yayi pernatane solat,
limang perkara kathahe,
iku sejatine tingkah,
ngadeg lungguhe ika,
iya rukuk lawan sujud,
aniyat ingkang sampurna.
38. **Sang Retna umatur aris,**
punapa jatine miyat,
dat ingkang pesthi langgengen,
matur Sang Retna Sujinah,
ngadeg asal punapa,
raja pandhita kang muwus,
angadeg asal dahana.

39. Dudu api kena mati,
dudu api ingkang owah,
dudu api kemasane,
lan dudu api ing kawah,
dudu api king sela,
dudu api saking watu,
dudu api kang kinarya.
40. Dudu api kang nggesengi,
dudu api saking ngarga,
dudu api sabangsane,
lan dudu api angguran,
lan dudu api mukjizat,
sejatine api iku,
aksara alif kang mulya.
41. Ya alif tegese urip,
urip tan kenane pejah,
iku cahya sejatine,
kang padhang aran sirullah,
iku pamejangeng wang,
kang garwa nungkemi suku,
inggih leres karsa tuwan.
42. Wonten atur kula malih,
rukuk tegese punapa,
raja pandhita delinge,
tegese rukuk punika,
yayi manira miyarsa,
iya yayi ariningsun,
mesthi sira sun jarwakna.
43. Rukuk asalipun angin,
dudu angin saking ngarga,
dudu angin pegat mangko,
dudu angin perahara,
lan dudu angin barat,
dudu angin barat lesus,

- dudu angin awang-awang.
44. Dudu angin angatisi,
dudu angin saking ngarga,
angrubaruhaken kekayon,
dudu angin katingalan,
sejatine kang mulya,
nora kandhev siyang dalu,
yen kandhev rusak kang jagad.
45. Amuji raina wengi,
yaiku ingkang sampurna,
lir toya mihi sembahé,
nora pegat sanalika;
yeku jatine napas,
ingaranan Sukma luhur,
kang mesesa ing jagad rat.
46. Napas iku kang rumiyin,
kathahe patang perkara,
napas kaping kalih mangko,
dene ingkang kaping tiga,
tanapas kang rumeksa,
kaping sekawane nupus,
ingkang medal ketegira.
47. Tanapas medal ing kuping,
ingkang medal irung napas,
napas kang miyos cangkeme,
napas putih cahyanira,
rapas kuning cahyanya,
tanapas ijo puniku,
napas ireng cahyanira.
48. Pujine napas puniku,
robbahu robbana ika,
la ilah anpas pujine.
tanapas punjene iya,

la ilah illallah ika,
anenggih pujine nupus,
huwallahu kang sampurna.

49. Kaya paran sira yayi,
iku mas pamanggih ingwang,
Dewi Sujinah ature,
inggih leres dhawuh tuwan,
kawula malih tetanya,
menggah angsalipun sujud,
raja pandhita ngandika.
50. Sujud angsalipun warih,
dudu toya kena asat,
klawan dudu toyat oyot,
dudu toya kali tlaga,
dudu toya ingkang ana,
dudu toya sumber sumur,
dudu rawa lan bengawan.
51. Dudu toya legi pait,
dudu toya deresan,
dudu toya buthek mangko,
dudu toya wedang edang,
dudu toya witwitan,
dudu toya banyu embun,
lan dudu toya mukjizat.
52. Dudu toya owah gingsir,
dudu toya kena rusak,
sejatine toya mangko,
iya yayi rububiyah,
tegese iku nyawa,
nora buthek siyang dalu,
datan samar ing paningal.
53. Sejatine toya yayi,
patang perkara kehira,

mani kang rumiyin mangko,
wadi kaping kalihira,
madi kang kaping tiga,
manikem sekawanipun,
punika asale toya.

54. Kaya parang sira yayi,
yaiku pamanggihingwang,
Dewi Sujinah ature
leres ingkang karsa tuwan,
pundi asale lenggah,
dika wejang alasipun,
Sang Pandhita angandika.
55. Kang lenggah asale bumi,
dudu bumi kena rusak,
dudu bumi kang ginawe,
dudu bumi tambakan,
lan dudu bumi ing gunung,
dudu bumi rug-rugan.
56. Paran karsanira yayi,
yaiku pamejanging wang,
kang garwa alon ature,
sarwi anungkemi pada,
leres dhawuh panduka,
amung tuwan lakiningsun,
lakiku donya akherat.
57. Tuwan kula estu laki,
ngaturaken pejah gesang,
amung dika guruningong,
pinondhong Dewi Sujinah,
dhateng Pandhita Rahmat,
sirahé nuli pinangku,
liniling sarwi winejang.
58. Lah yayi muride malih,

sejatine urip ika,
ruh idlofi kang tegese,
ratune nyawa sedaya,
wenang aran dzatullah,
langgeng pamesesanipun,
pertandha Allah kang mulya.

59. Lah yayi muride malih,
api rohani ing kana,
ingkang mimbuhi ing mangko,
anane kang sinung rasa.
wenang aran sirullah,
kahanane asung imbuh,
tersandhane Rasulullah.
60. Sejatine toya yayi,
iya sira rabinwang,
wong ayu nggen kula ngenger,
rasa kang luwih sampurna,
kang padhang kaelokan.
kang murba kanugrahan gung,
wenang kaaran sirullah.
61. Sejatine bumi yayi,
lah iya roh mani ika.
kaimbuhan iku mangko,
kalbune mukmin baitullah,
kang tan pegat syahadat.
kawasesa marang Yahu,
wenang aran wujudullah.
62. Murade kang asal api,
uripe sodroh punika,
ingkang angin iku mangko,
uripe napas kawula,
kang asal saking toya,
iya uripe pandulu,
langgeng ing paningalira.

63. Uripe kang asal api,
pesthi uripe kang rasa,
kelawan malih uripe,
kang asal api punika,
makbut iku imannya,
lir kumala cahyanipun,
medal ati putih ika.
64. Kang tetep ningalireki,
kang asal angin punika,
ya iman sodroh arane,
lir kaca cahyane ika,
kadi wulan purnama,
metu saking ati dudu
punika dipun waspada.
65. Ingkang asal saking warih,
uripe sodroh punika,
lan iman iku ing mangko,
ing ati fuat punika,
kang asal bumi punika,
iya imane puniku.
hidayatullah uwitnya.
66. Pan endah wernane yayi,
murate api punika,
tan kena owah cahyane,
langsung datan kena owah,
kelawan urip ika,
tan kena owah sireku,
dadine aran lautan.
67. Murade kang aran angin,
iya madhep ing sirullah,
kang kadi lintang cahyane,
gumilang-gilang apadhang,
kadi wulan purnama,
kang asal banyu puniku,

madhep maring rasa mulya.

68. Datan kena owah gingsir,
kang cahya kadi purnama,
ingkang asal api mangko,
kang cahya asri punika,
kang asal banyu ika,
burhanu ingkang kaetung,
madhep marang keblatullah.
69. Muradipun ingkang bumi,
rahman kang katur punika,
wus katur Sang Nata mangko,
Pangerane wong sajagat,
iku mas pemanggih ingwang,
kang garwa nungkemi suku,
pan asru denny karuna.
70. Adhuh lae, gusti laki,
ngengerake donya kerat,
kang asih marang rabine,
amung tuwan guru kula,
napa kawula walesna,
dhateng sampeyan wong bagus,
alaki tiyang sampurna
71. Ana murad yayi malih,
kathahe patang perkara,
wujude kang api mangko,
ingkang dhihin dadi rupa,
lawan jejantung ika,
ing uteg kaping tiganipun,
ping sekawan let-eletan.
72. Utawi murade angin,
punika limang perkara,
wujude asma afngale,
jinem kelawan kang limpa,

- iya ingaranan ika,
dununge pan aneng Peru,
dununge sukma kang mulya.
73. Utawe murade malih,
wruh wujud patang perkara,
iya sungsun otot mangke,
budi iya tunggalira,
kang aran solat awal,
yen wus maksud tinggalipun,
iya gampil solat awal.
74. Takbir usholi maneki,
wruhana ing tatakrama,
lamun ora den gurokne,
salah karsane nala,
nyatane iku wong luhung,
datan kena tinirua.
75. Aja ningali kang wajib,
lampahe den waspadaa,
wektu lelima kathahe,
iya pakone Pangeran,
nyatane Rasulullah,
iya solat limang wektu,
denira sinihan sukma.
76. Karsane ingkang sinelir,
milane denira solat,
anglairaken karsane,
pepak ing panggawenira,
saking wektu lelima,
pamiyarsa lan pandulu,
wektu Dluhur nggone nyata,
77. Patang rekangat punikī,
pamiyarsa kalih ika.
kelawan paningal mangke.

inggih ingkang wektu Ngasar,
patang rekangat ika,
gigire kulawan lambung,
kiwa lawan ngarep pisan.

78. Ping tigane wektu Magrib,
tigang rekangate salam,
nabiullah tersadhone,
gerana kalih lan muka,
wektu Ngisak punika,
sekawan rekangatipun,
anenggih pupu lan asta.
79. Kang salira nabi singgih,
wektu Subuh rong rekangat,
punika kenyataane,
iku roh kekawan jasad,
dene sembayang Ngasar,
kang sukma sarengatipun,
iku madhep ing Hyang Sukma.
80. Aja pegat sira yayi,
anglampahi pakoning Hyang,
pan agung Mahasucine,
limang wektu lampahana,
aja ginawe ora,
iku yayi waleringsun,
iku lampah kang minulya.
81. Ikang garwa asru nangis,
dhuh tuwan guru kawula,
nulya nungkemi padane,
dhuh lakiku wong utama,
dika wayuh sekawan,
pan kawula boten masgul,
kawula ingkang momonga.
82. Nulya anembah Sang Dewi,

bektine dhateng ing raka,
Sang Pandhita ngandika lon,
amung sira rabiningwang,
dene anunggal karsa,
donya akherat sireku,
pesthi nunggal lawan ingwang.

83. Lamun sira anglampahi,
yayi ing pamejang ingwang,
munggah suwarga patine,
yen sira aneng neraka,
kawula ingkang nulunga,
sekabehe ujaringsun,
iku rasane wong tobat.

II. DHANDHANGGULA

1. Wonten kaweruh jenenge urip,
azalullah ingkang winicara,
murtabat pitu warnane,
iya wiwitan ghuyub,
dzat sumekta kawruhireki,
tur wani kenyataan,
napi jatinipun,
mapan dereng mawi karsa,
murtabate ahadiyah amiwiti.
aran syarikul ngalam.
2. Aksara kaf ingkang amiwiti,
ahadiyah dununge ing ela,
mapan mapat kehe mangko,
kang dhihin mawi maslup,
ping kalih engaranan takhil,
ping tiga tasbeh ika,
ingkang pat dat iku,
tegese maslup tan ana,
nora rupa nora warna nora jisim,
jisime warna-warna.
3. Tegesira wau ingkang takhil,
tan wiwitan lan ora wekasan,
pan tan had iku tegese.
Maha Suci Maha Agung,
datan ana ingkang madhani,
nanging Allah kang nunggal,
tan roro tetelu,
tan ana Pangeran liyan,
anging Allah kang sinembah kang pinuji,
kang asih ing kawula.
4. Pan murtabat ingkang kaping kalih,
jeneng sipat ingkang winicara,
bakal eroh ing semune,

ingkang dadi karuhun,
jeneng roh ingkang dadi dhingin,
ingaranan wujud hak,
duk kala nuripun,
jejuluk Muhamadiyah,
wujud ngelmu nur syuhut pangrawuh jati,
pamanggihku ngger Rara.

5. Pan Allahku ingkang anduweni,
martabate wahdat nakirah,
Pangeran kang akeh-akeh,
pan napi jatinipun,
datan ana Pangeran malih,
anging Allah kang tunggal,
tunggal wujudipun,
wujudipun ingkang tunggal,
wujud tunggal iku wujude kang urip,
kang dadi kenyataan.
6. Pan illalah isbat kang sejati,
martabate marang wahadiyat,
wujud mutlak iku rane,
pan napi jatinipun,
angrawuhi sawiji-wiji,
aran klimah kang mulya,
aran klimah luhur,
aran kalimah syahadat,
syahadate marang kawruh mring Hyang Widi,
ngawruhi dhewekira.
7. Jatine syahadat kalih yayi,
Kalimahe kang jeneng Muhammad,
dadi roro kalimahe,
kalimah kang karuhun,
ameruhi marang Hyang Widi,
ingkang akarya jagat,
kaping kalihipun,

angawruhi ya Muhammad,
yen panutan kekasihira Hyang Widi,
kang den aku rasa mulya.

8. Ngalam arwah wiwitane hakiki,
wujud nora ya jenenge afngal,
kodrat kuwasa sipate,
ingkang dadi karuhun,
jenenging dzat kang dadi dhingin,
dzate Nabi Muhammad,
dzate ingkang agung,
punika nenggih kan rasa,
kang den aku gegentine ing Hyang Widi,
ingkang awujud tunggal.
9. Pundi Muhammad ingkang hakiki,
kawruhana kang dipun pertela,
idhep pisah lan kumpule.
jeneng Muhammad tuhu,
iya roh ingkang den arani,
iya jeneng Muhammad,
ya kedadeyan nur.
yogya sami ngawruhana,
kang hakiki klawan ingkang majazi,
aja sira pepeka.
10. Ngalam misah murtabat winarni,
wujud ngadam bakal dadi jasad,
pan qohar iku sipate,
pangucap lan pangambu,
pamiyarsa lawan ningali.
dereng dadi sedaya,
iku bakalipun,
kontha werna ambu rasa,
kontha cangkem werna mata rasa kuping,
pangambu mapan grana.
11. Ngalam ajsam pepak apes neki,

badan alus punika sedaya,
tan ana katuwongane,
pan sama sipatipun,
iya nyata jenenge jisim,
pepak aran idhofat,
iku maksih ghuyub,
dereng dadi wujudira,
barang dadi jejuluk insan kamil,
ingaran Rasulullah.

12. Sipatira nenggih aningali.
wujudipun kang aran mumkinah,
iya iku ing wujude,
pan ya murtabatipun.
sampun atan donya ngawruhi,
masalah ing murtabat,
iku kajatipun,
wajib sami ngawruhana,
yekti kafir lamun ora ngaweruhi,
durung wruh mring syahadat.
13. Murtabate sami dzat kang dhingin.
mutawilah jenenge syahadat,
ngaweruhi ing dheweke,
lan mutasitah iku,
ingařan syahadat ping kalih,
lawan mutaahirah.
syahadat ping telu,
mutasithah ya tegesnya,
kenyataan sipate ngawruhi dhiri,
atasing dhewekira.
14. Tegesira mutaahirah singgih.
angawruhi anane Pangeran,
mapan nyata ing kumpule,
iya jenenge Rasul.
pan den aku rasa sejati.

ingaken rasa tunggal,
kang den aku wujud,
dadine aneng kalimah,
kanugrahan iya saking ing Hyang Widi,
kang anut mring Rasulullah.

15. Rukunipun syahadat kang wajib,
kathahipun sekawan perkara,
tasdiq takdhim hilawate,
hurmat sekawanipun,
tegesira ingkang rumiyin,
tasdiq angestokena,
Pangeran kang agung,
atawa tegese hurmat,
amemule asile marang Hyang Widi.
16. Pan hilawat tegese mor-mori,
mring panutan Jeng Nabi Muhammad,
aja ngroro Pangerane,
klawan kang takdhim iku,
ngegungaken marang Hyang Widi,
ingkang akarya jagat,
Pangeran kang agung,
tan ana Pangeran liyan;
anging Allah kang sinembah kang pinuji,
kang tunggal ananira.

III. DURMA

1. Wringin sungsang wayahipun tumaruna,
luhuripun ginupit,
pangere sanunggal,
tambine pan sekawan,
pupuse iku sawiji,
pange sekawan.
wohe retna di luwih.
2. Kulitira kang waringin pan kencana,
daginge kumala adi,
otote sesotya,
balungipun pan tiga,
sungsume mutyara adi,
uripe ika,
iya wujud kang pesthi.
3. Poma kaki santeri den perayitna,
panjere kang waringin,
apa aranira,
miwah tambine pisan,
apa aranipun kaki,
yen tan weruha.
4. Lan malihe ingkang tengah kawruhana,
lelima ingkang peksi,
iku kawruhana,
aja sira pepeka,
wastane amung sawiji.
lamun tan wikan.
angur sira ja ngaji.
5. Pajeripun ingkang ringin winestanan,
peksi Dzat kang mulya jati,
kang ngapit sekawan,
sami peksi sedaya,
wonten dene kang rumiyin,

iya wastanira,
peksine Qohar Halqi.

6. Kaping kalih peksi ingkang Jalal Halqa,
ping tiga Jumadul Halqi,
wus pepak sedaya,
nunten kang tengah ika,
nunten ingkang tengah malih,
peksi lelima,
neng tengah kang waringin.
7. Ingaranan peksi Barjaha Ulam,
sekawan ingkang ngapit,
peksi winastanan,
arane Bakar Ahad,
nuli peksi Ngumar Sani,
Ngusman Salasa,
Ali Arba' kang peksi.
8. Pupusipun kang waringin winestanan,
peksi Ngajbi Danbi,
tur jaya perkosa,
epangira sekawan,
ngaranan peksi Jalali,
saweneh ika,
Jalaliyah kang peksi.
9. Jalaliyah ingkang peksi ingaranan,
iku kawruhana kaki,
lawan wohe pisan,
yaiku kawruhana,
ingaranan Makdum adi,
lah dipun waspada,
margane sira mati.
10. Yen wus awas ing kayu **waringin sungsang**,
dadi manusa linuwih,
poma sira sirkakna,

wadag alus punika,
pupusen dipun patitis,
lamun tan bisa,
guru pandhita linuwih.

11. Lan margane takona sira yen pejah,
apa metu ing kuping,
apa metu netra,
apa metu gerana,
apa ngisor dalan kalih,
jembar sedaya,
endi margane kaki.
12. Neng pupuse ing kayu waringin sungsang,
margane yen sira mati,
iku estokena,
poma dipun prayitna,
yen tan weruh sira kaki,
temahan sasar,
tuhu yen mati kafir.
13. Lan dununge pati iku kawruhana,
endi nggone kang mati,
donya nora nana,
yen datan weruh sira,
datan weruh sira kaki,
age lungaa,
agurua pandhita kang luwih.
14. Pan neng donya dununge wong kang kesasar,
miwah ngalam kang akir,
dununge wong kopar,
lah ing ngendi ta baya,
benjang sira lamun mati,
yen tan weruha,
temahan mati kafir.
15. Ana dene dununge pati sampurna,

ing ngalam antara neki,
iku pan drung ana,
arane ngalam antara,
ing tengah kayu waringin,
iku dunungnya.
yaiku swarga suci.

16. Yen wus awas ing wejange gurunira,
sira manjinga jeladri,
aja nolih sira,
donya lawan kabenak,
nora nana wejang astadi,
pesthi yen seja,
wong teman ing guru kaki.
17. Aja wedi sira kaki kang niskara,
tapaa limang perkawis,
iku labuhana,
poma dipun sujana,
aja wedi lara pati,
iya iku rasa,
rasane pait gendhis.

IV. DHANDHANGGULA

1. Ingsun iki amurwa ing kawi,
ujarira ambabar wecana,
lagi metu selawase,
tuhu nora kawengku,
baya iku ujar linuwih,
dhateng kang asung warta,
den weruh ing sendhu,
tanpa ilang hake sastra,
sawuse bisa weruh jenenge alip,
wekasan nora weka.
2. Kang dedalan alip tanpa nisih,
asih iku ya panunggalira,
nora roro ing asihe,
akeh ujar kawetu,
raganira nora den liling,
nuqad gaib punika,
sastra kabeh iku,
panrimane ing sarira,
kaweruhana iku jenenge alip,
nuqad uripe raga.
3. Ingkang alip badan roh idlofi,
kanugrahan iku aranira,
dadia iku karone,
ya alip datan neptu,
mapan ana ingkang momori,
jeneng alip idlofat,
sadurunge iku,
kang jagad dumadi ika,
pan wus ana alip kang kinarya genti,
alip kahanane dat.
4. Alip nunggal kang wujud idlofi,
tunggal rasa polahira tunggal,
dene alip iku mangke,

wujud kang agung tuhu,
mapan tunggal anane alip,
iku jatine pisan,
lah unine iku,
jabar alip Allah ika,
Allah kabeh ujare kang Mahasukci,
apaese Hyang Sukma.

5. Jabar Allah unine puniki,
ingkang jabar sipate Pangeran,
kang paes pernah anane,
tan ana karonipun,
ujar iku kelangkung rungsid,
dudu bangsa rerasan,
ananging puniku,
asyahadu iya ika,
alhamdune usoline kang dumeling,
iku jeneng nugrahan.
6. Ingkang jeneng neptu iku alip,
alip bete sekathahe sastra,
nuqad gaib ya arane,
ya jeneng naptu iku,
sastra tigang dasa kalih,
kaliling jiwa raga,
sastra kabeh iku,
ingkang tumrap ing sarira,
kanugrahan jenenge ingkang sejati,
arane iku nuqad.
7. Nuqad gaib ya ingkang linuwih,
iya dening sastra kabeh ika,
aja kasariran bae,
nora nana kaetung,
kang jumeneng nenggih kang nulis,
saking amindhya warna,
anane tan wewangun,

wewangun sastra ika,
rupa iku kaya rupa iki sungging,
tan antara wus tuwa.

8. Kang dedora alip iku singgih,
kang lelima pawowore sastra,
lelima kenyataane,
wajah niyat puniku,
iman iku syarengat singgih,
lelima tunggalira,
sejatine iku,
mapan ing sadrah punika,
nyatanipun satengah kelawan gusti,
sapolahe sarira.
9. Tegesira kang mati puniki,
tingal tunggal sejatine sadrah,
dununge tingal jatine,
tingal dzat Allah iku,
kepanjungan ingkang rumiyin,
wajah pan durung dadia,
dzat mutlak puniku,
nunggal tingal sejatinya,
ponang sadrah puniku durung dadi,
duk durung ana jagat.
10. Tegesira kang wajah puniki,
nuqad ghaib sadurunge pisan,
sirullah dadi apine,
wajah iku rohipun,
wajah iku kahanan jati,
tunggal kahananira,
upamane iku,
nora kadunung ing arga,
rerahine iku dzat kang mutlak singgih,
wujud kahanira.
11. Mapan iya niyat puniki,

iya alip jenenge tunggal,
Adam Hawa pakumpule,
Adam jenenge ngelmu,
Hawa iku maklumat singgih,
kumpule Adam lan Hawa,
rasa jenengipun,
sipat hamal ingkang tunggal,
wiyosipun iya niyat kang sejati,
iya iku sedyanira.

12. Ingkang iman sejati puniki,
rasa tunggal kahanane tunggal,
tan ana Pangeran roro,
akembulan rasa iku,
tunggalira anane jati,
anane kang sanyata,
tan bareng tan kantun,
nora ngadam ananira,
ing jenenge nora nana iku singgih,
yeku jatine tunggal.
13. Tegese syarengat puniki,
ghaibullah ing kahananira,
angalela ing dheweke,
iya sarira iku,
Jabarail iku tan keri,
Muhammad datan antara,
kekasihe iku,
tunggal asma jatinira,
yen sumekta aran Allah iku singgih,
iku kahanane dzat.
14. Ananing Hyang andadekken singgih,
johar awal sesotiya mulya,
ing paningal iku kabeh,
kang aran kandil iku,
dadi sira miyarsi singgih,

**sabdane Hyang mangkana,
nabda kun fayakun,
ngeratoni kahananira,
mangka iku iya wewadhahe singgih,
kandil kahananira.**

15. Cahya iku metu roh kang suci,
metu kohar iya kang kalimah,
metu udani anane,
mapan cahya puniku,
cahyane dzat kalam lan budi,
sejatine mapan tunggal,
tunggal jatinipun,
atunggal reke kang cahya,
kahanane kang cahya kang luwih-luwih,
ya pengawak syahadat.
16. Tegesira syarengat puniku,
sumektane ingkang alip ika,
jabar paes lawan jere,
iya roh suci iku,
nggone roh ingkang aurip,
nyatane sipat ika,
tunggal sipatipun,
ananira urip tunggal,
tunggal urip mapan pawowore urip,
urip pesthi pekerana.
17. Pan cinriyos kalam ingkang urip,
biraine nggennya tan kaetang,
karep iku biraine,
ingsun sira tan ingsun,
tunggal ingsun lan sira iki,
nora beda lan sira,
tunggal asmaningsun,
lan anane Rasulullah,
iya iku kang tunggal ing aran singgih,

- iku karsane Sukma.**
18. **Yen abudi kang alip puniki,**
datan nyata pakone Hyang Sukma,
iya gene sapolahé,
tunggal polahé iku,
tunggalira polahé jati,
tan eneng raganira,
ancasing polahipun,
tan kejero tan kejaba,
kawimbuhan anane polahé jati,
anane enggonana.
19. **Kabeh iku cahya kang sejati,**
iku cahya nggone nyata ika,
lah iku tunggal jatine,
cahya iku jatinipun,
pat kahanan tunggal sejati,
turune ponang cahya,
kadi kang tumurun,
kinarsakken ananira,
kang tumetes cahyane ana puniki,
iku aran nurbuwat.
20. **Duk tumurun kang cahya puniki,**
duk amanggih kang bolong belaka,
suka salbiyah jatine,
lawan rasa pulang yun,
awor jiwa lan raga singgih,
jiwa pan jiwaniira,
tunggal lan jiwaniipun,
anglela ing dhewekira,
yen dumeling kraton tan amor-amori,
salbiyah jatinira.
21. **Sadurunge kang cahya rumiyin,**
saking dalam nuqad ghaib ika,
aran mad iku kuncine,

nuqad ghaib sireku,
sadurunge ana birai,
iku asale purba,
raga pulang kayun,
dzatullah sampun kawengka,
lah awora ingkang Mahasuci nenggih,
nuqad ghaib punika.

22. Apan sampun tumurun puniki,
saking cahya kang medal punika,
wus aran iku jatine,
kang aran nuqad iku,
tumurune tetiga singgih,
yayah rena raganira,
lan Pangeran iku,
pulang kayun jrone nuqad,
siji kabeh ingaranan banyu urip,
maring roh jatinira.
23. Sampun medal sawedale kaki,
pan rupane kawuryan punika,
kawewesa penggawene,
Allah kahananipun,
kang den aku penglawane sih,
angaku wewayangan,
utusan puniku,
dhateng sakehe manungsa,
kinen nebut iya kahanan jati,
tan ana lampah sirna.
24. Patang puluh dina ling-aling,
apan ora ing mangke punika,
niskara.iku pesthine,
duk sakepel puniku,
wus pinesthi ala lan becik,
sebarang ananira,
ing badan sedarum,

bilahi beja lan dosa,
duk sakepel sastra kabeh iku singgih,
nggone mesti takdirullah.

25. Apan satus lan patlikur ari,
insan kamil reke jenengira,
dening Jemngah ing dinane,
Allohu Akbar iku,
ingaranan sebut tumeling,
jumeneng ing Jemngah,
insan kamil iku,
lah sampurnane ing Jemngah,
insan kamil punika arane singgih,
campuhe ingkang cahya.
26. Apan darbe kang netra kekalih,
duwe grana datan amiyarsa,
napas metu ing irunge,
gawene nyatanipun,
duk jumeneng ratu puniki,
ratu purba wasesa,
anglela puniku,
keraton ing dhewekira,
ing kedhung puniku kang den arani,
insan iku badan sukma.
27. Ingaranan Nabiyullah singgih,
satus dina lan patlikur dina,
ingutus dhateng rewange,
ingunggahaken sampun,
turna nora angaken singgih,
punika sampun ngalela,
ing basa lan semu,
den utus ing dhewekira,
tanpa rowang sinungan rowang kekalih,
tan semune ing sira.
28. Sumektane reke kang puniki,

pan tumindak sejatine asma,
kang aran wali jatine,
nora tinemu-temu,
tan wuninga tandhaneki,
nora wikan arannya,
duk wedale ika,
ingaranan nurbuat,
sawedale binekta tangi lan urip,
dene tan uman papan.

29. Wus diwasa ing mangke puniki,
pan kaduta ing wau punika,
sinung tingal ing tandhane,
iku mukmin jenengipun,
sinung mulat ing tandhaneki,
ruwah ing purba wasesa,
nunggeng Pangeran iku,
kang murbeng jagat punika,
tingal kabeh iku pakaryane dasih,
kang ngaken kenyataan.
30. Nabi wali kelawan kang mukmin,
miyah mangke Pangeranira,
tandhane Allah jatine,
Jabarail sira iku,
nora genti lan ana malih,
Ngizrail ing nyatanira,
Mikail puniku,
Israfil wong sanakira,
papat iku aja sira walang ati,
tembe eneng ngayunan.
31. Ing akherat ing wong mangke puniki,
miyah benjang kelawan ing kuna,
tan ana beda-bedane,
ingaranan dina iku,
pitung dina puniku singgih,

jatine dina Ahad,
lan Isnen puniku,
Selasa Rebo punika,
kawruhana punika sampun pinesthi,
yayah lan arinira.

32. Rebo iku kaki pamujining,
Kemis iku kawruhana,
Jemngah iku pakumpule,
Sabtu iku turunipun,
ana maneh ingkang mor-mori,
nuqad jatinira,
duk dina puniku,
wedale kahananira,
ing Sabtune wedale puniku singgih,
padha sira brantaa.

V. ASMARADAHANA

1. **Sedhenge purnama sidi,
padhang bulan gegencaran,
cahyane wulan sumorot,
lelimburane perawan,
Respati jantra anyar,
sami anyar kisinipun,
kalindhen anyar pinasang.**
2. **Lekas ngantih prawan sunthi,
bantale sanggabuwana,
tuhu Respati klindhen,
dilajuk iman tan owah,
kelire pepakan lampah,
unthele pepake laku,
ubenge pujine lampah.**
3. **Kekupinge pamiyarsi,
dek-adek pikuhuhira,
panjere tingal kisine,
kapase purwane ana,
anggelar pagilingan,
bethut minangka pemut,
kenthenge pan nora samar.**
4. **Musoni gelare budi,
amor gilaping kang cahya,
ingkang minangka bersihe,
pidekan ujar suwara,
kebluken ujar suwara,
ginulang muhimalipun,
iku duga prayoga.**
5. **Tan beda sudama aji,
tetaline kodratullah,
mijil saking saanane,
pusuhe pangambu rasa,**

sendhete tobat tilawat,
telale pandudut kawruh,
anggere panugel tekad.

6. Pecaten wekasan urip,
likasan tata syarengat,
kandhev milang rakangate,
syahadat kaping sapisan,
yen sampun kalebona,
tukelen wangsite ngelmu,
tenunen takbir kang mulya.
7. Godhokena banyu urip,
geni murup ing dzat mutlak,
manah selamet kayune,
urube puji kang samar,
yen sampun mateng ing tekad,
entasen babar puniku,
giraben ati kang ikhlas.
8. Kebuten dipun patitis,
kepeLEN pemute badan,
peresen nrima badane,
aja pegat tingalira,
dhateng kang Murbeng Gesang,
sekulen wekasan laku,
ngelmu sabar lan tawekat.
9. Tengere senene budi,
keriken sucine badan,
ngilangaken sesukere,
datan arsa kawoworan,
wau kang neng salira,
raga kibelat puniku,
puji tan pegat ubengnya.
10. Amane penata agami,
pan iku dipun prayitna,

den awas selane enggon,
punika wiyo se lampah,
den sami ngaweruhana,
den nyamana aja kleru,
mangsa dadi tenunan.

11. Kawruhana slamineki,
panyukat semu graita,
sampun sinekulon mangko,
mapan sarwi linekasan,
suryane surupe tingal,
angeleb nyebar kaweruh,
pan cegah sampurna gumlar.
12. Tenunen pagulung ati,
pan jagat gelare lampah,
tan owah gingsir tampare,
pujinipun karya tambangan,
apite andheke lampah,
sumbine cukupe laku,
loroge ngapesken raga.
13. Wus lekas ngadan-adani,
sang ayu Retna Satitah,
teropong panarimane,
galigi pacucuk lampah,
cecelepan toya gesang,
wakira pamidih ngelmu,
senteke panetek iman.
14. Pakane kang asung warti,
gelondhong derma punika,
pan luwih bobote dhewe,
cacange dadine lampah,
kang pegat sinambungan,
nigas panugel kaweruh,
kang tan patut den cegaha.

15. Tenunane lara sunthi,
sentek pisan tiningasan,
duk tanggal pisan ta mangke,
bareng sidik lan purnama,
bareng bakdane solat,
anuju Sabtu ing dalu,
anuju Sabtu raina.
16. Nyatane perawan sunthi,
anake sampun gumerah,
tur waruju pembarepe,
wong lupuh ngideri jagat,
wong wuta tuduh marga,
amrengut dadi lan patut,
lumrah priyayi nom-noman.

VI. SINOM

1. Lah genti bâthiken pisan,
tenunane wus nigasi,
nanging sampun tular pola,
tandhane pawestri luwih,
tan ana jagat neki,
sarta dhasaripun alus,
liline toya pethak,
Iacengipun sawatawis,
canthingira panimbukan pan wus ana.
2. Nanging sun werta ing sira,
perkarane wong ambathik,
sayektine kawesesa,
pawartaningsun puniki,
sejatine wong ambathik,
dhasaripun ingkang alus,
yekti perawan indah,
apantes kang ponang tulis,
marmanipun muliya marang kang dhasar.
3. Anging ta jatine uga,
ayun sumektane ugi,
dhasare luwih utama,
tinulis kang luwih adi,
malamipun dhasar putih,
wedelane dhasar bagus.
tan ana winaonan,
dhasaripun luwih becik,
ya mangkono ujaringsun marang sira.
4. Apan kena den pesthekna,
yen ambabar iku becik,
ing kenane den prayitna,
aja tekabur ing budi,
nguyub ing rilaneki,
iku sesikune laku,

mapan dudu **kawula**,
riya kibir kang nduweni,
lah ta payo bathik iku lekasana.

5. Anuju dina utama,
Sang Ayu nglekasi bathik,
gawangane dhasar jembar,
wajane semune kandhil,
malamira sejati,
manikem lelancengipun,
canthinge kalamullah,
dhasare alus tur luwih,
polanira kang aran akyan sabitah.
6. Kinarya kenceng sirullah,
there geni roh idlofi,
kukusipun ya sirullah,
kerenipun ngalam dlohir,
supite datan gingsir,
pandamune manah terus,
atas kiwa kang atunggal,
ing lahir kelawan batin,
katingalan wewayangan ing dzatullah.
7. Sederenge punika iya,
tiba papan lawan tulis,
kang papan sampun rineka,
ing jero bangsane ati,
datan sulaya ing wuri,
ing lahir ing batinipun,
kapetha ing polanira,
ngengrengan anut ing warni,
terus ana ing manah ingkang sampurna.
8. Wedelan ing ngalam arwah,
dimene amilih warni,
sirepen luwamah ika,
dimekne tumakniyati,

sumampir ing Hyang Widi,
apa karsane Hyang Agung,
narimaa ing satitah,
lampahana manjing mijil,
datan ana wekasane awakira.

9. Dene benjang sinekuluan,
sedhenge bebiru neki,
yen sira katrepnan soga,
sampun gerjita ing ati,
poma lampahana kaki,
kinarya abang abiru,
ya wus lampahe kawula,
samarganira wus prapti,
bokmanawa linorob sesukerira.
10. Den becik ing atinira,
neraka wedang wus dadi,
umobe amuncar-muncar,
dinulu langkung ngajrihi,
leresena tumuli,
nanging sampun dangu-dangu,
nganggoa sawetara,
sira ngarepaken pati,
sakirane kangee marang satriya.
11. Linebokaken neraka,
ing purwane iku Nini,
ingsun pan ora kaduga,
kaelokané linuwih,
dene teka ambalik,
angurangi kang rumuhun,
ing mangke dadi pethak,
bebirune pan dumeling,
wedelane aja sumelang wus tuwa.
12. Anglir gambar wewangunan,
wadene Rahaden Dewi,

den isis eneng sampiran,
kasmaran ingkang ningali,
sakehe mantri angawis,
wadene Rahaden Ayu,
pira regane baya,
Sang Juwita anauri,
nora suka tinumbas emas welaka.

13. Pan nyata tulis utama,
kampuhe Rahaden Dewi,
dene tulis bisa ngucap,
bisa mesem aningali,
tuhu ambelerengi,
tulisane Rahaden Ayu,
nyata endah utama,
dinulu kang tuhu adi,
tetulisan dene bisa gegendhingan.
14. Yen sira temen akarsa,
tuku ing wade puniki,
tukunen sabar derana,
lawan asih kang sejati,
lawan sapindhahe malih,
lan jawaben soalingsun,
ingkang patang perkara,
Mantri utama nauri,
lah payo wedalena soalira.
15. Ingsun sanggup anjawaba,
patakongan sira yayi,
Sang Retna Juwita ngucap,
den age ujarmu **mantri**,
kang pada sapihan **neki**,
aja melencong ing sanggup,
den sami ujara pisan,
nggenira ujar mestani,
lah jawaben sekehe soal manira.

16. Kathah pundi tiyang Islam,
kelawan ing tiyang kafir,
lan kathah pundi wong lanang,
kelawan tiyang pawestri,
lawan sapindhahe malih,
iya kaping tiganipun,
kathah pundi wong-wong gesang,
kelawan tiyang kang mati,
lan malihe apa ingkang luwih awrat.
17. Luwih awrat saking jagat,
luwih abot saking wesi,
klawan kalbune manungsa,
kang ala lawan kang becik,
punika kathah pundi,
kalbune manungsa iku,
lawan malih punapa,
luwih adhem saking warih,
luwih landhep tinimbang saking beraja.
18. Luwih luhur ing ngawiyat,
luwih peteng saking wengi,
luwih pandhang ing raina,
luwih lancip saking eri,
luwih amba ing jeladri,
ingkang murub luwih daru,
gumebyar katon ika,
punika rupa ngarseki,
randhu wana merambat pare uwitnya.
19. Lah mara jawaben enggal,
Mantri utama nauri,
wong kafir lawan wong Islam,
pesthine kathah wong kafir,
sanadyan wong mukmin,
pernatane wong puniku,
nora kaprah wong kathah,

pernatane wong puniku,
marmanipun punapa kathah wong kopar.

20. Kang luhur luwih ngawiyat,
iku atine wong mukmin,
kang padhang luwih raina,
atine wong sugih ngelmi,
kang peteng luwih wengi,
atine wong mudha punggung,
luwih atos saking sela,
atine wong kapir musyrik,
ingkang adhem angluwihi saking toya.

21. Iku atine pandhita,
wong lanang lawan pawestri,
pesthine akeh wong lanang,
ingkang landhep angluwihi,
maring beraja nenggih,
nalare wong kang ngakal iku,
kados pundi Sang Retna,
napa leres jawab mami,
inggih leres peksi dhandhang njaluk wedang.

VII. DHANDHANGGULA

1. Angandika Nabi kang sinelir,
napas iku kang ana ing badan,
anenggih nenem kathahe,
sawiji ingkang metu,
saking gerana kalih iki,
jabane sebuté Allah,
liyepipun yahu,
iku kahanane ayat,
ya Muhammad iku kahanane pati,
napas arane ika.
2. Kaping kalih napas iku mijil
saking cahya kang napas punika,
pan padha napas arane,
napas kang kaping telu,
iku saking jroning wak mami,
yeku arane sukma,
nanging slira wau,
padha sira kawruhana,
jaba jero mapan sami den kawruhi,
kang aran napas ika.
3. Kaping pate napasira kaki,
ingkang mijil saking ati ika,
lailah iku pujine,
lawan illallah iku,
iya napas westane singgih,
napas kang kaping lima,
meneng nora metu,
ana ing ati kewala,
iya napas westane puniku kaki,
iku kahanan tunggal.
4. Napas iku mijil netra kalih,
ingaranan yaiku Muhammad,
napas pangucap tegese,

kahanane Hyang Agung,
Allah pujine singgih,
tetep jerone Allah,
jabane puniku,
napas iku tunggal napas,
iku yogya ngawruhana kaki,
seratine napasira.

5. Lamun sira nora ngaweruhi,
ingkang jaba jero kabeh ika,
lir sato kewan kawruhe,
pesthi suwung puniku,
paningale maring Hyang Widi,
tan ana jenengira,
sira arsa luhung,
kang jaba jero punika,
dipun nyata lawan panejane kaki,
lan seratine pisan.
6. Keratone kang napas puniki,
iya jaba jerone punika,
tan ana beda-bedane,
yen ngeten napas iku,
Abu Jalal kang den sejani,
yen ngidul Abu Jamal,
yen ngulon puniku,
aseja maring Abu Kahar,
yen ngalor Abu Hamal den sejani,
yen menengah roh Allah.
7. Sejatine napasira kaki,
sirnanira kahanane sukma,
lir toya kalebu lenge,
yekti tetep puniku,
ya ing Allah puniku singgih,
napas puniku sukma,
tan werna rupeku,

- nora rupa nora werna,
napas iku tanowah tanapi gingsir.
Ian ora kena pejah.
8. Penget kula nenggih kang anulis,
mugi-mugi den sami prayitna.
kang seser mubeng galihe,
sampun kantos kaburu,
ing murade layang puniki.
pesthi wajib nggurua,
mring wong ngalim ngelmu,
tur kang wasis ngelmu rasa,
kang waskitha ing tekat kang sejati,
dumunung aneng sira.
 9. Ngandikane Ingkang Mahasuci,
ya Muhammad ingsun ingkang murba,
napasira sejatine,
ingsun gawe pakukuh,
analeni mring sira iki,
tan iningsun maring sira,
jatine puniku,
ingere napasira.
iya nebut maring sira iki,
amujia mring Allah.
 10. Sajeronen napasira yekti,
iya iku kasucionira,
Muhammad mring ingsun mangke,
sukma urip sucinipun,
maring sira iku nur kalih,
sukma rasane Allah,
tan na wernanipun,
nur rupa nur pernah,
nora arah sukmene badan sekalir,
sumrambah jrone driya.
 11. Pan jerone sejatine iki,

pan iya hu tegese punika,
iya Allah sejatine,
iya Allah kang setuhu,
sejatinireku Hyang Widi,
uripe dhewekira,
suci mahaluhur,
tan roro Allah Muhammad,
pesthi iku den aku wujud satunggil,
Allah swiji Muhammad.

12. Ponang napas sejatine iki,
cahyanira Muhammad punika,
rasane Allah jatine,
rasa kerasa puniku,
sejatine Allah kang suci,
tegese ingkang napas,
ing batin puniku,
sukmane urip sadaya,
napas iku kasuciyane Hyang Widi,
dipun sami nggraita.
13. Ing panemu nyawa iku rabi,
mring ki badan den sami wuninga,
badan iku gegawene,
sawiji lan tetelu,
kañg rumuhun wadhahe sawiji,
kaping kalih punika,
panemune iku,
kaping tiga tanpa polah,
kaping pate badan gegawene singgih,
pan rusak bubuhannya.
14. Gegawene ponang nyawa rabi,
amung papat kang rumuhun ika,
badan ana pepikire,
dene ping kalihipun,
badan duwe pangrasa lungit,

kaping tiga punika,
nenggih badan iku,
duwe budi akayangan,
kaping pate badan kesandhungan urip,
nugrahan tekunira.

15. Bubuhane Pangeran sejati,
amung papat kang dhihin punika,
badan ana pangucape,
dene padha kalihipun,
badan bisa miyarsi singgih,
kaping tiga punika,
badan bisa ndulu,
anenggih ping caturira,
milanipun kang badan ngerasa singgih,
ala becik ngerasan.
16. Panggonane masjid angerawit,
pangulune sukma mahamulya,
wus dadi ingkang ginawe,
jumeneng sipatipun/
nulya wujud manungsa singgih,
iya karsane Allah,
sarta ingkang alus,
warnane ingkang kinarya,
ya tingkahe ya Allah ingkang sejati,
tan liyan kang karyaa.
17. Kasektene nyawa ingkang batin,
kahanane badan kang apukah,
ki badan kenyataane,
pilih jalma kang weruh,
iya mring ingkang sejati,
tingkah polah prayoga,
ing Pangeranipun,
tan weruh yen pinolahna,
sapolahé nyawa ingkang anduwéni,

kenyataan badanira.

18. Selawase pepak apesagi,
sipatipun jenenge manungsa,
patang perkara duweke,
suka lan duka iku,
lara pati kagunganeki,
wus padha anarima,
tinarima iku,
nyai badan kaki badan,
amemule mring pasédanira kaki,
dipun anut mring suwarga.
19. Wong lanang yen arep rabi,
amrih apa lan wong wadon ika,
alaki apa karepe,
karepe wong wadon iku,
iku sinungan pangat neki,
dhateng ing kakungira,
ing jro layar iku,
yen wong wadon gawe rupa,
yen wong lanang agawe rupa sejati,
pan sampun sinahidan.
20. Sahid iku den sami udani,
miwah mangke wau seksinira,
seksi anekseni mangke,
seksi sineksinan iku,
bapa lahirnya tegeseki,
ingkang sineksen ika,
aja biyangipun,
biyang ingkang lair ika,
anekseni ing biyang batin puniki.
ngluwari jagat mulya.
21. Lahiripun bapa ingkang batin,
pan tegese bapa batin ika,
aja ora weruh mangke,

lan biyang batin puniku,
lamun sira nora ngawruhi,
iya ingkang amurba,
ing jagat puniku,
yen lamun nora weruha,
nggegurua ngulama kang wus ngalim,
sanget denira kasmaran.

VIII. ASMARADANA.

1. Lamun sira nembah muji,
pujine katur ing sapa,
lamun katur Pangerane,
mapan nora werna rupa,
lamun nora katura,
tanpa gawe sembahipun,
angur aja amujia.
2. Lamun ngaturaken puji,
maring Allah sumentana,
apan dudu sepadhane,
Allah kang mesesanira,
kang murba maring sira,
den weruh kawitanipun,
kang nembah lan kang sinembah.
3. Puji sapa kang nduwensi,
pan puji pujine Allah,
kawula nora aduwe,
lawase nora kuwasa,
iku pakaryanira,
miwah badane sakojur,
iya Allah kang amurba.
4. Endi kang arane puji,
tegese puji punika,
kanugrahan sawijine,
kang tumiba mring kawula,
iya urip tegesnya,
mangkana murade kawruh,
pan urip uripe sapa.
5. Lamun uripe Hyang Widi,
pan urip tan nganggo nyawa,
tegese ta nyawa mangke,
kang tumiba ing kawula

lan malih tegesira,
iya kang nyawa puniku,
iya uripe manungsa.

6. Iya tegesipun urip,
wong padha anom weruha,
den becik panerimane,
angel jenenge panrima,
tegese urip punika,
titipan ingkang tetelu,
iman tauhid lan makrifat.
7. Lamun ora anduweni,
titipan tigang perkara,
iman tauhid makrivate,
ingaranan sato kewan,
milane dipun waspada,
iman lawan tauhid iku,
kelawan jeneng makrifat.
8. Tegese iman lan tauhid,
kang iman pangestunira,
ngestokaken Pangerane,
ajejuluk Ingkang Esa,
datan wonten kang liyan,
tan ana roro tetelu,
anging Allah ingkang tunggal.
9. Pundi ingkang aran tauhid,
mapan sejatine tunggal,
pangleburan ing rorone,
Gusti kelawan kawula,
yen tunggal kaya ngapa,
yen bedaa bedanipun,
mapan ora kena pisah.
10. Selamet donya ngawruhi,
tegese tauhid punika,

tunggal lawan kawulane,
pan kawula nora nana,
iya jeneng kawula,
sejatine iku suwung,
tan polah tanpa tingkah.

11. Kature sembah lan puji,
pan katur ing dhewekira,
dheweke Allah jatine,
tan ana sembah tinembah,
iya ingaranan edat,
iya kang wajibul wujud,
sejatine ingkang ana.
12. Iya kang nembah amuji,
kenyataan ing datullah,
pan dudu unine dhewe,
metu jenenge panrima,
tegese panarima,
tanpa polah tanpa wujud,
lir sarah aneng lautan.
13. Jenenge sembah lan puji,
pasralie aneng panrima,
kawuningan selawase,
dhateng Pangeran kang mulya,
alit tumekeng tuwa,
den becik panrimanipun,
angel jenenge panrima.
14. Padha rasakena kaki,
sajrone serat punika,
narimaa sebarange,
aja rumangsa yen bisa,
tingalana bedanira,
yen wus awas tingalipun,
raose tan gudhandhangan.

IX. DHANDHANGGULA

1. Angandika Nabi kang sinelir,
angrasani jenenge wong solat,
arep weruh Pangerane,
kelawan ora weruh,
siya-siya dennyang nglampahi,
pertingkahe wong solat,
den weruh setuhu,
weruhe kadi punapa,
yen weruha sameloke dadi kafir,
pan ora werna rupa.
2. Lamun wong nora wruh ing Hyang Widi,
yekti wuta benjang neng akherat,
arep weruh ing semangke,
yogya sami nggeguru,
ya pangawruh ing duduh iki,
jenenge solat tunggal,
tunggal wujudipun,
iya wujude kawula,
tunggal wujud kawula kelawan Gusti,
kang dadi kenyataan.
3. Weruhipun kawula lan Gusti,
jeneng niyat kang tigang perkara,
qasdu takrudlan takyine,
weruha ing bedanipun,
niyat iku sawiji-wiji,
qasdu ingkang panedy,
ingkang niyat iku,
dudu bangsa lan suwara,
ingkang ngadeg rukuk sujud nenggih,
iku dudu jeneng niyat.
4. Ping kalihe fardhu kang gumanti,
lungguhira bakdane rekangat,
papat lawan tetigane,

kang rekangat tan kaleru,
pertingkahe wong ngabukti,
pertingkahe wong solat,
takyin lawan fardhu,
takyine kang kaping tiga,
wektu subuh kelawan wektu maghrib
klawan kang wektu ngisak.

5. Yen teksihha nganggo qasdu takyin,
tan sampurna solate wong ika,
yen ora nganggo kapriye,
pan batal solatipun,
niyat iku jenenge wajib,
nora kena atinggal,
iya ingkang telu,
yen lamun meksi nganggoa,
qasdu takrud kelawan takyin puniki,
solate tan sampurna.
6. Wales sengker pocapan puniki,
apan tengah nora duwe duga,
dene ayuh bebasane,
nggeguyu peksa weruh,
pangucape pegel kang ati,
tan kena den kalahena,
padune wong bingung,
kudu ngajak kakerengan,
kang saweneh ngegungken yen bisa tapsir,
katungkul ngulah sastra.
7. Atakona ingkang padha mukmin,
jeneng kawruh sejatine solat,
den weruh pisan kumpule,
pundi mukmin satuhu,
iya iku ingkang ngawruhi,
sejatine wong solat,
pisah kumpulipun,

dudu solate kawula,
sejatine kanugrahane Hyang Widi,
kang tiba mring kawula.

8. Ingkang tinggal solat mapan wajib,
wus sampurna ingkang tinggal solat,
kaya apa panggawene,
kelamun nora weruh,
siya-siya dennyang nglampahi,
angel jenenge solat,
manawa kaleru,
den dalih anunggal pisan,
bebayane aninggal solat sejati,
pan wajib linakonan.
9. Lamun tinggal solat apan kafir,
nora kena mayite dinusan,
wong mati bangka hukume,
kelawan malihipun,
nora wenang atinggal bukti,
iya wong tinggal solat,
iku janjinipun,
lawan malih nora apsah,
anembeleh angrusak kalimah kalih,
iya wong tinggal solat.
10. Penget-enget ing sudara mami,
ingkang karsa amaos punika,
den prayitna panampane,
mugi sami nggeguru,
dhateng mukmin wasise ngelmi,
lamun sira wus padhang,
trang wejange guru,
benjang sira nora samar,
neng pakewuh tatkala nglakoni pati,
ganti ron kamal kang tampa.

X. SINOM

1. Kepriye wong tinggal solat,
yektine nora nglakoni,
atinggal lahir punika,
amemada ing wong mukmin,
sarwi angisin-isin,
persasat nggeguyu Rasul,
dadi ratu wong duraka,
iya wong kafir Yahudi,
pesthi langgeng besuk neng nraka jahanam.
2. Kapriye wong tinggal solat,
kapriye dennyang ngawruhi,
wajibe atinggal solat,
pundi ingkang dadi margi,
atinggal lair batin,
tan ana liyan kaetung,
sadaya panggawenira,
mapan nora anduweni,
anging Allah polahira ingkang solat.
3. Hang jenenge kawula,
wus sirna tan ana keri,
datan ana ananira,
gegentine mrang Hyang Widi,
kawula jeneng nafis,
lir cerme perlambangipun,
lir lintang kerainan,
kasenen dening kang rawi,
lintang ilang kasorotan dening surya.
4. Wong kang ngelakoni solat,
tinggal kasdu takrud takyin,
iya iku kang sampurna,
ngawruhana ingkang budi,
kalawan atineki,
tegese ati puniku,

arep amarengana,
qasdu takrud lawan takyin,
parengna wiwitan Allahu Akbar.

5. Aksara sha parengena,
wiwitan wekasan alip,
apan hakekate niyat,
lam awal lawan lam akhir,
parenge niyat iki,
tibane iku niyat hu,
Allah jenenge edzat,
tibane niyat sayekti,
lafal akbar jenenge niyat sampurna.
6. Jenenge niyat punika,
pangleburan ing kekalih,
tan ana Gusti kawula,
tegesé kawula Gusti,
mapan dereng utami,
kepriye selametipun,
lah iku gurokena,
pan ayuh jenenge urip,
yen tan weruh pesthi sira mati bangka.
7. Pangawruhe ing kawula,
parenge sembah ing Widi,
lamun tan tunggal kawula,
tan ana ingkang ngarani,
ingkang anembah Gusti,
tan liyan kawulanipun,
dadine ing pangeran,
ingkang anembah amuji,
pan kawula ingkang ginawe lantaran.
8. Kawula anggone nyata,
kahananira Hyang Widi,
den aku satunggal-tunggal,
kekasihra Hyang Widi

datan ana malih-malih,
kekasihira Hyang Agung,
amung jeneng manusa,
ingkang dadi parane sih,
nora nana tan liyan amung jeneng dika.

9. Endi kang jeneng manusa,
ingkang terus lair batin,
kang narima anging sukma,
tan darbe polah pribadi,
kawula wujude nafi,
ingkang asung Pangeranmu,
kawula nora nana,
mung Pangeran ingkang asih,
den narima kanugrahane Hyang Sukma.
10. Endi jenenge wong solat,
lelima kathahe singgih,
kang dhihin solat Jemungah,
kang kawetu saking lathi,
pakumpulane ing jalmi,
solat Jemngah aranipun,
sing sapa den ucapena,
kang lair saking ing lathi,
iya iku lakune ing solat Jemngah.
11. Pan senga den wedalena,
kang lair kelawan batin,
aja tinggal ing panutan,
Kanjeng Nabi kang sinelir,
kekasihira Hyang Widi,
mapan iku lakunipun,
yogya sami ngawruhana,
bangsa lair lawan batin,
iya iku kang arane solat Jemngah.
12. Kaping kalih solat wusta,
mbeningaken ingkang ati.

tegese pan ora pegat,
satingalira ing ati,
sapa tumon ing Hyang Widi,
kados pundi terapipun,
kelamun atumona,
mapan nora werna rupi,
tegesipun sapa tumon ing Pangeran.

13. Aja ngeroro paningal,
kawula jenenge nafi,
pan nora nana kawula,
amung anane Hyang Widi,
kang molahaken pribadi,
jenenge kawula suwung,
kagenten dene Hyang Sukma,
weruha maring Hyang Widi,
polah tingkah tingkahe kang murba.
14. Solat haji kaping tiga,
nora nana tingal kalih,
roh jasad kang winicara,
jasad roh kang kadi pundi,
mapan dadi gegenti,
dhateng ingkang Mahaluhur,
mapan sejatine tunggal,
tunggalira kadi pundi,
iya jasad iya eroh iya Allah.
15. Iku cule dudu rasan,
pan ayuh dennyang ngawruhi,
bener luput winicara,
lupute pan kadi pundi,
benere pan sampun weruh,
yogya sami magurua,
pan jenenge ngalim,
andhap asor aja rumangsa yen bisa.
16. Solat daim kang kaping pat.

tegesipun ngaweruhi,
nyatane marang Pangeran,
nora lali saking ati,
den awas sira ningali,
maring Pangeran kang Agung,
jenenge kang makrifat,
tan ana Pangeran kalih,
kang sinebut ati mung Allah kang ana.

17. Aja ngeroro Pangeran,
ya awal tumeka akhir,
awal ingkang durung ana,
jenenge akhir kang akhir,
kang akhir jenenge jisim,
awal jenenge roh ika,
pan dadi kenyataan,
minangka paesan jati,
iya iku kang minangka katunggalan.
18. Tegese kang kaping lima,
kanugrahan kang sayekti,
sola ismu ngalam ika,
jenenge roh lawan jisim,
yogya sami ngawruhi,
tegese marang Hyang Agung,
namane Allah tan pegat,
olehe Allah ningali,
mapan jagad ingkang dadi kenyataan.
19. Pegat satinalira,
dadine bumi lan langit,
iya iku kenyataan,
kang dadi ayat sayekti,
kukuh jenenge ngelmi,
tan ana roro tetelu,
jenenge kenyataan,
wajah dadine kang suci,
iya eroh tegese kang aran wajah.

XI. DHANDHANGGULA

1. Angendika Nabi kang sinelit,
ingkang suci jenenge syarengat,
terekat lan hakecate,
miwah makrifatipun,
mapan tunggal dadi sawiji,
lamun pisaha ika,
batal lampahipun,
syarengat nora hakekat,
mapan batal syarengate nora dadi,
lamun nora tarekat.
2. Pan tarekat iku ora dadi,
lamun nora kelawan hakekat,
mapan batal ing karone,
kang hakekat winuwus,
mapan batal dennya ngawruhi,
yen nora nganggo makrifat,
batal karonipun,
yoga sami ngawruhana,
mapan wajib syarengat dipun kawruhi,
aja sira pepeka.
3. Aja sira tunggu bisa ngaji,
kang satengah den gawe kabisan,
amrih kuncara ngelmune,
sejatine durung weruh,
kang satengah den gawe pukil,
nganggo wayang-wuyungan,
tansah umuk-umuk,
ngelmune den gawe bandha,
anggo gawe asaba omah priyayi,
lumaku winewehan.
4. Mapan jagad jenenge wong ngelmi,
yen asaba omahe nangkuda,
miwah mantri apa dene,

iyaku ujare ngelmu,
nora wenang saba wong sugih,
pan iku linarangan,
ujare wong ngelmu,
den sami prayitneng lampah,
ing tuture punika dipun lumuhi,
tan arsa kalepatan.

5. Wenang asaba ing periyayi,
saba omahe nangkuda,
lamun becik pituture,
lamun nora kayeku,
tanpa gawe denira ngaji,
ngelmune den gawe bandha,
temah sasar susur,
wekasan agawe saya,
mring wong ingkang bodho beda lamun luwih,
nora ngrasa yen bisa.
6. Yen ngerasa bisa peribadi,
qadariyah ngelmune pandhita,
ngerasa bisane dhewe,
pan iya ujar ngelmu,
nora nana ingkang nduwensi,
anging Allah ingkang tunggal,
tan roro tetelu,
ingkang murba amasesa,
mring ngulama kinarya lantaran ngelmi,
iku karya katunggalan.
7. Tunggal wujud tunggal dadi siji,
len tunggala dadi wujud tunggal,
iya kadi pangarahe,
lamun weruha kufur,
ungak-ungak dipun sengguh tunggil,
saya wuwuh kesasar,
saujare iku,

Gusti tan dadi kawula,
apa iku nöra bisa dadi Gusti,
tan kumpul datan pisah.

8. Lamun beda mangke kadi pundi,
lamun tunggal ya kadi punapa,
arep wruh pisan kumpule,
lamun nora kayeku,
ngaweruhi jenenge ngelmi,
aja akeh rerasan,
tan ana kang maksud,
ngelmune den gawe bandha,
bebayane ngelmune den gawe pukil,
kinarya kasugihan.
9. Kang tumeka ing ngalam sejati,
apitutur lumuh winewehan,
amrih becik agamane,
amuruk wong balilu,
amrih bisa dhumateng ngelmi,
mari-mari yen wus bisa,
olehe atutur,
duduhe kang sampun wekan,
pan ngulama kinarya lantaran ngelmi,
ngulama kang nora bisa.
10. Sirå ngaji aja saserik,
yen amuruk kang para sehabat,
amrih luntur ing asihe,
pan ngulama kang satuhu,
amemuruk marang wong santri,
waler ingkang satengah,
lamun amemuruk,
iku agawene angas,
mring sehabat tan amrih linulut santri,
ngegungaken yen bisa.
11. Yekti batal jenenge kang ngelmi,

peksa bisa kudu sumentana,
tur dudu unine dhewe,
mapan kang Maha Agung,
ngujub riya sumngah kibir,
pan riya riyane sapa,
kawula pan suwung,
kang kibir kibire sapa,
lawan sumbar iya sumbare Hyang Widi,
pangucape kawula.

12. Lamun arep sampurna ing kibir,
lakonana jenenge kawula,
iya kaya pertingkahe,
sebarang karyanipun,
upamane lir sarah keli,
anut iline toya,
separone alun,
iya den kaweruhana,
saparane tan bisa polah pribadi,
iku jeneng kawula.
13. Pan jenenge kawula puniki,
iya tunggal Pangeran kang mulya,
pangleburan ing rorone,
la haka wala haku,,
mapan ilang jenenge iki,
iya sampun tetela,
jeneng manuseku,
pan den aku rasa tunggal,
sampun sirna tan ana wujud kekalih,
dat sifat iku tunggal.
14. Pan afngale iya tan kekalih,
pan wus nyata wau ing manusa,
puniku endi tegese,
kang aran manusa iku,
ingaranan manusa sejati,

- iya iku Rasulullah,
kang padha den anut,
sejagat pramudita,
samya anut ing Kangjeng Nabi sinelir,
anut agama Islam.
15. Kawruhana jenenge wong urip,
pesthi anut Jeng Nabi Muhammad,
dadi urip selawase.
pan padha uripipun,
lamun sira anut sayekti,
ing Kanjeng Rasulullah,
jenenge lumaku,
syarengat lawan tarekat,
hakekat makrifat pesthi aja keri,
karsane panutan kita.
16. Endi kang, aran syarekat jati,
lan tarekat hakekat punika,
kelawan makrifate,
karing ngendi lungguhipun,
kang syarengat badak ati,
miwah ingkang hakekat,
endi lungguhipun,
lungguhe sifat hayat,
muhayate punika jenenge urip,
roh iku Rasulullah.
17. Tegesira makrifat ngawruhi,
lungguhipun jenege makrifat,
iya iku rerasane,
kekasihira Rasul,
sampun temu dennyang ngawruhi,
sami anggegurua,
aja kongsi kleru,
ingkang ingaranan badan,
pikukuhe badan dennyang ngawruhi,

ngucap lailah illallah.

18. Iya iku syahadat sejati,
kang ngaranan kalimah tunggal,
den weruh sejati-jatine,
tegesing ati luput,
wus sampurna jenenge urip,
endi ati sampurna,
iya ingkang anut,
maring ing lafal illallah,
pikukuhe ati tan kena gingsir,
pangucape ing Allah.
19. Mapan roh jenenge urip,
pikukuhe Pangeran kang mulya,
dat urip selawase,
iya pikukuhipun,
jenenge roh tan kena gingsir,
yogya sami ngwruhana,
anedya tulus,
endi pikukuhe rasa,
ya Muhammad kahanane kang sejati,
jejuluk Rasulullah.
20. Mila ana klimah jeneng reki,
iya Kanjeng Al Mustofa,
anyataaken sipate,
lamun nora kayeku,
nora nyata jenenge Gusti,
kang muji kang anembah,
maring Gustinipun,
yogya sami ajenana,
ing pangaweruhe yen bnere lan sisip,
asale kitab daqa.

XII. ASMARADANA

1. Wonten carita winarni,
carita sangang perkara,
tegese munfasale,
tegese munfasal pisah,
puniku bedanira,
tegese beda puniku,
nora padha ucapiro.
2. Kang den ucap mung sawiji,
duk mujmal awal punika,
kelawan tekeng ahire,
mujmal iku batinira,
dadine aran mujmal,
awal akhir dadi kumpul,
jenenge Allah Muhamad.
3. Miwah sekeh wali mukmin,
datan ana bedanira,
yen wus weruh sejatine,
ingkang aran ngelmu rasa,
pan sedaya iku padha,
anging beda lairipun,
ikrare para auliya.
4. Sakathahe para wali,
apan samiya guneman,
ing Giri Gajah enggone,
dennya sami paguneman,
masalah ing patekadan,
kang wus padhang ing Hyang Agung,
Pangeran Kang Mahamulya.
5. Ing malem Jemngah winarni,
nuju tanggal ping limalas,
wulan Ramadhon sasine,
enggone aksara wutah,

Kanjeng Pangeran ika,
ingkang miwiti karuhun,
Jeng Pangeran Kalijaga.

6. Syeh Benthung Maulana Maghrib,
kelawan Syeh Lemah Abang,
Syeh Majagung apadene,
Jeng Pangeran Giri Gajah,
lan Cerbon Jeng Pangeran,
sami gunem pangaweruh,
masalah patekadan.
7. Jeng Pangeran Ratu Giri,
kang miwiti pangandikan,
"Heh sadulur iku kabeh,
pundi tingkahe makrifat,
sampun wonten prabotan,
dipun sami kawruhipun,
sami peling-pinelingan."
8. Wong wolu dadi sawiji,
sampun wonten kumelamar,
ingkang sami kaweruhe,
kang waspada ing Pangeran,
kanjeng Sinuwun Benang,
ingkang miwiti karuhun,
amejang ing pangawikan.
9. Karsa manira puniki,
iman tauhid lan makrifat,
weruha ing sampurnane,
yen meksihha ing makrifat,
mapan dereng sampurna,
dadi kabeh batal iku,
dadine rasa rumangsa.
10. Karsa manira puniki,
iman tauhid lan makrifat,

sampurna ing makrifate,
wus suwung ingkang paningal,
ilang jenenge tingal,
tetep Pangeran Kang Agung,
sembah-sinembah piyambak.

11. Endi ingkang aran nabi,
liyane kaweruhana,
kekasihe Pangerane,
saderenge dadi jagat,
mapan jinati tunggal,
dinadekken karuhun,
kang minangka katunggalan.
12. Pangeran Majagung ngeling,
amejang jenenge tekad,
ing karsa manira mangke,
endi ingkang arsa tekad,
jawaben kang prayoga,
jatine tauhid puniku,
ing akherat nora ana.
13. Nyatane kawula Gusti,
iya kang muji anembah,
iya mangkono lakune,
ing akherat nora nana,
yan nora mangkonoa,
mapan sejatine suwung,
suwunge pan iku ana.
14. Jeng Pangeran Cerbon angling,
amedhar ing pangawikan,
jenenge makrifat mangke,
kang awas marang Pangeran,
datan ana liya-liya,
tan ana roro tetelu,
anging Allah Ingkang Tunggal.

15. Ngandika sinuwun Kali,
amedhar jénenge tekad,
den waspada semangkene,
aja nganggo kumelamar,
den awas dununge Pangeran,
kaperiye awasipun,
Pangerane nora nana.
16. Nora werna nora rupi,
tan ana kahananira,
tanpa arah tanpa enggon,
sejatine iku ana,
yen lamun nora weruha,
temen suwung jagat iku,
sejatine ika ana.
17. Syeh Benthung anulya angling,
amedhar ing pangawikan,
kang aran Allah jatine,
tan ana liyan kawula,
pan iku kenyataan,
sampurna kawulanipun,
kang minangka katunggalan.
18. Sayid Maulana Maghrib,
amedhar ing pangawikan,
kang aran Allah jatine,
iya iku dudu Allah,
ora liyan saking ika,
iya Allah jatinipun,
Syekh Siti Jenar ngandika.
19. Kawula medhar ing ngelmi,
iya ingsun jeneng Allah,
pan dudu liyan jatine,
kang nama Allah tangala,
Maulana Maghrib mojar,
iku jisim aranipun,

Syeh Lemahbang ngandika,

20. Kawula amedhar ngelmi,
angaranan katunggalan,
mapan dadi sadangune,
iya jisim nora nana,
dudu jisim kang kocap,
iku sejatine ngelmu,
sami medhar pangawikan.
21. Syeh Lemahbang ngandika ris,
apan sami miyak werna,
pan nora nana bedane,
saliringe punapaa,
manuhe rasa kawula,
naguhi ujare ngelmu,
mapan kabeh iku padha.
22. Syeh Maulana Maghrib,
sarya mesem angandika,
inggih leres ing semune,
pan iku dudu rerasan,
saking tetiyang kathah,
sedaya pan samya ngrungu,
pan iku miyak ing werna.
23. Tuwan ucapna ing batin,
aja ana kang miyarsa,
den ucap ing ati bae,
pan iku dudu rerasan,
lamun den ucapna,
inggih kang ujar puniku,
pan iku dudu sesama.
24. Jeng Pangeran Ratu Giri,
amedhar jenenge tekad,
kang pesthi Allah jatine,
jejuluk Prabu Satmata,

mungkasi winicara,
utan ana padhanipun,
anging Allah ingkang tunggal.

25. Sekathahe para wali,
sami ngestokken sedaya,
mapan sami kaweruhe,
ya mung Syeh Siti Jenar,
ngunculken bangsa larangan,
tan kena pinalang iku,
marang pra wali sedaya.
26. Syeh Lemahbang ngandika ris,
pan sampun ujar kawula,
sininggahna keperiye,
mapan sampun ujar pisan,
tan kena sinninggahna,
ketlanjuk pamejang guru,
pamejange ing kawula.
27. Wekas tan kena gingsir,
sinoal marang wong kathah,
tan kena owah tekade,
mapan sampun karsaningwang,
Pengeran Cerbon ngandika;
mengo mring rerasan iku,
rerasane tan prayoga.
28. Apan saujare janji,
yekti binuwuh ing benjang,
mapan sampun ing hukume,
enggone ngaku Pangeran,
ngandika Syeh Siti Jenar,
kencengana lehmu ngukum,
aja nganggo kuleweran.
29. Amit angla'buhi pati,
ngulati pati punapa,

pan pati iku pareng,
sedaya pan katunggalan,
kapurba kawasesa,
sejati-jatine suwung,
ana kadim ana mahdam.

30. Ngulati punapa malih,
pan nora kang liyan-liyan,
datan pisah selawase,
ating Allah ingkang tunggal,
ya jisim iya Allah,
tegese tauhid puniku,
mapan iku nora nana.
31. Angandika para wali,
sarwi amesem sadaya,
miyarsa ing pituture,
wanter tan kena ingampah,
angelela wanterira,
amiyak ing wernanipun,
ambanjur tan kena suda.
32. Ngadika kang para wali,
nganti apan linaksanan,
tinerapan ing hukume,
datan kena pinalangan,
akeh kang padha amalang,
teka sabanjuripun,
sun sidhem saya wedia.
33. Ngendika Jeng Sunan Kali,
heh sanakingsun sedaya,
ika kalair tekađe,
anganggoa tata krama,
aja kaya Siti Jenar,
iya bener tauhidipun,
nanging aja den ucapna.

34. Anggiten sajrone batin,
sebarang den ucapena,
nora liyan ing sejane,
poma aja den lairna,
mring sanakingsun sedaya,
amrih selamet ing kalbu,
wong anom padha elinga.

XIII. SINOM

1. Utawi kang tegese pan,
tetiga kathahe singgih,
ingkang dhihin pan ing ngedat,
kapindho sipatireki,
kaping tiga winarni,
pan ing afngal puniku,
tegese pan ing ngedat,
datan anane singgih,
anging allah anging ana kang kuwasa.
2. Ngandika Nabiyullah,
pangawruh ingkang sejati,
sing sapa anembah aran,
iku nora den kawruhi,
pesthi dadja kafir,
ya weruh ing tegesipun,
sing sapa nembah makna,
awak ora den kawruhi,
wong munafik tan weruh maring Hyang Sukma.
3. Pupusen saliranira,
iya iku ngalam lair,
pakumpulan sifatullah,
sejodho ing ngalam kabir,
ya mapan tarik-tinarik,
tetep-tinetepan sampun,
sebarang ghaibe Allah,
iku karsane Hyang Widi,
lamun sira wus sayekti manggih mulya.
4. Sapa ngulati Pangeran,
adoh dhasaripun kaki,
yekti kapir wong punika,
saliring kaweruh silib,
mapan jenenge jisim,
ya kalih perkaranipun,

wahyu lawan jetmika,
kang wahyu jatmika singgih,
iya roro punika rorone tunggal.

5. Nyatane den gulang-gulang,
guyunen dipun pertitis,
ja katungkul ngulah sastra,
sastrane den wolak-walik,
iku wong cupet ing budi,
arsa takon ing wong luhung,
ngegungaken kitabira,
nora weruh wong kang kesandhung ing rata.
6. Dinumeh wus kelakonan,
limang wektu den lakoni,
dadi enak atinira,
kadi uler mangan daging,
lumah-lumah aneng masjid,
yen ana kenduren rawuh,
kitabe den selehena,
kinange dipun ungkabi,
wus den biyak andulu selawatira.
7. Tan weruh kabendhul padhang,
bathuke kongsi awilis,
kadi wong kang masang kala,
kari-kari den leboni,
pagere amangan pari,
lir anak-anakan timun,
lir wulung aneng tawang,
tingale pijer dumeling,
milang-miling tan weruh yen kudhandhangan.

XIV. DHANDHANGGULA

1. Nggih punika wirasate tulis,
ingaran kitab Mustaka Rancang,
weruha jalu estrine,
lamun sira tan weruh,
ora apsah maring agami,
aran Mustaka Rancang,
den weruh setuhu,
krana ika pelanangan,
sekabehe ing puji kelawan dhikir,
laire kitab Rancang.
2. Pan dadine ragane puniki,
datan weruh sangkane punika,
yen ora idhep duduhe,
tan ana dadinipun,
teka sangkan datan udani,
lir kinjeng tanpa soca,
separane luput,
iya iku wernanira,
ngelmu Rancang sepatine iku lathi,
pembukan idhepira.
3. Angaranan sejatine wesi,
ingkang miyos sing tangan sekawan,
banyu metu ngi sulfine,
ingaranan banyu iku,
aran muka ingkang sejati,
lawan patike rasa,
ing wewadhapipun,
aja kasurupan toya,
ingkang miyos saking ginjel amomori,
uwus sandhing sarira.
4. Banyu metu ing jejantung kaki,
ingaranan banyu maknu ika,
metu saking memarase,

aran banyu wakidu,
pangiwané punika singgih,
kathahe pan tetiga,
rasane kang banyu,
pan ametu saking rasa,
saking hení waliyah arane singgih,
ya kang aran waliyah.

5. Banyu metu ing rempelu singgih,
ingaranan banyu jagat miyat,
anurut banyu iline,
uwit dealip puniku,
iya iku jatine warih,
ingaranan banyu kudrat,
nenggih jisimipun,
jisim ingkang dadi werna,
ingaranan wewadahah uyuh kaki,
tuture kitab Rancang.
6. Sapa wonge ingkang angawruhi,
pitutre Mustaka Rancang,
dadi gedhe derajate,
oleh nugra **Hyang Agung**,
sarta awas mring kitab adi,
aran Mustaka Rancang,
apa bedanipun,
lan apa isine kitab,
isine ngalam laire amepeki,
tan ana bedanira.
7. Ngalam jembar lan ngalam kang rumpii,
nora nana bedane punika,
yen wus idhep ing dununge.
lawan pituduh guru,
mring lungguhe ngelmu sejati,
nenggih Mustaka Rancang,
nggone kedhungipun,

iya iku ngelmu Rancang.
nggih punika enggone ingkang sejati,
kanthete neng sarira.

8. Lawan pira kehe balung iki,
kalih atus lan punjur sawidak,
lan otot nem ewu kehe,
nem atus punjulipun,
lawan punjur sawidak malih,
rikma pira kathahira,
tigang kethi iku,
lan tigang ewu punika,
tigang atus lan tigang dasa puniki,
lan punjur tigang lembar.
9. Wulu iku kathahira sami,
lawan rikma sami kathahira,
alis patang atus kehe,
sawidak punjulira,
lawan nenem punjule malih,
idep iku karō belah,
iya kathahipun,
napas kang metu sadina,
pan saleksa kalih ewu punjur neki,
kalih atus kathira.
10. Kang satengah ujare wong luwih,
napas iku kang metu sedina,
iya lawan sawengine,
nem ewu kathahipun,
apan kathah ujare ngelmi,
sapa nora ngestokna,
mring ujare tutur,
milane padha weruha,
yen weruha ujare kitab sayekti,
aran Mustaka Rancang.
11. Lamun punjur sadina sawengi.

wektunira jenenge kang napas,
punjur patang atus kehe,
kalawan malihipun,
pira kehe kang ana jisim,
dene kang neng salira,
sukma kang winuwus,
tigang dasa kalih ika,
eneng jisim iya kawruhana kaki,
mangkana yogyanira.

12. Kang sawiji aran sukma luwih,
sukma wantah kang aneng sarira,
nur Muhamad kapindhone,
dhumateng netranipun,
kaping tiga nur Allah singgih,
ing bathuk dunungira,
kaping pate iku,
nurbuwat eneng salira,
kaping lima sang nurwinda aneng kuping,
iku den kawruhana.
13. Pitulase ingaranan malih,
aranipun sang lapis buwana,
neng puser iku lungguhe,
kaping wolulasipun,
ingaranan sang indra jati,
lungguhe dagingira,
ping sangalasipun,
sang lermaya aranira;
eneng otot lungguhe ingkang sejati,
ya iku kawruhana.
14. Kalih dasa kathahe puniki,
ingaranan sang bet cupet ika,
neng getih iku lungguhe,
kelawan kalih likur,
ingaranan ia iku kaki,

aran sukma wasesa,
lungguhe neng suku,
aneng suku lungguhira,
ing lungguhe aneng sukunira kalih,
turete kitab Rancang.

15. Pan patlikur iku sukma luwih,
mapan iku iya ingaranan,
sukma kembar iku rane,
anenggih lungguhipun,
pan punika ingkang winarni,
lungguh eneng gantungan,
iku lungguhipun,
den sami ngaweruhana,
lanang wadon jenenge suwiji-wiji,
kang aran kitab Rancang.
16. Ping nemlikur sukma layang kaki,
lungguhira neng ati kang mulya,
wadi ping pitulikure,
neng Peru lungguhipun,
sukma wadi ingkang linuwih,
ping wolulikur ika,
apa aranipun,
sukma ingkang neng salira,
apan sang rangga jati iya puniki,
lungguhe eneng mendha.
17. Sangalikur ing mangke puniki,
ingaranan sang sukma kuraras,
neng wulu iku lungguhe,
ping tigang dasa iku,
ingkang karsa sukma sejati,
lungguhe aneng rikma,
lawan malihipun,
ping tigang dasa satunggal,
sukma nujum lungguhe neng idep kalih,

ya iku kawruhana.

18. Sampun jangkep tigang dasa kalih,
ingaranan ingkang sukma wimbuh,
neng pikir iku lungguhe,
wus telas kang winuwus,
ana maneh ingkang gumanti,
mila ana aksara,
tepsir lawan nahwu,
kelawan saraf punika,
miwah usul kelawan asmara kandhi,
lan ana sining kitab.
19. Milanipun wonten ngelmu Fekih,
lan aksara tigang dasa ika,
amung kekalih langkunge,
milane wonten usul,
saking sukma milane dadi,
aksara tigang dasa,
kalih langkungipun,
iku padha kawruhana,
yen yun wruha mangkono ujare ngelmi,
kang tutur kitab Rancang.
20. Milanipun alip kang sawiji,
alip tansur apa kang kinarya,
iya urip kang ginawe,
kelawan malihipun,
ane lam kelawan alip,
iku milane apa,
iya tegesipun,
anane alip lan elam,
aranira jenenge manusia jati,
turetutur kitab Rancang.
21. Sababira alip amiwiti,
apan dadi wiwit an aksara,

kaya piye penjawabe,
aksara kang rumuhun
iya alip ingkang miwiti,
wiwitane aksara,
sekathahé pepujuk,
kedadeyane gerana,
iya alip iku ingkang amiwiti,
turetutur kitab Rancang.

22. Leng-lengira kang netra puniki,
aksarane pan ya punika,
bau kiwa lan kanane,
ing te se dadinipun,
suku kanan lan suku kering,
akhe gedhe punika,
akhe cilik iku,
pititure kitab Rancang,
yen tan weruh tan padhang dhumateng ngelmi,
den sami ngawruhuna.
23. Dal cilike mapan iya kuping,
lan kepala lawan rambut iya,
punika dadi dal gedhe,
yaiku tanganipun,
dadi re ze neptu sawiji,
bebokong karo pisan,
dadi sin syin iku,
dadi untune.punika,
lawan dhe punika neptune sawiji,
kang tutur kitab Rancang.
24. Pupu karo dadine ngain lan ghoin,
wentisira kiwa lawan kanan,
fe lan kaf iku anane,
dadi kulit punika,
pan mangkono ujare singgih,
qab gedhe dagingira,

lam aksaranipun,
qab cilik mim punika,
awak-awakan nun ujare kang nulis,
kelawan delamakan.

25. Dlamakan suku kalih puniki,
dadi wawu sungsume manusa,
iku lan kaf aksarane,
badane wong puniku,
iya dadi lam kaf puniki,
kelawan hamzah ika,
iku enggonipun,
dadi manusa sadaya,
sarirane kena luput dene Widi,
sedaya saking Allah.

XV. ASMARADANA

1. Purune tiyas kaanggit,
natur masalah syahadat,
dudu syahadat samengko,
syahadat ingkang sapisan,
iku den ulatana,
poma den kongsi katemu,
yen tan weruh durung Islam.
2. Syahadat sapisan kaki,
dudu tulis dudu papan,
dudu makluk dudu khaliqe,
jatine manusa ika,
aja sira sembarana,
iku nugelaken gulu,
yen ana wong kang amarah.
3. Yen ana takona kaki,
sejatine Allah iya,
bari lumayu tuture,
takon jatine manusa,
lah kaki den prayitna,
pesthi nugelaken gulu,
laranjane pra pendhita.
4. Syahadat sapisan pesthi,
tan katon anane ana,
pilih wong kang weruh mangke,
kalin gan dene reraga,
milane ora wuninga,
katungkul angulah wektu,
marmane nora waspada.
5. Syahadat kapisan pesthi,
ulatna segara anakan,
segara amot gununge,
kang gunung amot segara.

jejaka rabi sekawan,
yen sira wus weruh iku,
pesthine bisa syahadat.

6. Wus dawa dipun sambungi.
cecakak wedi ing udan,
tunjung tuwuh tanpa aer.
baya mati wedeng toya,
kang lare dereng mlampah,
ana tigan bisa kluruk,
apetok aneng gegana.
7. Wus cendhak dipun tugeli,
prandene sundhul ngawiyat.
kang pucuk endi tunggake,
tergona gelar neng latar,
wong lumpuh ngideri jagat,
bala beteng ngapit gunung.
jong sira munggeng ngawiyat.
8. Eram manawa ningali,
pundi wonten tiyang ngarak,
angarak tetukon bae,
pengantene nora nana,
iku lah kawruhana.
aja tan ora katemu,
pengantene nunggang jaran.

XVI. MIJIL

1. Wonten kayu purwa mung sawiji,
datan mawi godhong,
pan salembar tan ana godhonge,
poma padha pikiren ta kaki,
godhonge puniki,
dudu godhong kayu.
2. Patra iku atinggal kang uwit,
uwit tinggal kang ron,
den pertitis meneng-meneng mangke,
aja kaya menenge kerambil,
ja ngame yen muni,
ewuh ujar iku,
3. Nora kena thole sira sambi,
ujar iku kaot,
nggegurua anak sayektine,
maring guru kang luwih punika,
kang wasise ngelmi,
amriih wejangipun.
4. Kang satengah akeh angulati,
yen wus manggih kang wong,
apan nora nana wekasane,
walang kayu lawan laler wilis,
aja tambuh kaki,
pernahe kang suwung.
5. Lamun suwung pesthine yen isin,
konang wisma kayon,
aja mamang dhateng Pangerane,
pan wis nyata ing salira kaki,
Nabi wali mukmin,
iku kang wus rampung.
6. Sami wuta lumpuh bisu tuli,

iya datan ngraos,
wujudira tan ngrasa yen duwe,
kahanane datan ana salim,
mung anane Widi,
wus lebur kadi suwung.

7. Wonten lanang nalikani estri,
wonten sembah kaot,
nalikane sinembah ta mangke,
sinembah duk geniyikan iki,
ngalor ngidul kaki,
Ki Dhalang nya manggung.
8. Pan wus nyata iya ingkan ringgit,
dhalang nyata mring ngong,
nyatanira dhateng kawulane,
apan kawula anyata Gusti,
iya iku kaki,
pangaweruh rampung.
9. Sapa ngwula kinawulan kaki,
jati wayang kaot,
lawan dhalang pundi sejatine,
kang satengah iya hu puniki,
roh ngakale kaki,
nur napsa ranipun.
10. Wektu napas ingaranan ringgit,
dhalange Hyang Manon,
narimaa dhalang mring wayange,
nora nana ingkang bisa ngringgit,
mung dhalang sejati,
kang katingal manggung.

XVII. MASKUMAMBANG

1. Dhalang purba amayang sajrone puri,
wayange wasesa,
kang nonton sukma sejati,
gamelane kodratullah.
2. Unekena gamelan sangune pati,
sidik lawan tunggal,
dzatullah ingkang pinuji,
pujine sokur kang ana.
3. Endi nggone Pangeran ingkang sejati,
Allah kudu ana,
Pangeran kula sejati,
angelindhungi salira.
4. Solat jati telung perkara puniki,
solat tundha tiga,
ingkang adi-adi luwih,
nanging awis kang wuninga.
5. Lamun sira arsa tumeka sejati,
tingala isim jalalah,
sapa kang gawe sireki,
rupa kelawan suwara.
6. Donya manis wekasan putra wali,
donyane ilang semana,
penerkane atut wuri,
badane kasiya-siya.
7. Gunung sari jrone gunung isi putri,
iku ta kawruhana,
ana padhang dudu wengi,
luwih padhang saking surya.
8. Ingkang wonten sajerone gunung sari,
pihin jalma wuninga,

XVIII. DHANDHANGGULA

1. Anggitipun ingkang para wali,
iya iku ferdhu jrone niyat,
lafal Allah iku nggone,
lafal hu tibanipun,
lafal akbar nyata sayekti,
lafal ingkang tetiga,
iku tibanipun,
cipta sajrone werdaya,
fardhu iku tibane dipun kaliling,
den waspada tingalira.
2. Mapan pesthi iya angrawuhi,
anedya tingal jrone solat,
sirnane solat westane,
sekawan kathahipun,
kawruhana sawiji-wiji,
kang rumuhun munajat,
kaping kalihipun,
iku ingaranan ikhram,
kaping tiga ingaranan tūbadila,
yen mikrat ping sekawan.
3. Tegesira kang munajat iki.
wewacane kabeh jrone solat,
aja ngrasa yen aduwe,
ciptanen klawan kalbu,
sapocapan kelawan Gusti,
sebarang den.apalna,
iku aturipun,
cipta ing sajrone manah,
Pangerane miyarsa ature puji,
mring tingal adhepirā..
4. Yen wus kuluh ya denira takbir,
nulya lajeng amacaan wajah,
ngadhepakon wedanane,

mring Pangeran Kang Agung,
ingkang asisih aduduh bukti,
wajah punika sunat,
fatihah kang fardhu,
anulya macam bismillah,
namane Hyang kang murah dennyas asih,
tembe eneng akherat.

5. I. hram iku jenenge lumiring,
kalimputan dhateng sipat jamal,
tan kena mengeng tingale,
bisa jamal puniku,
iya iku sipate Gusti,
maknane iku indah,
adi maha luhur,
datan ana kang memadha,
ingkang asih ngasihaken pangabukti,
kang murba jrone nala.
6. Tegesira kang aran Tubadil,
angareksa barang tingkahira,
kenyataan sakabehe,
sampun kena luput iku,
tuwu sireng maring Hyang Widi,
lir damar lawan surya,
iku paminipun,
anulya rorone tunggal,
kang sakduman punika kang dadi rawi,
iku sembah utama.
7. Lawan mikraj tegese puniku,
tan rumangsa barang tingkahira,
mapan tapi sekabehe,
lah ananira iku,
iya iku hukume nafi,
nafine nara kwasa,
lan pangucapipun,
kawula pan ora bisa,
saobahe upamane sarah keli,
kanthi gentine tembang.

XIX. KINANTHI

1. Den nyata pisah lan kumpul,
lamun kumpul kadi pundi,
pisah roro wujudira,
datan kumpul pesthi kafir,
iya tunggal ananira,
nanging sira ora uning.
2. Kang sampun awas ing ngelmu,
datan samar tingal neki,
kadi ombak lawan toya,
pan sami kawengku ugi,
pundi kang dudu segara,
kabeh-kabeh pan jeladri.
3. Den awas tauhid Hyang Agung,
kang saweneh angulati,
amek geni tur den samar,
suprandene den damari,
wewayangan kang den alap,
tan weruh ngidegi geni.
4. Amrik enak rasanipun,
wohe salak langkung manis,
tan bisa ambedakena,
kang atos iku binukti,
temahan asiya-siya,
tingal paran kang den nggoni.
5. Ubenge mapan kapungkur,
kang manis nora den wruhi,
kapaung wong menek resah,
den dalih wohe neng nginggil,
nora weruh lamun ngandhap,
pesthi yen nora kepanggih.
6. Wong ngelongi ramon watu,

milane eram kang ati,
tiwas kerem kerambangan,
tan patut sira ngelangi,
iku wong cupet ing nala,
takon uwong branta ngelmi.

XX. ASMARADANA

1. Wonten carita winarni,
tatkala denira ngrampak,
wonten satunggal kang lare,
dhateng masjid Ngrum negara,
tur sami awewuda,
pinuju Sang Prabu Ngerum,
amiyosi barjemangah.
2. Kathah punggawa kang ngiring,
sakehe para sentana,
pepakan pan samya andher.
miwah para kaum kathah,
samya eneng ngayunan,
wontena ing masjid agung,
nuli bocah cilik prapta.
- 3: **Anulya lengkah sumandhing.**
aneng ngarsane Sang Nata.
bocah cilik mojar alon,
heh Sang Ratu Ngerum sira,
miwah kang para pandhita,
lan wadiyabala agung,
miwah sentana sedaya.
4. **Sira berjemangah iki,**
ing n endi ghaibe Allah,
lan ghaibe Rasul mangke,
mulane Ngerum anjawab,
heh bocah cilik sira,
ghaibe Allah puniku,
wus ana ing Rasulullah.
5. **Lan ghaibe Rasul iki,**
wus ana karsane Allah,
lah ta iku jawabing wong,
bocah cilik nulya tanya,

heh ingsun takon sira,
sira nembah muji iku,
sapa tak kang sira sembah.

6. Lan sapa kang sira puji,
miwah kang ta sira sembah,
mulane Ngerum jawabe,
ya ingsun iki sembayang.
limang wektu linakonan,
manut perintah Jeng Rasul,
anembah maring Pangeran.
7. Alloh ingkang ingsun puji,
sembah puji saking Allah,
ing duduhe Alloh mengko,
ya ingsun wedi ing Alloh,
anetepi parintah,
bocah cilik nulya muwus,
marang Ngerum nalindera.
8. Yen mangkono sira aji,
siya-siya adhepira,
yen duwe tekad mangkono,
lamun sira awecaa,
lir pedah cinathika,
iya iku poma sampun,
bora metu saking kewan.
9. Lamun mangkono sireki,
siya-siya sembahira,
yen nembah mring Allah mangko,
kafir kufur jenengira,
yen sira nembah Allah,
ing ngendi pinangkanipun,
sebah lan dununge sembah.
10. Maulana Ngerum nauri,
sembah puji saking Allah,

bocah cilik mojar alon,
heh Sang Ratu Ngrum sira,
tuhu kapir ta sira,
lamun mangkono kawruhmu,
kandheging lafal kewala.

11. Alloh sira sembah puji,
kapernah endi nggonira,
yen tan weruh iku mangke,
pasthi lamun kesasara,
lamun nora weruha,
iya mring pinangkanipun,
sembah lan dununge sembah.
12. Sang Prabu Ngerum tan angling,
tumungkul semu kemengan,
Sang Nata ngandik alon,
mring sagung kaum sedaya,
bocah cilik soalipun,
sedaya para sentana.
13. Dhuh Sang Prabu Ngerum nagri,
kawula kinjen jawaba,
sang lare ing soalipun,
manira datan anduga,
apeteng manah kawula,
umatur sarwi tumungkul.
tembene kawula myarsa.
14. Maulana Ngerum ngabukti,
dhateng bocah cilik ika,
sarwi nungkemi padane,
kula nuwun wejang tuwan,
mugi aberkahana,
mangkana kang para kaum,
pan samya takdhim sedaya.
15. Ya tuwanku bocah cilik,

anuwun ing barkah tuwan,
mugi paring sawecane,
amba nuwun winejanga,
punapa karsa tuwan.
andika tuwan mring ingsun,
suka tuwan pinejahan.

16. Kang mindha warna wus salin,
wus ilang bocah punika,
iya Syekh Samsu namene,
heh Sang Ratu Ngerum sira.
yen arsa mupakadan,
sira iya lawan ingsun.
sun jaluk kayektinira.
17. Yen sira arsa udani,
ghaibe Allah mangkana,
lan ghaibe Rasul mangke,
lan jatine jenengira,
lawan pinangkanira,
yen sira rasa satuhu,
sun pateni mangke sira.
18. Sang Nata ature manis,
jengandika pejahana,
kawula tan lengganane,
sumangga ing karsa tuwan.
sampuna tumekeng lara,
sanadyan tumekeng lampus.
kawula sumangga karsa.
19. Syekh Samsu Tamsir nauri,
lamun sira ayun wikan,
bumi langit iku mangko,
suwarga lawan neraka,
duk durung ana ingwang.
ngaras kursi mapan durung.
laut kalam pan durung ana.

20. Dhuh Sang Prabu Ngerum negri,
kawula kinen jawaba,
tan ana swiji-wijine,
awang-awang durung ana,
miwah uwung uwung mangkya,
ingsun iki pan wis ana,
eneng kasucioning Hyang.
21. Ingsun eneng jrone suci,
duk amancur kadi lidhah,
gumebyar angelir katon,
ingsun sucekaken ika,
mrang kaluwihaning Hyang,
nyata iku ananingsun,
duk ingsun awerna rupa.
22. Ingsun awor lawan urip,
wus dadi rorone tunggal,
Syeh Samsu Tamsir ing mangko,
apajar ing ngelmunira,
maring Ratu Ngerum negri,
iku Sang Perabu Ngerum,
ghaibe Allah tangala.
23. Lan ghaibe Rasul singgih,
satemen-temene ika,
Pangeran lan Rasul mangke,
wus ana ing pekenira,
miwah jeneng manira,
yen nora weruha ingsun,
nora nana aran Allah.
24. Kelawan kang bumi langit,
suwarga lawan neraka,
ngaras kursi iku kabeh,
pan iya saking manira,
ing sedaya punika,
ala becik saking ingsun,

sugih miskin ingsun uga.

25. Kawruhana den sayekti,
yen tan ana wujud dina,
nanging den waspada mangke,
anane Gusti kawula,
den ngibarataken liya,
kadi ombak lawan banyu,
endi kang duwe segara.
26. Ombak urip lawan warih,
banyu urip lan segara,
wus dadi siji wujude,
tan ana Gusti kawula,
heh Sang Nata dipun awas,
yen wus maksud tingalipun,
tuwa anom iku padha.

XXI. SINOM

1. Kawruhana ingkang nyata,
perkara ingkang kaeksi,
kathahe tigang perkara,
ingkang sawiji ya kasfi,
anenggih kasfi puniki,
kang kebuka sliranipun,
kaping kalih winarna,
kasfi ingkang bangsa ati,
kaping tiga kasfi ingkang kaweruhan.
2. Kabuka ing sliranira,
ingaranan ngelmu yakin,
tegese ngelmu kang nyata,
kelawan kasfine ati,
kelawan ngainul yakin,
kados pundi tegesipun,
nyatane kasfi punika,
kasfine roh kang sejati,
hakul yakin tegese temen kang nyata.
3. Iku ngelmu ingkang nyata,
wong pan panggawene iki,
tegese nora rumangsa,
darbe polah peribadi,
miwah saliraneki,
tanpa polah tanpa wujud,
anging Allah ingkang polah,
tan darbe polah pribadi,
saosike karsane kang Mahamulya.
4. Ngainul yakin tegesira,
wong pan ing arupa jati,
datan rumangsa ing sipat,
pan sipat sipate Widi,
mapan rupaku iki,

apan dudu rupaningsun,
iya iku rupane dzat,
tan ngrasa rupa pribadi,
satemene rupaningsun saking Allah.

5. Hakul yakin tegesira,
iya wong pan ing dzat singgih,
tegesa pan eneng ngedat,
nora rumangsa pribadi,
ningali kahanan neki,
tan ana kahananipun,
ating kahanane Allah,
kang nyata kahanan singgih,
slamet sira kahanane Allah tangala.
6. Pan sebutira puniki,
sebute rasa sejati,
endi ingkang rasa sejati,
sebute ing Hyang Widi,
yahu sebutipun iku,
yekeu sebute rasa,
endi aran rasa kaki,
iya iku ingkang ngaranan agama.
7. Kang aran sebut ilallah,
pambukane kang sejati,
mula ana nama Allah,
kelawan sebute neki,
klawan sebute malih,
kelawan sebute yahu,
iku pambukane rasa,
punika dipun sayekti,
upamane kadi peksi neng kurungan.
8. Kang ati upama omah,
ya roh kurungan sejati,
rasa kelawan kurungan,
tazul ya kelawan tarki,

ya sebuté puniki,
kang minangka panganipun,
illalah pangane nala,
pangane roh sejati,
kang minangka pembukane lawang iki,

9. Pembukane lawang ika,
Allah-Allah kang sejati,
iku rasane Pangeran,
den awas sawiji-wiji,
kathah warnane dhikir,
manawa sira kaliru,
temah sira kesasar,
lamun mati dadi kafir,
dhikir yahu iku panebute rasa.
10. Sapa weruh awakira,
pesthi weruh ing Hyang Widi,
pan awas kadi punapa,
awas-awas kang sejati,
lamun obah badaneki,
den awas sira andulu,
kang ana ing salira,
punika sapa nduwensi,
polahira pan nyata polahe Allah.
11. Satemene dhikir ika,
kathahe amung kekalih,
nafi kelawan isbat,
irja wektune kang nafi,
nafi isbat punika
yaiku ing panjingipun,
kapindhone murakab,
wedale kelawan manjing,
mapan isbat wedale lan panjingira.
12. Endi lungguhe kang nala,
eneng dhadhanira kaki,

endi lungguhe ilallah,
eneng lambung kanan kering,
klawan ilallah nenggih,
eneng ngendi lungguhipun,
lungguhe neng ula-ula,
ya iku ujare janji,
kawruhana yen tan weruh siya-siya.

13. Allah tangala ngandika,
anjenengaken Hyang Widi,
jerone weteng puniki,
ing anak Adam puniki,
dhadha maligeneki,
jrone dhadha ati iku,
jerone ati punika,
mapan ana iku kaki,
kawruhana ingaranan ati fuad.
14. Sajrone fuad punika,
iku angaranan budi,
sajrone budi punika,
titimbangan araneki,
den samiya ngawruhi,
iya samar aranipun,
sajrone samar ika,
iya rasa kang sejati,
jrone rasa amung ingsun ingkang ana.

XXII. DHANDHANGGULA

1. Sarpa naga ngadhep ponang peksi,
peksi dhandhang tiga jambulina,
amencok eneng luhure,
sang dhandhang alon muwus,
heh ta naga arsa punapi,
dene amulat padha,
padhane andulu,
sang taksaka saurira,
mulanira mulat padha awak mami,
printahe uripingwang.
2. Uripingsun ya arebut dhiri,
manah amba tambuh kang sun rasa,
mulat awakingsun dhewe,
kinarya mulat iku,
ingsun padha teksaka mami,
dene sira tan lenggana,
wus jamake iku,
wayang kinarya lampahan,
aja sira amaido awak mami,
mulya wus linakonan.
3. Wus jamake wong urip puniki,
aja ngresula kasoran drajat,
ya iku panarimane,
aja bungah yen luhur,
den narima titahing Widi,
balik padha lumaku,
samaren ing laku,
dimekne ilang kang ana,
manahira kathahe tigang perkawis,
sungkanan lan donyanan.
4. Ping tigane isine puniki,
permilane samaren lampahnya,

ya iku laku kang gedhe,
muja lamun dalu,
aja pegat puji lan dhikir,
iya ing wernanira,
ling aling Kang Agung,
wajib sami nglakonana,
ngelmu santri sayekti amberkati,
nanging ya ngrasa bisa.

5. Aniyata ngelmu kang sejati,
pesthi tuwan jenenge wong gesang,
aja ngelamprā pujine,
asujut mundhak benjut,
sejatine angapirani,
tan kena kīnukuhan,
ngelmanira kaum,
yogya sira takokena,
uwong ngelmu ingkang wasise ngelmi,
wus padhang ing Pangeran.
6. Jenengira Pangeran linuwih,
nora lamun sinungkeman sira,
nora iku murub dhewe,
ingsun sira pan ingsun,
ananira puniki nafi,
pan ingsun ingkang murba,
maring sira iku,
aja ngulati Pangeran,
mundhak buyan sayektine kang ngulati,
iku wus jenenge Pangeran.
7. Ujar iku sakelangkung wingit,
mapan sirna tulis lawan papan,
kitab Quran suwung kabeh,
ingkang Mekah ngelangut,
sira dhewe kang den ulati,
ora tutur ora weruh,

iya pernahipun,
Allah kang paring marga,
pan manungsa sapa ingkang tan yakin,
Allah kang luwih wekan.

8. Nora nana wong wruh Mekah kaki,
alit mila tumeka ing wayah,
tan ana teka pernahe,
yen ana sangunipun,
teka Mekah tur dadi haji,
amrih haji wakira,
tan weruh yen dudu,
kang teka haji utama,
sangunira kang yekti tega ing pati,
sabar lila ing donya.
9. Ana dene marga kang sejati,
saking manah kang rila ing donya,
sabar tur tega patine,
selamet jrone kalbu,
sampun cidra dhateng sesami,
aja nguwasan jalma,
ala becikipun,
sarta nyaringana manah,
lamun dalu aja akeh-akeh guling,
kang brata marang Hyang Sukma.
10. Keranane wong urip puniki,
nora wande yen benjang perlaya,
yen mati ngendi parane,
upamane peksi mabur,
mesat saking kurunganeki,
endi pencokanira,
menawa kaleru,
upamane wong neng pasar,
nora wurung ing tembe kelamun mulih,
mring negara kang mulya.

11. Eling kaki denira ningali,
liwat gawat jerone sekarat,
yen kandek kandah nyawane,
yen gancang pesthi kabujung,
yen acincing pesthi kepancing,
yen cendhak kalelepak,
den awas ing kalbu,
dalane maring sekarat,
lamun gelis manawa sira kapilis,
tuwas-tiwase lampah.
12. Wong sekarat iya dumeh gelis,
aja dumeh yen suwe punika,
wateke wong dhewe-dhewe,
nadyan suwe yen rahayu,
nadyan gelis yen **nora titi**,
gelis kang oleh **gampang**,
jeneng sinarimpung,
nadyan gampang iya namar,
nadyan gampang narik tingkah kang sirik,
karyane iblis laknat.
13. Lampahira den saring kang bener,
abrantaa marang Nabi kita,
rare anom keh dudune,
amba wus tutur-tutur,
nora nana ingkang den pikir,
anasar ambelasar,
pedhut andherudhut,
tan ana marga den ambah,
wus ngalami kupur lawan kapir,
sabab wus nyekel rasa.
14. Dudu rasa kerasa ing ati,
dudu rasa kaki pepacuhan,
dudu rasa kang ginawe,

dudu rasa kang gumuyu,
dudu rasa rasane lathi,
dudu rasa wong mangan,
krasa nyamuk-nyamuk,
kabeh iku dudu rasa,
ingkang krasa ana ing jisim puniki,
rasa mulya mesesa.

15. Gampang ewuh kaki wong ngaurip,
iya oleh wau engkang derma,
nembah muji tanpa gawe,
mangsa kayaha kalungrung,
yen kenaan panembah muji,
wong ahli syarak ika,
anglir tawon kambu,
katuju padha buktinya,
suwargane apan padha den rasani,
rumangsa adoh nraka.
16. Wassalatu wassalamu kaki,
iya iku badane Muhamad,
kawruhana ujar kuwe,
kang napas wassalamu,
ingkang nafi kawan perkawis,
awit jalma kang wuninga,
pesthi yenora den aku,
kelawan umat Muhammad,
lamun sira sayekti nora ngawruhi,
den wor ing sato kewan.
17. Wong sembayang pan durung ayakin,
puji donga padha cecangkriman,
besuk yen mati kepriye,
yaiku dipun weruh,
ing dununge sukma sejati,
jatine iku jalma,
bangsane wong luhung,

kabeh iku kawruhana,
ujar iki den arani ngelmi sejati,
dha sira ngulatana.

18. Ujar kapir kupur kang sayekti,
iya iku pawore Hyang Sukma,
ingkang lembut pinaringe,
tan ana lu dinulu,
datan ngrasa tan ngerasani,
tan paran pinaranan,
sejatine suwung,
suwunge pan iku ana,
ing anane puniku rasa sejati,
nora kena rinasanan.
19. Yen datan wruh ujarku kupur kapir,
tan samar denira anembah,
meksih ngawur-awur bae,
ingkang wus tumekeng kayun,
iya iku ingkang sejati,
wekasane kasedan,
kapir kupur iku,
ya Allah ya Muhammad,
iya adhep iya rasa iya urip,
iya jatine Islam.
20. Ingsun ngrungu kala ingsun alit,
nora Islam dumeh ra sembayang,
tan Islam dene gawene,
tan Islam dene wujud,
nora Islam dene pakarti,
tan Islam dennyu upa,
ewuh ujar iku,
ewuh tegese wong Islam,
yen maksih anampik ya milih,
mangan halal lan haram.

21. Kaya paran tegese wong mati,
sukmanira mesat saking raga,
mring ngendi benjang parane,
lamun iku mring luhur,
sasar susur ngelmune cantrik,
lamun silih mangandhap,
ngelmune kepaung,
sasare ya pitung mazhab,
yen tan lunga saking raga iku kaki,
pesthi bingung ngelmunya.
22. Lamun ngetan ngulon upameki,
nadyan ngidul atawa ngalora,
pesthi cocok kaweruhe,
sang dhandhang alon muwus,
anambungi wecana manis,
heh naga jarwanana,
sampune puniku,
aja amiyak larangan,
kabeh iku iya ngelmune Hyang Widi,
wong anom padha wruha.

XXIII. SINOM

1. Wonten wong ayu utama,
kelangkung bisa ceraki,
tur sambi solat sembayang,
Sang Ayu nyorahi ngelmi,
ingkang dipun kawruhi,
perkara sunat lan fardhu,
wajib jaiz lan mohal,
miwah sipate Hyang Widi,
lawan Islam iman tauhid lan makrifat.
2. Curakene gegalihan,
kang sinimpen jrone ati,
tan ana kuwawi tumbas,
angetane Sang Puteri,
sami kuwawi ugi,
yen becik panrimanipun,
kang tumbas sida wayah,
lawan adus pulasari,
pilih-pilih kang jejamu gegalihan.
3. Lamun ana ingkang tumbas,
gegalihane Sang Putri,
akaryaa lampah sabar,
iya selawase urip,
tan kena lara gering,
yen nedya angetanipun
malah teken akherat,
nawarena lara gering,
malah langgeng iya datan kena rusak.
4. Yen arsa jejamu sira,
gegalihane Sang Putri,
iku tan kena kejambar,
jamu iku luwih mandi,

yen sampun klakon jampi,
sukere badane larut,
mila nora kebabar,
wernane kang ponang jampi,
yen mangkana pesthi rusak badanira.

5. Wong kathah datan uninga,
wernane galihan adi,
mila tan kena kajarwa,
jamu iku luwih mandi,
totosane Sang Suputri,
pan iku juruki ngelmu,
dene nora nana pirsa,
regane dipun panceni,
bungah-bungah manahe kang sampun wikan.
6. Mindahé sampun jamua,
ing galihan adi luwih,
lagi ningali kawula,
pan angetira linuwih,
ing sejagad puniki,
tan ana kadi puniku,
angetipun kalintang,
tan ana ingkang madhani,
nanging arang ingkang jamu gegalihan.
7. Saweneh ana kasmaran,
ningali estri ceraki,
galihan langkep sedaya,
sekehe kang den lakoni,
keraos telenge ati,
kudu sabar lakunipun,
saben dina puwasa,
sarta tetep pangabukti,
dipun sabar kangmas yen katekan lara.
8. Cerakine gegalihan,

sinimpen jerone ati,
nora wurung yen widaran,
wadine Rahaden Dewi,
ananging datan udani,
wernane totosanipun,
sami lamur sedsaya,
tan weruh lamun ningali,
lan pupuha kang aran toya perwita.

9. Yen sira arsa wuninga,
jalu kapupuh Sang Putri,
ingkang gadhah gegalihan,
wus pepak ceraki ngelmi,
datan ana darbeni,
banyu kang kinarya pupuh,
supaya den oleha,
lamun sira ora ngabdi,
langkung barang kang aran toya purwita.
10. Yen sira wus pinupuhan,
prayitnane banyu urip,
awas marin gegalihan,
aja samar jrone ati,
marang totosan adi,
sarta pituduhe guru,
yen sampun awas sira,
jejamu rina lan wengi,
luwih langgeng mupangat teka akherat.
11. Lamun sira wus wuninga,
aja pegat aningali,
lampahana manjing medal,
jejamu kelangkung adi,
den saringaken bersih,
yen sira wus nginum jamu,
sirna kabeh badannya,
sagelugut tanpa keri,

nora nana kang wujud amung Pangeran.

12. Wernane gegalihan,
alembut ngebeki bumi,
lamun ageng kang katingal,
adoh perak datan sepi,
perandene datan uning,
bejane kang sampun weruh,
tan ana raose ika,
sirna sembah lawan puji,
iya iku kalane wus nginum toy.
13. Kang aran toy purwita,
arupa tan ana warni,
nora enggon nora arah,
tan ana kanan lan kering,
tan ana ngarep lan buri,
nora ngisor nora luhur,
nora nana ing selira,
ingkang mimbuhi sejati,
kabeh-kabeh iya karep marang ora.
14. Lamun sira tan wuninga,
nora bisa nginum warih,
dadine angawang-awang,
kang dudu den dalih urip,
iku den sengguh yekti,
milane akeh wong klurung,
dene tan purun tanya,
iya dudu den arani,
iya iku jenenge wong kudhandhangan.

XXIV. DHANDHANGGULA

1. Wonten tutur ngibarate ngelmi,
nenggih tiyang Ngabesi upama,
neng gisik pitekur dhewe,
tan dangu Ki Pangulu,
ingkang rawuh tur sarwi angling,
"heh sira iku wong apa,
dhengin liwat busuk,
ingsun datan bisa mulat,
dene sira datan lumrah ing sesami,
age sira lungguha".
2. Ki Ngabesi matur semu isin,
ngaturaken pangapura tuwan,
dhateng kawula ing mangke,
Ki Pangulu tinembuñg,
wonten sipatanira singgih,
sipate wong pribadya,
jengandika wuwus,
kawula wong nistha ina,
nuwun berkah tuwan paringana esih,
inggih dhumateng amba.
3. Ki Pangulu mojar sarya bengis,
heh Ngabesi ingsun datan sukak,
ngucap lawan sira kowe,
kadya sengguh kang wuwus,
duk ing kuna ingsun ngulati,
iku kang ingsun imana,
eman ingsun muruk,
marang sira yen anaa,
iya ngelmu ingkang saking luwih becik,
eman ingsun wurukken sira.
4. Sang Ngabesi matur melas asih,

inggih tuwan kawula dika wejang,
ujare sipat mangkene,
segara tan tepeku,
ana papan kang tanpa tulis,
tunjung tanpa telaga,
sapa gawe ingsun,
lamun Pangeran karyaa,
ayun weruh pernahe wonteni ing pundi,
mara ana ing sapa.

5. Damar murub tanpa sumbu nenggih,
dhaun ijo tanpa wareksanya,
modin tanpa gendhing mangke,
sentak pisan wus tutug,
tanggal pisan purnama sidik,
panglong grahanan pisan,
heh ta Ki Pangulu,
kawula nedha barkah tuwan,
Ki Pangulu mpun taha-taha mring mami,
amba anedha barkah.
6. Aksarane punapa rumiyin,
ingkang Quran kula nedha pirsa,
lan pira lanang wadone,
pundi sedayanipun,
jadi panglong tuwan puniki,
ingkang ngarani sapa,
sapa ningkahneku,
wong mangan sapa kang ndulang,
yen datan weruha sejatine kapir,
padha lan sato kewan.
7. Ki Pangulu nggraita ing galih,
inggih pesthi kula nedha halal,
nedha ngapura wiyose,
kawula ngina klangkung,
dhateng tuwan anuwun ing sih,

angsala barkah tuwan,
saking kami purun,
tetapi mangke kawula,
nedha berkah ingkang tuwan ucap neki,
kawula dika wejang.

8. Sang Ngabesi wuwusira manis,
insyaallah ing barkah Panutan,
iya mangkene semune,
sipatira kang luhur,
kang segara atanpa tepi,
endi kang dudu Allah,
Allah kabeh iku,
kawula tanpa wuninga,
sirna lulut ingkang dzatullahi singgih,
iku sang raga mulya.
9. Ana papan ingkang tanpa tulis,
semunira pan kadi punapa,
sawuse bawur tingali,
tan ana dasih ulun,
anama pengresa sejati,
ing mangke kadi kuna,
rasa jatinipun,
sirnane kang rasa tunggal,
rasa jati ya rasane tunggal urip,
iku tunggale rasa.
10. Sasmitane tunjung tuwuh singgih,
tanpa toya ing wau punika,
roh idlofi sejatine,
ana dzatullah iku,
iku sabda kang luwih wingit,
lawan ana suwara,
aja sira rungu,
tedhakken kang duwe tandha,
kang sumandhing aja angarani Gusti,

semune eneng sira.

11. Ki Pangulu ing mangke sireki,
ngerasaa yen sira kapurba,
padha lan kewan idhepe,
pan samubarang iku,
amurbaa mangke ing dasih,
mangke dudu Pangeran,
upamane iku,
kadi dhalang lawan wayang,
ananingsun kadi sarasa sejati,
ananira Hyang Sukma.
12. Damar murub tanpa sumbu neki,
semunira urube neng ngarsa,
dzat mutelak sejatine,
kadi banyu mot banyu,
lir wong ngilo rasa sejati,
punika ngaranan dzat,
dzat mutlak puniku,
mapan tunggal ananira,
bangsa iku ujare kang sampun sejati,
Muhammad Rasulullah.
13. Dhaun ijo tanpa wreksa kaki,
semunira pan urip punika,
iya kaleru anane,
sirnane dasih iku,
kang jumeneng uriping Gusti,
urip-uripe para,
pan sampun kaleru,
dadine tunggal uripnya,
tanpa werna uripe dasih puniki,
sampurnane syahadat.
14. Semunira kang modin puniki,
tanpa gendhing apa mawi cipta,

nora nana agamane,
agama kang rumuhun,
ingkang sampun wasise jati,
tan nyimpang ngelmunira,
satuhune iku,
dudu khalik lan kawula,
sirnanira wus tunggal anyar lan kadim,
Allah Muhammad Adam.

15. Sentek pisan apa anigasi,
sipatira ing mangke punika,
dene wus liru anane,
tingalan liru iku,
ananira anane Gusti,
anane Gusti ika,
ya ananireku,
ya werna paningal tunggal,
rasa jati rasane tunggal lan urip,
sirnane padha ana.
16. Tanggal pisan purnama sidik,
panglongira pan grahana pisan,
iya iku ing semune,
ing mangke kadi wau,
ingkang rasa rasa sejati,
semangkin dadi kuna,
ananira iku,
kadya sadurunge ana,
ananira ing kuna tumekeng akir,
anane sgara ika.
17. Kang grahananan alip tamsur iki,
dudu sastra kang tamsur ika,
iya roh idlofine,
alip tamsur puniku,
ora kena ingucap malih,
yaiku ingaranan,

sipate Hyang Agung,
angaranan Rasulullah,
alip iku iya urip kang sejati,
iya iku Al Quran.

18. Nora kena lanang lawan estri,
asalira karone punika,
saking Muhamad asale,
Adam kang yayah ibu,
saking Ahmad puniku singgih,
roh yayah ya ing nyawa,
ya Muhamad iku
milane ana pernata,
saking Ahmad ingkang saget jalu estri,
tunggal ing sebutira.
19. Para ngadeg pangulu puniki,
dudu para jumeneng puniki,
dudu ratu ingkang gawe,
pan Allah jatinipun,
sejatine kang ngaken geni,
ing mangke jeneng para,
Muhamad kang dinut,
Ki Mukmin takbiru Allah,
iya takbiru Allah puniku nenggih,
nggih ana Rasulullah.
20. Allah Muhamad pawore puji,
iya donga iku lawan asta,
tatkala asalat mangke,
miwah jeneng pangulu,
miwah mukmin pawowore singgih,
pawore jawab asta,
lawan sira iku,
lah kaki wowore Islam,
jawab asta kawruhana kang sayekti,
yeku pawore salat.

21. Kang ningkahna kala sira rabi,
ya Pangeran ngawinken Muhammad,
Pangeran iku waline,
Jabarail sahidipun,
sira kawin sajrone masjid,
seksine Jauharawal,
nggone puylang kayun,
pulang kayun jrone ningkah,
maskawine ya ngelmu rasa sejati,
iya dzat aranira.
22. Sujud rukuk mapan sunat jati,
ingkang ferdhu iku ngelmunira,
ngelmu dzat iku jenenge,
iya ingkang karuhun,
sujud rukuk katur ing Widi,
lenggah sawuse dadya,
insan kamil iku,
jenenge keratonira,
ngelmu jati arane ingkang sayekti,
anggone eneng para.
23. Ki Pangulu sira sun tuturi,
kalanira mangke eneng sapa,
kang den pasrahi maune,
yen sira tangi turu,
elingira ana ing ngendi,
pan alip jenengira,
tan beda sireku,
anane Allah punika,
uripira kabeh sastra iku alip,
yaiku tingal para.
24. Lamun tunggal nyatane kakalih,
kakalih iku iya mapan tunggal,
iya iku panembahe,
lamun sira sampun wruh,

saobahe ya tunggal singgih,
aja sira liyan-liyan,
tampanira iku,
manawa kaleru tampa,
ya margane kelangkung rungit,
yen ora antuk warah.

25. Ki Pangulu den awas ningali,
ujar sakecap laku satindak,
lan meneng saenggon/nggone,
lah poma dipun weruh,
tingkahira sawiji-wiji,
yen sira ayun tanya,
sabda ingkang luhung,
iya iku panggugahan,
sabda iku iya wekasane urip,
poma dipun waspada.
26. Ki Pangulu meneng datan angling,
pekenira yen dereng kabuka,
iya mangkene patrape,
ujar sakecap iku,
mapan Allah kang ngucap singgih,
jatiné ucape Allah,
dudu kawuleku,
tegesira kang ngucap Allah,
kang den ucap iya Allah kang sejati,
ngaranan dhewekira.
27. Tegeesira laku stindak iki,
ananira ingkang johar awal,
rasa nur jati uripe,
nora roro urip iku,
anging Allah kang sipat urip,
tunggal kahananira,
iku nyatanipun,
kang urip padhane pejah,

ananira ora beda lawan urip,
ya lakune syahadat.

28. Lamun syahadat nggonipun kaki,
ananira iya ingkang rasa,
rasa nur jati uripe,
datan ngulali ingsun,
mapan nyata polahe jati,
heh bapa Allah sira,
sira iya ingsun,
dene cipta tan berbeda,
Allah kabeh kaweruhana puniki,
tan awor tan gepokan.
29. Ingkang sampun maguru sejati,
salatira sanalika ora,
kaperah ing wong akeh,
laire wong puniku,
nora beda percaya singgih,
salat wektu lelima,
sujud lawan rukuk,
iku sejatine tunggal,
lan wong okeh iku sinebat hakiki,
kang maca sami kasmaran.

XXV. ASMARADANA

1. Tuture layang puniki,
dhateng ingkang karsa maca,
miwah kang miyarsa kabeh,
padha sira rasakena,
yen sira arsa tama,
tutur syahadat linuhung,
syahadat dudu kalimah.
2. Kang weruh Islam sejati,
syahadat dudu kalimah,
kang den ucapaken mangke,
iya manuk bango buthak,
buthake tur thak-enthak,
ana gana eneng wakul,
anake pating baresat.
3. Sang bango lawas nunggoni,
anake pating baresat,
iku syahadat kinaot,
iku padha rasakena;
buthak tur ngenthak-enthak,
ana gana eneng wakul,
ika Islam wus nyata.
4. Syahadat sapisan iki,
sinten kang eco ing manah,
poma rasukena angger,
ujare kuna-kuna,
ulatna kang kinira,
aja ampas kang den rebut,
sayektine nora eca.
5. Kang Islam sejati iki,
kang ngucap ing bango buthak,
kang sampun weruh jatine,

- pesthi iku aran Islam,
wus wruh panggonanira,
iya bango buthak iku,
sarine ingkang syahadat.
6. Kang aran sarine malih,
iku sira kawruhana,
sang cublak-cublak suwenge,
suwengira si gulentar,
mambu ketundhung gudel,
pedhota alera-leru,
iku sirnane syahadat.
 7. Lan sira takona kaki,
takona jatine Allah,
bari lumayu tuture,
takon jatine manungsa,
pesthine nora weca,
iku nugelaken gulu,
larangane pra pendhita.
 8. Sejatine kang angudi,
takona jeneng manusa,
lamun ana tutur mangke,
jatine manusa ika,
kang aran bango buthak,
iku syahadat kang wus rampung,
wus wruh jatine manusa.
 9. Milane ora kepanggih,
den ulati ngalor ngetan,
mangidul miwah mangulon,
aran jatine manusa,
pakaryane ora ana
jatine manusa suwung,
tanpa werna tanpa rupa.

10. Njejaluk muhal sejati,
suwunge iku tan ana,
wong lumpuh lumayu age,
cilike ngeseki jagat,
buthak tur ngenthak-enthak,
buthakira angrembuyung,
teladha sakehe rupa.
11. Iku syahadat kang pesthi,
ya sejatine manusa,
lamun sira tan wruh mangke,
pira bara yen Islamia,
ingsun pemut marang sira,
syahadat kalimah iku,
arane Islam pranata.
12. Wong sewu tan angsal kalih,
kang oleh Islam sampurna,
Islam bangsa hukum wae,
nyatane iku wong Islam,
padha nembah maring Allah,
tan weruh yen dadi kupur,
amadhanji maring Allah,
13. Kang teka Islam sejati,
awas maring bango buthak,
lan cublak-cublak suwenge,
suwengira si gulendar,
mambu kethundhung gudyal,
pedhota alera-leru,
wusana dadine jagat.
14. Lamun sira datan uning,
ulatana den terginas,
poma dipun panggah angger,
ingkang aran bango buthak,
buthak tur ngenthak-enthak,

- lamun sira durung weruh,
pesthi sira durung Islam.
15. Ingkang aran Islam pesthi,
dudu kang aran kalimah,
dudu aran rukuk mangke,
neja tauhit lan makrifat,
lah iku dudu Islam,
iku pertandhane ngelmu,
undhak-undhak kang pocapan.
16. Kang awas Islam sejati,
iya weruh bango buthak,
lan weruh cublak suwenge,
pesthi weruh mring syahadat,
lan wruh tanahe pisan,
lan tanahe kang alebur,
kabeh karep marang ora.
17. Datan wujud ingkang pesthi,
liyane kang bango buthak,
lan cublak-cublak suwenge,
wuwengira si gulendar,
iku aran manungsa,
iya cublak suwenga iku,
lakune bango buthak.
18. Kang sanget sira prihatin
ulatana bango buthak,
lan cublak-cublak suwenge,
ujar sira sembrana,
tuture murat punika,
yen tan weruh pesthi kupur,
tan wruh syahadat sapisan.
19. Sirnane syahadat jati,
ingkang aran nafi isbat,
kang waspada ing dununge,

iya ingkang nafi isbat,
iku dipun pertela,
iya wujud ingkang makdum,
iya Gusti iya reyang.

20. Anenaton ingkang sepi,
sepinira sarwi surak,
ana gurem alelakon,
amikul wukir segara,
alam jerone toya,
uget-uget nguntal gunung,
jejaka rabi sekawan.

XXVI. DHANDHANGGULA

1. Upamane raganira iki,
kadi wayang kelawan ki Dhalang,
apa karsane dhalange,
wayang darma lumaku,
nora duwe polah pribadi,
menyang karsane dhalang,
ingsun anut pungkur,
sasolahingsun sedaya,
mapan iku karsane dhalang sejati,
kawula tan duwe polah.
2. Upamane raganira iki,
pan kinarya nyatane Ki Dhalang,
wujud ingsun iki dhewe,
dzat sipat nika tuhu,
miwah mangke ya afngal mami,
pan kinarya larapan,
dhateng dhalangipun,
nanging nyata nora nyata,
sukma agung yen ana ing ringgit mami,
dhalang mangsa nyataa.
3. Wujudira dhalang lawan ringgit,
tan perbeda kahanane tunggal,
lan ana iku karone,
aja katungkul ndulu;
lamun tunggal pesthi yen sisip,
lamun pisaha sira,
tingale wong bingung,
yen perbeda lawan sira,
tekadira kadi tekade wongka kafir,
anembah tawang-tuwang.
4. Lamun sira anonton kang ringgit,
den waspada wau ingkang dhalang,

kelawan wayange mangko,
miwah kelir puniku,
lan panggunge puniku singgih,
miwah kothake pisan,
panjake den weruh,
gamelane den uninga,
beloncōnge pan sira dipun patitis,
arane kawruhana.

5. Tegesira dhalang kang sejati,
wus anukma ing gamelanira,
iya iku den awaske,
aja sira ya kerut,
iya maring penonton ringgit,
aja manut gamelan,
denira andulu,
den waspada tingalira,
nora wande sira melu-melu kaki,
iya wong nonton wayang,
6. Lamun sira awas nonton ringgit,
mundhak cekar iya raganira,
selaka abang semune,
sepolahe puniku,
raganira kapurba iki,
iku saking Ki Dhalang,
dhalang puniku,
polahe nora perbeda,
iya wayang iya dhalang kang sejati,
tan ana rasa rumangsa.
7. Dhalang wayang sejati puniku,
wujud dhalang tunggal tan kena pisah,
tan awor iku anane,
lamun pisaha suwung,
lamun tunggal dadine sirik,
wujude dhalang ika,

saking wayangipun,
wujude wayang ika,
saking dhalang dadine genti-ginenti,
mohal lamun barenga.

8. Nora keri mapan nora dhingin,
datan awor dhalang lawan wayang,
nora tasalsul arane,
nora jaba datan jero,
nora ngandhap lan nora nginggil,
ya dhalang lawan wayang,
den weruh satuhu,
aja ketungkul banyolan,
den waspada banyolan datan sejati,
ringgite wujud tunggal.
9. Dhalang iku pan tetiga singgih,
wujud hak lawan wujud mutelak,
lan wujud batal arane,
iya wayang puniku,
nora beda punika singgih,
iku dipun waspada,
dhalang kang hak iku,
kelawan kang dhalang mutlak,
dhalang batal arane wayang puniki,
iku dipun waspada.
10. Lan Ki Dhalang sejati puniki,
anembaha ing wayang punika,
anembah karsane dhewe,
iya wayang punapi,
sembahe sapa ika,
lamun wayangipun,
ingkang anembah punika,
pesthi sasar paningale dadi kalih,
yeku wong nonton wayang.

11. Pesthi iya kawula puniki,
nora nembah iya mring Pangeran,
yen nora nembah kepriye,
ya kawula puniku,
anembaha marang Hyang Widi,
pesthi kapir punika,
yen tan nembah kufur,
milane dipun waspada,
yen tan nembah munafik dhateng Hyang Widi,
fasik lamun nembaha.
12. Lamun ana kawula puniki,
yen nganggoa anembah ing Allah,
pesthine bilai gedhe,
tekadira wong kufur,
satemene jenengireki,
matia durung Islam,
kang aran puniku,
aran nembah ingkang aran nembah singgih,
iku wong kanthi rasa.

XXVII. KINANTHI

1. Siyang lan dalu kadalu,
suprandene nora uning,
pilih jalma kang uninga,
kalingan paningal neki,
miyarsa kalingan karna,
angucap kalingan lathi.
2. Cipta buwana angutus,
sacukupe bumi langit,
there ya amanca warna,
den sami prayitneng galih,
akeh wong kandhev suwara,
miyarsa puji lan dhikir.
3. Mengu-mengu kapirungu,
miyarsa unining gendhing,
mangkana Ki Dhalang purba,
terginas amasang kelir,
lakune dhalang jaruman,
tegese dhalang sejati.
4. Ki Dhalang sampun amanggung,
kang nonton sampun amulih,
karipan anonton wayang,
kawitan durung mucuki,
wayahe purba wasesa,
sejatine kang wruh gaib.
5. Dhalang wayang kelir suluk,
akeh wong kang ngaji warti,
kudune tigang perkara,
jumenengira kekalih,
lawan murade kumpulan,
kumpule dadi sawiji.

6. Wayahe wus esuk-esuk,
sedhenge angracut kelir,
miwah ingkang aran dhalang,
mbokaton kang eneng wuri,
dhalang wayang derma punapa,
yen weruh surube kelir.
7. Poma kaki dipun rungu,
den awas kang aran kelir,
miwah ingkang aran dhalang,
wayange dipun patitis,
lah kaki aja sembrana,
kang branta sira prihatin.
8. Miwah pacak kothakipun,
gamelane dipun uning,
panggungane kang waspada,
blenconge dipun patitis,
wekasan ingkang wus wekan,
yen tan weruh dadi guris.

XXVIII. GURISA

1. Kakang Dudha ingkang ingsun takon,
urip iku lawan apa,
gedhe mundhak awakira,
uripira ora klawan kira-kira.
2. Kakang Dhudha kaya uripira,
Pusparanu nama bujangga,
Kakang Dhudha uripira,
lir tunjung tanpa telaga.
3. Kakang Dhudha ing ngendi Pangeranira,
kutut gung kang peksi cinadu rasa,
lah iku kaweruhana,
kang ngucap ya jeneng para.
4. Kakang Dhudha sapa gawe uripira,
garu dhadhar bungga jangga,
kang yogya sediya baka,
dadine lan dhewekira.
5. Kakang sapa molahaken para,
meneng keratinanu praja,
ngapuspita obah para,
wasesa tanpa kerana.
6. Kakang endi Pangeranira,
dheweke ing jenengira,
sawo sempal wohe ika,
saking ora mila dadi ana.
7. Kakang Dhudha yen mati endi nggonira,
candu resmi kang putra katiyub barat,
lir kulayang raganira,
saenggon-nggon olehe tumiba.

8. Kakang Dhudha jrone pati nemu apa,
kunir pita putra nata,
jrone pati ora ana,
ora nemu apa-apa.
9. Kakang Dhudha kaya paran syahadat reka,
gula drawa prabu yeksa,
bayu lumpuh bisu wuta,
bisunira tan pegat ngucap.
10. **Kakang Dhudha** neng ngendi Pangeranira,
ananing Hyang dhewekira,
kala ngungun panempuh praja,
kali jiwa kesaput dening asmara,
11. Pujinira kalungrung tempuh parannya,
aja tinggal sembah puji tan kena,
toya reka kecancang ing martalaya,
gering yen wowoha kang sinembah.
12. Kakang Dhudha kaya paran sembah reka,
den aweruh ing sembah,
tingal roh jati ika,
iya iku tegese sembah.
13. Kakang Dhudha kaya paran pujinira,
tingale rohani ika,
tan tebih ing raganira,
yen adoh tan sah panembahira.

XXIX. SINOM

1. Kakang Dhudha ngraos marga,
nora arsa madha margi,
den awas marga sampurna,
liyan marga ana singgih,
iku dipun patitis,
paribasan jebuk arum,
kang kambang binesut mudha,
pegel temen awak mami,
yen kebabar ana sajrone peprangan.
2. Wuluh alas rerambatan,
wong adol tangan pribadi,
pesthi sira binabaran,
yen lamun angawulani,
kayu panggugah santri,
kelor wana raganingsun,
yen dereng wruh punika,
kerungu ya nora uning,
gowok jenar selaka bang werna tiga.
3. Kang kuwasa dhewekira,
sepuhun ing awak mami,
kelangkung ngungkikh Mbok Randha,
wuwuse amelas asih,
Kang Dhudha kadi pundi,
lena mangke awakingsun,
kang pasang pernah ika,
jenu wana kenthang sabin,
yen kebabar wecana tanpa gaweа.
4. Ni Mbok Randha angandika,
maring sasmita kang lungit,
puspa lulut gunung malang,
walere pegat ingkang sih,
telas sanakan mami,

tan percaya sira iku,
sudi ta dipun sabar,
Ni Mbok Randha ujar neki,
pundhak jengkar patihnya Rajunasasra.

5. Kebabara marang sira,
Ni Mbok Randha angemasi,
sampurna lungite cipta,
toya raga awak mami,
metu tlagane uni,
den waspada sira ndulu,
yaiku lampahira
upamane banyu mili,
sajenenge manusa mangsa kandele.
6. Kaya paran kakang Dhudha,
solatira kang sejati,
anglir toya saking raga,
raina wengi amili,
tanpa kendel puniki,
tanpa wulu tanpa wektu,
tan ana wayahira,
wong ing sembah ya ing puji,
meneng muni mangan turu dadi solat,
7. Sapoluhe dadi sembah,
guyunira solat daim,
jrone turu buktinira,
solat daim pernah neki,
jro takbir wujud kalih,
sabdakena mangke iku,
jerone sembah ika,
solat daim pernah neki,
iya kakang Islam iku kang sampurna.
8. Yen wus tunggal imanira,
dadi manjing kufur kafir,
sampurna maring ing Allah,

Ni Mbok Randha muwus aris,
klampis arane abrit,
sirna ilang raganingsun,
kawak jenar dhuh kakang,
sarirane datan kari,
keranane anembah sabdane purba.

9. Gumelar ngebeki jagat,
iya purbane Hyang Widi,
akeh kadi sekar sangka,
sanakira mindha warni,
Kakang Dhudha punapi,
ameneng tan kena muwus,
wadung pari dhuh kakang,
satriya saba ing puri,
kaningaya wong anembah maring Allah.
10. Kakang Dhudha kaya paran,
Pangeranira sejati,
kangkung kang tinandur jalma,
den pertela polahncki,
kemangga sabeng wanadri,
sumandhing sira tan weruh,
jenu tawa dhuh kakang,
ja tungkul lahiria ngaji,
den waspada ingkang murba awakira.
11. Walang gepuk ijo larnya,
ketambuhan sira muji,
pujine kang dadi sembah,
pan sembah-sembahe puji,
ing sira den udani,
pernahe neng seliramu,
milane dipun waspada,
buron lit munggeng pasisir,
den ngapithing wong awas maring Pangeran.

12. Bebek alit saba toya,
wira-wiri angulati,
tan weruh yen ana mara,
sejatine kang ngulati,
kara gung kang mendemi,
aja ſira lengak-lenguk,
kedanan mring pawarta,
widhung gelang sun wastani,
kapiluyu wong anembah maring Allah.
13. Candu resmi Kakang Dhudha,
lamun nembah den patitis,
bengkung tigung dhuh si kakang,
bengkung bang awoh bedhidhing,
aja ganas sireki,
yen nembah marang Hyang Agung,
kayu rineka jalma,
kang yuyu saba pasisir,
kawidhungan wong nggoleki mrang Pangeran.
14. Aja nangis Kakang Dhudha,
pan nora nana wong mati,
sukmane salin negara,
saweneh ngarani mati,
tan weruh lamun urip,
asalin negara agung,
sutya cobane sukma,
raga kang kari satiti,
candu resmi kang putra katut ing barat.
15. Lir kolayang raganira,
sulung dagang sun westani,
adas pulasari jingga,
wus wayahe jasad kari,
sembilang taji kalih,
ya layone dipun weruh,
tangkil karang kwula kakang,

tan wande atinjo benjing,
kunir pita ketemu eneng ngayunan.

16. Pari slawe gendheng ika,
padha slamet ngaweruh,
kang kinarya peksi duta,
temahane badan mami,
sun kira pekat iki,
walulang rinéka ratu,
tan wruh yen wewayangan,
kadi ombak lawan warih,
jro segara kumpule jasad sedaya.
17. Pundhak jengkar Kakang Dhudha,
kang sastra jerone tulis,
polah perkarane donya,
yen ora lali ing dhiri,
citra wangkil sun westani,
lebur papan tulis iku,
awor tan kena pisah,
keraket dadi sawiji,
sampun sirna nora nana paran-paran.
18. Lamun sira pejah benjang,
sayektine nora mati,
ingkang karihin titipan,
dhateng ingkang Mahasuci,
lah iku den udani,
pernahé neng seliramu,
wajib sira ngulihna,
kathahe tigang perkawis,
mati ilang mulih nora nukma liyan.
19. Kawruhana dipun nyata,
pituture ingkang tulis,
andulu wujud wastanya,
ing ngarsa koripaneki,

jeneng manusa iki,
kang den dadekken rumuhun,
dadine asal kang rasa,
kawruhana sira kaki,
iya iku asale ingkang manusa.

20. Mapan karsane Hyang Sukma,
kenyataaan iku kaki,
nyataaken dhewekira,
lantaran manusa iki,
dadine rasa iki,
tinibakaken ing banyu,
jinuluk sipat jamal,
ingkang lanang araneki,
sipat jalal arane kang lanang iya.
21. Wus teka bapa lan biyang,
kamulane iku dadi,
wit roro dadi satunggal,
kang lanang rasane manis,
kang wadon rasane madi,
acampur karone iku,
amrih nedha munfangat,
asih kinasihan sami,
karepira esteri kelawan priya.
22. Dadine campur kang rasa,
sareng campur rasa mani,
kelawan manine rasa,
manikem ya aran neki,
ngararanan kasuma di,
dudu ingkang getih iku,
nibakken segara anakan,
nora gedhe nora cilik,
iya iku angaranan wadhah sutu.

23. Arane wewadhhah ika,
tegese wewadhhah getih,
sang abu her aranira,
wewadhhah ingkang winarni,
abu ayub mengis,
kelawan wadhhah roseku,
abu nanging arannya,
arane wruhana kaki.
mapan campur rasane wadon lan priya.
24. Iku dadi rasa tunggal,
rasane pawestri singgih,
campuhe rasane lanang,
nyatakaken dadi neki,
jenenge manusa iki,
amesthi Allah Kang Agung,
ala lan becikira,
ing azale wus pinesthii,
Islam kapir duk kuna Islam sedaya.

XXX. ASMARADANA

1. Wus janjinira Hyang Widi,
jenenge agama Islam,
mapan iku kekasihe,
jinaten jerone kuna,
jenenge kalimah ika,
pan tetiga kathahipun,
kang dihin mutawilah.
2. Mutatitah kaping kalih,
ping tiga mutaahirah,
wus jinaten kawulane,
kawula selaping kuna,
nora kena sinenggahan,
kapir lawan Islamipun,
pan wus takdire Hyang Sukma.
3. Tanpa papan tanpa tulis,
syahadat mutasitah,
mutawilah ya tegese,
anganggo tulis lan papan,
iku kaki bedanya,
den nastiti sira kulup,
aja kaleru ing tampa.
4. Nora beda kang sinung sih,
wus jinaten duke kuna,
iya teka ing Hyang Manon,
ya kapir kelawan Islam,
sejatine iku ya,
Allah gawe roro iku,
suwarga lawan neraka.
5. Den patitis sira kaki,
aja sira kumelamar,
dadi kapir ing temahe,

- alanggeng eneng neraka,
ngelmu kang sampurna nyata,
nora suka sirik iku,
yeku laku kang sampurna.
6. Pan segara tanpa tepi,
wiwitan jenenge nama,
dzatullah iku semune,
nora kena winicara,
ya jeneng dzatullah iku,
sejatine wong puniku,
ingaran dzat setmata.
 7. Tegese segara luwih,
tan ana pepadhanira,
mapan amot sekabehe,
apa isine segara,
apa kang nora nana,
pan wus amot ing nggonipun,
luwih agung purbanira.
 8. Tegese datanpa tepi,
jenenge muhal punika,
yen tan ana kuwasane,
ora arah wujudira,
iya jenenge punika,
tanpa enggon wujudipun,
tan wekasan tan wiwitan.
 9. Kaping kalih kang winarni,
tunjung tuwuh tanpa tlaga,
tunjung banyu iku mangke,
uripe manusa iya,
kaping tiga winarna,
kyai santri modin iku,
tanpa gendhing sipat kalam.

10. Kang bangsa swara puniki,
mohal lamun mangkonoa,
mohal bodho lan bisune,
yogya sami ngestokaken,
iya iku ujar kuna,
tegese ingkang linuhung,
iya iku kang sampurna.
11. Sengenge den api singgih,
semune cahya punika,
Allah tanpa napi mangke,
amadha sejagad ika,
sejatine duk kuna,
kalimputan ing Hyang Agung,
iku ujare mukjijat.
12. Ing wong mati dadi urip,
uripe dadi sedaya,
geni tinub ya tegese,
pundi semune kang napas,
iya iku semunira,
manjing metu lakunipun,
padha sira kawruhana.
13. Wonten malih kang winarni,
banyu kinelem ing toya,
tegese banyu ta mangke,
kinelem toya punika,
jenenge roh lan kasad,
mapan tunggal jatinipun,
kawasesa karo pisan.
14. Wonten malih kang winarni,
bumi pendhem ing tegese,
jenenge pangawruh ika,
ya iku tegese nyawa,
nora pisah jisimipun,

‘ ora samar ing paningal.

15. Wonten kang winarni malih,
ingaranan jati ngaran,
roh idlofi ing semune,
ingkang dadi kenyataan,
kang minangka katunggalan,
kekasihira Hyang Agung,
angaran Rasulullah.
16. Ping sanga ningali jati,
angaran tambine pucang,
tan ningali ing rorone,
tan ana kang katingalan,
anging Allah kang tunggal,
kang teka jenenge suwung,
wus kerem maring Pangeran.
17. Kaping sepuluh winarni,
angaranan kuntul nglayang,
idhep madhep ing Gustine,
wajib datan kena ora,
muhal tan kenanana,
atulawah saben dalu,
yen raina maca Quran.
18. Pengete kang asung warti,
kula datan waged mbabar,
murade layang blakane,
nggih dipun raos kang nyata,
pilih jalma uninga,
lamun dika arsa weruh,
tingalana lamun nendra.
19. Sirnane bumi lan langit,
pan ana wektu mangkana,
den awas ing pandulune,

»

sampun nggalih samar-samar,
surasane kang sastra,
den galih jerone kalbu,
ngemutane lamun nendra.

20. Panuwune kang anulis,
dhateng Rabbilngalamina,
mugi paring ngapurane,
nggen kula nyerat punika,
manawi wonten lepat,
utawi yen datan pethuk,
lan karsane Nabi kita.
21. Peksane sudarma mami,
kawula kinen nganggita,
badhe kidung kasmarane,
carita pitu murtabat,
nanging wiwitan ilang,
kawula borong kalangkung,
datan waget nambahana.
22. Ping tiganipun dzat suci,
dzat subuhun Kang kaping pat,
anenggih kaping limane,
kadim azab abadan,
ping nem dzat setmata,
ping pitu wajibulwujud,
ghaibul ghuyub punika.
23. Lan ghaibul ghawiyati,
iku lah takyun ananya,
suwung awang-uwung kabeh,
bumi langit yen anaa,
iku kabeh takyunah.
samar luwih samaripun,
peting liwuh dhalmatira.
24. Padhang luwih padhangneki,

kang madhangi datan ana,
jero luwih saking jrone,
swiji luwih swijinira,
iya iku dzat mutlak,
anging Allah ingkang wujud,
kang dihin nora wiwita.

25. Tan ana ngadam dhingin,
wekasan tan mawi ngadam,
ana dene ing kunyahe,
nora iku tinemua,
marang sawijinira,
Nabi wali tan andulu,
kunyahe Allah tangala.
26. Sifat asma durung lair,
anging eneng dhewekira,
dzat semata qablal ngiqine,
anging Allahu tangala,
lagi durung birahinya,
datan ana ingkang weruh,
sapa wong kang amrih wekan.
27. Sapa amrih kunyahe jati,
dadi wong iku kesasar,
niyakaken ing ngumure,
sanadyan munggah ngakasa,
mbedhaha bumi sapta,
lan ambedal gunung-gunung,
angesata ing samodra.
28. Satuhune datan manggih,
ing kunyahe sejatinya,
ingkang mangka satuhune,
sekehe ingkang murtabat,
yektine datan ana,
ngungkuli murtabat iku,
ya murtabat ahadiyah.

XXXI. SINOM

1. Ping kalih murtabat wahdah,
wiwitan takyun puniki,
hakekat muhamadiyah,
iya iku roh idlofi,
Nur Muhammad anenggih,
ya bahrul hayawat iku,
kelawan badrul ngalam,
lintang johar kandil sepi,
lawan malih punika akyan sabitah.
2. Iya tunjung tanpa talaga,
kelawan kandil tapangi,
murub tanpa sumbu damar,
gumantung tanpa cantheli,
tigan bisa kluruk ing,
telenge samodra agung,
yaiku takyun awal,
johar awal neptu ghaib,
iya iku purwane kahanan asyak.
3. Selagine durung pisah,
marang dzat robbil ngalamin,
utawi sekabehira,
sekehe sawiji-wiji,
saking ngarasa lan kursi,
loh kalam bumi langit iku,
suwarga lawan nraka,
srengenge tanapi sasi,
lintang lawan rohe kang para anbiyak.
4. Lawan rohe malaekat,
lawan setan lawan ejin,
pan meksih kumpul sedaya,
anane sawiji-wiji,

tan beda maklum sawij,
kasukma martabat iku,
wahdat yaiku mujmal,
hakekat muhamadyati,
iya iku nggone tajali wiwitan.

5. Ing dalem gaibe Allah,
ing dalem sawiji-wiji,
ngelmi ngalam lan maklumat,
nora beda hukum neki,
sih kumpul durung lair,
pan maksih gaib puniku,
ing dalem sejati wahdat,
dereng pinisah upami,
pan godhong uwite neng wiji punika.
6. Selagi durung pinisah,
nora loro upamaning,
iya ingsun iya sira,
ing dalem tunggal wujudi,
upamanipun mangkin,
ana ing mangsa nggonipun,
sangune kang akarsa,
kumpul neng wadhabah puniki,
hurup kabeh iku sejatine wahdat.

XXXII. DHANDHANGGULA

1. Wahadiyat murtabat kaping tri,
takyun sani arane punika,
ing ngelmune dzate dewe,
lan sipat asma iku,
wus pinesthi pisah kabehi,
wus pinesthi maklumat,
eneng sipat ngelmu,
ngandika Kang Murbeng Jagat,
ing hukume murtabat wahadiyati,
wus pinesthi anarima.
2. Kabeh anane sawiji-wiji,
maklum ora bali ing kadiya,
marang ing dalem wahdane,
kerana murtabatu,
wahadiyat pan wus pineshti,
ya maklum deneng Allah,
tan beda wahdatu,
kabeh maklum ing ngelmunya,
iya iku takyun ingkang awal singgih,
awal iku ananya.
3. Iya metu saking la takyun nenggih,
iya saking gaibe kang kersa,
iya iku tetap mangke,
ing sejati wahdatu,
atas dalan mujmal anenggih,
upama akyan sabitah,
kang kariji iku,
iya manut wernanira,
marang akyan sabitah ing dalem ngelmi,
tan beda anane sama.
4. Wernanira saengga atunggil,
wujud tunggal lir tan kena nunggal,

iya akyan harijine,
klawan akyan sabitatu,
pinisahna datankening,
iya akyan sabitah,
lan hariji iku,
dadi tajaline edzat,
mapan iku akyan sabitati nenggih,
dzat sipat tan kalingan.

5. Andarbeni iya bayinati,
sing sapane adarbe paningal,
ing akyan harijine,
tunggal hakekatipun,
luwih luhur ing suhud neki,
paningale mring Allah,
Pangeran Kang Agung,
iku mulane derajad,
ya suhude yen sira karep ngawruhi,
goleka guru kang nyata.

XXXIII. PUCUNG

1. Sawusira ngawruhi kang wus kasebut,
lah ta ngawruhana,
murtabat ingkang hariji,
kaping pate murtabat ing ngalam arwah.
2. Iku anyar jisim latip ananipun,
tan kena pinanca driya,
lawan netra kepala ning,
tuwin netra kalbune datan kena.
3. Datan kena winarnakaken puniku,
gentya kang murtabat,
iyak kaping lima iki,
ngalam misal yaiku bangsa kuniyah.
4. Nusun-nusun anane latif puniku,
tan kena narima,
ing rapet lan bedhah nenggih,
latifipun suku-suku tan katingal.
5. Dene netra tiningalan klawan kalbu,
rinupeken iya,
kelawan hiyal sayekti,
duk asanget ciptane akarya rupa.
6. Iya saking sangete ciptanireku,
klawan ingkang sarta,
lan pituduh mangkana di,
ingkang misal puniku dadi katingal.

XXXIV. KINANTHI

1. **Kaping nem murtabat iku,**
winastan ngelmu ajsami,
iya iku kang narima,
rapet bedhah ing anane,
kelawan kang tengah-tengah,
lawan ingkang sikil-sikil.
2. **Murtabat kang kaping pitu,**
angaranan insan kamil,
pakumpulan tajaliya,
kang bangsa Pangeran nenggili,
insan kamil iku nyata,
iya sipat afngal neki.
3. **Kaya dalil kang kasebut,**
dhawuhe Kang Murbeng Bumi,
wallahu halaku ika,
kelawan badrul ngalamin,
wau Muhamad iya,
klawan dhawuh fil utbati.
4. **Halaktuka liajli iku,**
lan wali ajlinya nenggih,
kelawan halaktul asyak,
mangka tegese puniki,
ndadekaken ingsun ing sira,
kerana ing azal mami.
5. **Lawan ndadekaken ingsun,**
sekehe sawiji-wiji,
iya saking azalira,
angandika Kanjeng Nabi,
wiwitinan den dedekena,
mring Allah rabbil ngalamin.

6. Lan ya iku enuringsun,
lan malih wiwit kinardi,
mring subhana wa tangala,
iya iku ngakal mami,
lanm malih wiwit kinarya,
dene Ingkang Murbeng bumi.
7. Iya iku kalamingsun,
lawan malih satuhuning,
Nur Muhamad iku dadya,
gustine sekehe mukmin,
lan dadine Bapa Adam,
iya saking Kanjeng Nabi.
8. Ngandika wong ahli suluk,
ana dene kawitaning,
bisane iku tetela,
Nur Muhamad kumpul neki,
kelawan ing **Nur Muhamad**,
iku roh sawiji-wiji.
9. Wekan sira satuhu,
johar awal ngalam kabir,
iku roh idlofi iya,
ya saking dzatullah singgih,
utawi saking sawijya,
saking ngaras lawan kursi.
10. Tamat wallahu aklam,
ya rabbal ngalamin,
Allahumma ihtim lana bil,
khairin nashirina birahma,
tika ya arhamar rahimin,
Yang punya serat bernama,
Kasan Musajik yang sete-
rusnya tinggal di kampung,
Tawangreja kepala desa Mukuh,
asisten wedana Pagu distrik,
Papar kabupaten Kediri.

XXXV. DHANDHANGGULA

1. Ingsun manurun serat puniki,
wulang dalem wau namanir,
kebabar ing pulo Jawa kiye,
anggitira Jeng Sinuwun,
Surakarta ingkang negari,
Sultan Agung ingkang asma,
kutha ring rat punjul,
kang ngasta ing pulo Jawa,
iya datan ana ingkang amadhani,
pan wau wignyanira.
2. Wulang sunu kang kinarya gendhing,
kang pinurweng tatane wong ngawula,
suwita mrang tuwane,
poma sira den mituhu,
ing pitutur kan muni tulis,
sapa datan nuruta,
saujare tutur,
tan wurung kasurang-surung,
donya ngakhir tan wurung manggih bilahi,
tembe mati neng nraka.
3. Lamun sira mangke ngelampahi,
ing pitutur kang muni inglayang,
mesthi becik temahane,
bektia ing rama ibu,
wiwitane sira udani,
karya becik lan ala,
saking rama ibu,
duk sira meskih jejabang,
ibunira kelangkung lara prihatin,
rumeksa dhateng sira.
4. Nora eca dhahar miwah guling,
ibu klangkung rumeksa ing sira,

dhahar sekul uyah bae,
nora ketang wejak luntur,
nyokot bathok dipun lampahi,
saben dina mring bengawan,
wuwung abebengkung,
pilis singgul saben dina,
rumeksa ing sira duk kala alit,
milane dipun rumangsa.

5. Dhaharane tansah pait getir,
ibunira rumeksa ing sira,
nora ketang turu sendhen,
nora ketang gupak uyuh,
gupak tinya dipun lampahi,
yen kala sira wawrat,
tinatur pinangku,
cinewokan ibunira,
dipun emban yen gerah dipun edusi,
yen luwe dipun dulang.
6. Sawek sira ngumur sangang sasi,
pesthi sira wus bisa rumanggang.
aketang gombal tepunge,
amomong mring sireku,
kalanira duk sira alit,
yen kurang sira mangan,
tan etung utang tuku,
mengko sira wus diwasa,
nora nana pamalesira ngabekti,
tuhu sira nganiaya.
7. Lamun sira mengko ngelampahi,
nganiaya ing wong tuwanira,
den ukum marang Hyang Manon,
ing tembe lamun lampus,
datan wurung polang lan geni,
apan duraka ing rena,

sanget siksanipun,
milane ta wekasingwang,
aja wani marang ibu ramaneki,
saprentahe lakonana.

8. Suprandene mangko sira iki,
yen ginulang marang ibu rama,
celomoran pangucape,
sumaur sarta bekur,
apan iku cegahen kaki,
tan becik temahira,
donya akhiripun,
tan wurung manggih melarat,
tembe mati siniksa dene Hyang Widi,
siniksa mrang malaekat.
9. Ing wong anom ya ingkang nastiti,
datan mangkana pamanggihira,
den ulang rama ibune,
asila eneng ngayun,
ing wong tuwa kinarya gusti,
lunga teka anembah,
iku budi luhung,
sarta bukti ing Hyang Sukma,
apan iya karya pati lawan urip,
miwah sandhang lan pangan.
10. Ingkang kaprah wong anom semangkin,
yen angungasaken wasisira,
ngendelaken bicarane,
adeder adelerung,
amethingkerak lan amethingkrik,
polahe marang sumirang,
wau anggenipun,
lampahe sarta den lelewa,
yen ginunggung sarirane nyenthit-nyenthit,
ngerigaken jalma kathah.

11. Poma-poma kaki aja nglakoni,
sebarang polah ingkang salah,
tan wurung olah polahe,
kasuluh ing polaipun,
pan gawe polah ingkang silib,
semune ingeseman,
ing sesaminipun,
milane ta wekasingwang,
poma aja ngenggoni polah kang silib,
den sami prayitna lampah.
12. Lawan malih wekas ingsun kaki,
lamun sira andarbe karsa,
ja sira tinggal bobote,
mruwaten lan dhapurmu,
kamun drajatira alit,
aja ambek kumawa,
lamun sira luhung
den prayitna anggepira,
dipun sabar jetmika aluse budi,
iku lampah utama,
13. Permilane wong anom puniki,
den taberijagongan lawan wong tuwa,
ingkang becik caritane,
apan sira temahipun,
bathi batin kelawan lahir,
lawan tata krama;
bukti mring Hyang Agung,
milane ta wekasingwang,
marang anak putu lawan buyut sami,
den sama branta lampah.

XXXVI. ASMARADANA

1. Lawan malih wekas mami,
anak putu buyutingwang,
miyah canggah warengingong,
poma padha estokena,
ing pitutur kang arja,
aja sira tukang padu,
amusuh lawan sudarma.
2. Dahat ingsun tan nglilani,
sujalma ahli dursila,
ujub riya mring sanake,
temahan tan manggih arja,
lan tipis kang sarira,
kang liyan kathah kang purun,
mejanani marang sira.
3. Mohal sira tan miyarsi,
kang kocap sujalma kathah,
muncul kumpul bandhil ngrompol,
ating aja kleru tanpa,
bebasan kaya ngan,
den waskitha surubipun,
bebasan kaya mangkana.
4. Dipun ngrompol sira sami,
aja mancol tekadira,
dipun ngrompol ing manahe,
poma padha estokena,
yen sira nedya arja,
aja na kawongan pucung,
enom kumpul tuwa pisah.
5. Yen kayaa pucung ugi,
selawasira agesang,
kadi wong bedhengan bae,
dudu watak wong sujana,

selawasira neng donya,
dene sujalma kang surub,
anom kumpul tuwa tunggal.

6. Poma padha den nastiti,
pututure layang ika,
aja na padha madio,
lamun sira maidoa,
lah poma rasakna,
dumeh tutur tanpa dhapur,
tinirua manggih arja.
7. Yen sira arsa ngayoni,
pituture layang ika,
anuli sun lairake,
amungsuh, lawan sudarma,
nuli pisaha sira,
samangsane sira luput,
lawan sanak kadangira.
8. Pesthi sira den ayoni,
dhumateng sujalma liyan,
sadulur wus tega kabeh,
sanadyan silih kathaha,
sudarma mangsa mbelaa,
sajege datan atut,
marang sanak kadangira.
9. Apan ana sloka mami,
poma padha estokena,
surasane ujaringwong,
ya rasakna den kerasa,
mangkana tutur kula,
wonten sima tukar padu,
amungsuh kelawan wana.
10. Mangkana kang sami angling,
heh wana sira kapurba,

aja ana awakingwong,
pesthi sira binabadan,
dene sujalma kathah,
dene sira lebur luluh,
pan sami diya dinya.

11. Apan wana nauri bengis,
iya sira semono uga,
aja ana awakingwong,
pesthi sira binabadan,
dene sujalma kathah,
kiniter winaos lampus,
semana diya dinya.
12. Kang sima lawan wanadri,
sami teluk tinelukan,
pan sami rengat manahe,
semana kang sami kesah,
wus medal saking wana,
ngancik tepis wiring dhusun,
ngalela neng ngara-ara.
13. Nyata wonten kang winarni,
ana lare angon kathah,
seksana tumulya anoni,
yen ana sima punika,
ngelela neng ngara-ara,
cengkelak nuli wangslul,
kandha mring tuwanira.
14. Kaget ingkang sinung warti,
anulya sami wewarta,
marang sanak lan kadange,
anulya nabuh kenthongan,
sekehe ponang dedesan,
arame lesung tinabuh,
pan sami sikep gegaman.

15. Rakit sikeping ngajurit,
anulya sigra wus medal,
saking jerone desane,
wus prapta ing ngara-ara,
kang sima nulya kinepang,
kecandhak winaos lampus,
ya ta genti kawarnaa.
16. Kocapa ingkang wanadri,
pan sareng wau tinilar,
dhumateng sima lampaque,
ya ta genti kang kocapa,
wonten jalma dhateng wana,
apan babad karsanipun,
pados apapan tegalan.
17. Wus prapta dhateng wanadri,
kang wana nulya siniwran,
suwung tan ana simane,
nulya sami binabandan,
dene sujalma kathah,
wus gere nulya tinunu,
kang wana wus sirna ilng.
18. Nulya tinanduran pari,
asri kapas lawan jarak,
dhele kacang lombok terong,
wus ilang labete wana,
anggenggeng ponang tanduran,
lami-lami dados dhusun
wus ilang labete wana.
19. Pan iku saloka mami,
poma padha estokena,
iku patut upamane,
tepane badan prayoga,
upamane ing manusa,
lamun padu karem tukar padu,

amungsuh lawan sudarma.

20. Lan malih kocapa dalil,
timbalanipun Pangeran,
saking Rasul pamedale,
pan kocap ing dalem kutbah,
mangkana ingkang timbalan,
lahu an tuhibbu iku,
bainal ihwah wal ihwah.
21. Wabainal ghotil ghomati,
wabainal zauji wal zaujat,
lah iya iku tegese,
kuwasa tan kuwasaa,
lan sira wajib asiha,
dhumateng sudarma kakung,
miwah sudarma wanodya.
22. Poma-poma wekaş mami,
anak putu aja liyan,
aja katungkul uripe,
aja lawas saya luwas,
yene lawas den asaya awas
siyang dalu dipun emut,
yen uwong luwih utama.

XXXVII. SINOM

1. Wonten malih kang winarna,
pertingkahe nambut kardi,
kathahe tigang perkara,
ingkang yogya den antepi,
maca macul lan ngaji,
puniku karya kang luhung,
samiya kalairan,
kalebu karya utami,
pira bara tetiga kanggo sedaya.
2. Apan ta salah satunggal,
poma antepana kaki,
lan lamun mangkono sira,
angantepi karya ngaji,
den bisa ananting dhiri,
ana ing ngarsane guru,
yen Allah permaning Hyang,
yen sira wus bisa ngaji,
apese sira dadi pangulu desa.
3. Pesthi alus pundhakira,
nora nana kang mikuli,
nanging poma wekasingwang,
aja sira kleru tampi,
sangkane mukti sireki,
pan saking Allah Kang Agung,
aja sira kumabisa,
pasraha marang Hyang Widi,
den rumangsa kamulyan muruhe Sukma.
4. Yen wau kepareng uga,
sira bisa mulang santri,
merdikakken Sang Nata,
nanging poma wekas mami,
yen sira amulang santri,
poma aja ngrasa muruk,

mung Allah kang sipat murah,
njurungi karepe dasih,
apan sira saderma dadi lantaran.

5. Kecatur riyane pisan,
wong ngantepi karya ngaji,
jinunjung derajatira,
dene Hyang Kang Maha Luwih,
lantaran saking nerpati,
apa ta dadi pengulu,
apa mengku kenaiban,
amarintah ketib modin,
apa sira Hyang Agung rizkinira.
6. Nanging poma wekasingwang,
yen sira dados ngukumi,
dipun jejak hukumira,
kelawan dipun wirangi,
lan malih wekas mami,
yen sira njenengken hukum,
aja budi sesanakan,
dipun kenceeng hukum reki,
apan kapir iya kalipahe nata.
7. Yen ing mangkone ta sira,
wau sira angantepi,
dhumateng ing karya maca,
wismaa dhateng negari,
surasane layang iki,
enggone ngawula ratu,
yen wus oleh permaning Hyang,
pan sira dadi peryayi,
apan sira aprentah samine jalma,
8. Nanging poma wekasingwang,
den suka sokur ing batin,
yen sira mrentahi jalma,
poma dipun ngati-ati,

aja ngelarakken ati,
asor lereh ing pamuwus,
lan malih dipun rumangsa,
yen Allah kang paring sih,
wiyosipun jalaran saking Sang Nata.

9. Yen lamun mangkono ta sira,
wau ta arsa ngantepi,
dhateng karya macul ika,
tegese alaku titi,
den sabar mantep ing batin,
sira wismaa ing dhusun,
atania ingkang rosa,
sira anandura pari,
sejatine pan iku ratune donya.
10. Nanging poma wekasingwang,
yen tulus nggenira tani,
aja mikir kasugihan,
ananging poma wekas mami,
pan panedhanira batin,
apan ta karyanen sangu,
ngibadah mring Pangeran,
iku wong tani utami,
lawan aja atinggal jakat lan pitrah.
11. Poma iku antepana,
anak putu buyut mami,
penggawe telung perkara,
maca macul lawan ngaji,
liyane iku kaki,
apan wajibe siningkur,
kayata penggawe dagang,
somawana karya blantik,
apan mangkono kidzib lawan kiyanat.
12. Dene wau karya dagang,
sumawana karya blantik,

agung gawe pala cidra,
dhateng sepadhane jalmi,
dagangan aji sadhuwit,
awate pengaji sewu,
amrih pajenga kathah,
pan iku cegahen kaki,
tan abarkah agoroh samine jalma.

13. Dene karya kemasan,
bedhanganira kang bathin,
datan ana liyanira,
sadaya dipun apusi,
apan kang den senengi,
apan samiya pinandung,
langkung wasise jalma,
yen ngarah darbeke jalmi,
pan kemasan wong maling tanpa gangsiran.
14. Ewa mangkonoa uga,
iya yen temen ing batin,
tan ana ingkang cinacat,
kemasan dagang lan blantik,
dadi karya utami,
yen sira temene kalbu,
anging mangkono kaprah,
kemasan dagang lan blantik,
agung gawe tetiga cindra sedaya.
15. Wonten malih kang winarna,
cacade agung ngliwati,
kathahe wolung perkara,
bedhog nyolong cidra resmi,
nginum sajeng angguri,
ngampak ngayab begal mandung,
tan kena tinerajang,
pan iku cegahen kaki,
sinom temang sekar pangkur kang kocapa.

XXXVIII. PANGKUR

1. Lawan malih wekasingwang,
sekathahe anak putu buyut mami,
miwah canggah warengingsun,
poma padha kawruhana,
sakathahe ingkang para ratu iku,
kang manjing eneng sarira,
sakawan kathah ireki.
2. Ratu sekawan puniku,
karsanira ana ala ana becik,
nalendra estri lan jalu,
kalih prabu wanodya,
ingkang kalih anenggih nalindra kakung,
bisikanira Sang Nata,
Raja Luwamah nerpati.
3. Satunggal Raja Imarah,
ingkang kalih anenggih nalindra estri,
bisikanira Sang Ayu,
Retna Dewi Supiyah,
kang satunggal bisikanira Sang Ayu,
pan ratu estri utama,
Raja Mutmainah adi.
4. Busana Jawane pethak,
Sang Retna Ayu karem bekti Hyang Widi,
miwah bekti dhateng Rasul,
kelawan ibu rama,
pan sebarang kang terus pakone Rasul,
tuwin lampah kang utama,
Sang Retna langkung marengi.
5. Pan sentananira Sang Retna,
pan sedaya bekti marang Hyang Widi,
ingkang dados patihipun,
awasta Dipati Sabar,

- Jawan malih Tumenggung Anteng puniku,
Mas Rangga Jinem wecana,
tuwu satriya linuwih.
- 6. Lawan Rahaden Jatmika,
lawan malih ingkang pinurwa ing kawi,
kang dados plawanganipun,
Mas Bei Sejawencana,
apan gangsal sedaya sentananipun,
pan nenem Ngabei Trima,
tuwu satriya linuwih.
- 7. Wernanen negaranira,
Prabu Estri kalangkung denira sigid,
awasta keraton Jantung,
kelangkung denira peka,
lamun miyos wau kusumaning Ayu,
gerana dedalanira,
yen miyos Sang Prabu Estri.
- 8. Badan sekawan jro punika,
amung grana ingkang temen pribadi,
kang kathah-kathah puniku,
pan sami kena ing cidra,
mata kuping sedaya sami ngawur,
pan sami kena ing cidra,
mung grana kang temen yekti.
- 9. Milane kinarya dalan,
dhateng Dewi Mutmainah ingkang adi,
saben gerana puniku,
yen wengi-wengi sanyata,
permilane anak putu buyut ingsun,
iku padha awasena,
pan dadi laku'linuwih.
- 10. Yen gurih-gurih sanyata,
wonten malih ingkang pinuswa ing kawi,

Sang Retna Supiyah iku,
asekti mancawarna,
ajur-ajer wau ta iya Sang Ayu,
jarak dhateng kabecikan,
ngajak lampah kang tan nora yekti.

11. Karsane Retna Supiyah,
apan edan pepenginane ing ati,
alungguh ngarepe mungsu,
busana sutra jenar,
miyos ing netera dedalanipun,
milane jalma manusia,
yen mangsa kala ningali.
12. Dhateng paesan duweknya,
manahira apan nuliya kepengin,
pan iku panggawenipun,
kang nama Dewi Supiyah,
permilane anak putu buyutingsun,
miwah canggah warengingsun,
den sami prayitna batin.
13. Sigege Prabu Wanodya,
wau ganti ingkang pinurwa ing kawi,
Praja Amarah winuwus,
tuwu bala sentana,
langkung gagah perkosa wau Sang Prabu,
digdaya aparang muka,
kinajrihan ing prajurit.
14. Sentananira Sang Nata,
pan sedaya sami perajurit,
kang dados pepatihipun,
wasta Dipati Langnas,
Raden Calak Mas Landak Rangga Lengus,
Mas Bei Lancangwecana,
Mas Lenggar lan Raden Bengis.

15. Busananira Sang Nata,
pan angagem busana sangkelat abrit,
sentana malih winuwus,
Mas Panji Angkuh punika,
Raden Slonong lawan Mas Ladak iku,
Mas Panji Perwireng siya,
Mas Wadulan Raden Jahil.
16. Sentana dalem punika,
wastanira sudirapatih nerpati,
awasta Pangeran Ngujub,
lan Pangeran Riya Sumengah,
lan malih Pangeran Kibir lan Tekabur,
lan Pangeran Luwamah,
Dipati Kesel Linuwih.
17. Karsane Raja Imarah,
apan iku panas beranan ing ati,
ing Deksura kratonipun,
yen kala miyos Sang Nata,
pan ing kuping puniku dedalanipun,
milane jalma manusa,
yen myarsa ujar tan becik.
18. Lir sinebit kang talingan,
permilane anak putu buyut mami,
miyah canggah warengipun,
den sami prayitna lampah,
lamun sira miyarsa ujar tan patut,
nuli sira istighfara,
Raja Amarah medali.
19. Seksana Raja Amarah,
ya ta ganti ingkang pinurweng kawi,
Raja Umarah winuwus,
kelangkung digdayanira,
nora pati adarbe bala Sang Prabu,
sentana amung tetiga,

sedaya perjurit sekti.

20. Perjurit tiga punika,
wastanira Sudiranirapati,
kang dados patihipun,
Adipati Naladerba,
sedayane punika perjurit wudhu,
lan Tumenggung Kalamurka,
pan sami perjurit sekti.
21. Lawan Demang Sokandonyan,
Seri Nalendra ingkang kocap malih,
karemane Sang Aprabu,
dhahar kelawan nendra,
apan ngagem busana sengkelat jamus,
ing cangkem dedalanira,
ing Wadhuk negarineki.
22. Milane jalma manusa,
lamun ngelih kelangkung duka kepati,
pan iku punggawanipun,
kang nama Raja Luwamah,
permilane anak putu buyut ingsun,
yen sira acegah dhahar,
kanthia puji lan dhikir.

XXXIX. KINANTHI

1. Ya ta genti kang winuwus,
wong wadon duraka laki,
apan sanget sicksanira,
melarat donya ing ngakhir,
yen ing benjang lamun pejah,
tan wurung pulang lan geni.
2. Geni neraka punika,
tikel pitu panasneki,
kelawan geni ing donya,
milane ta sira sami,
aja wani ing wong lanang,
ja sok purun amadoni.
3. Ing wong kang mangkono iku,
tinutur siksane ngakhir,
benjang yen wonten neraka,
lambene mesthi ginunting,
dene sakeh malaekat,
guntinge apan ya geni.
4. Asambat ing kakungipun,
dhuh tulungana wak mami,
iki jawane wakingwang,
neng donya wani ing laki,
ya mangko nora kuwawa,
anandhang raose sakit.
5. Pan kapirsa ingkang kakung,
muli sigra den leboni,
anging wau tan kependhak,
nulya sinalin aglis,
dene Hyang Kang Mahamulya,
widodari ayu linwih.
6. Ya ta kang lanang puniku,

nuli supe ingkang ati,
dhumateng ing rabinira,
pan wus manggih widodari,
peparingira Hyang Sukma,
wernane ayu linuwih.

7. Milane ta wekasingsun,
wong wadon ingkang miyarsi,
pituture layang iki,
kawruhana lair batin,
ja wani-wani wong lanang,
ing lair teruse batin.
8. Kang kaprah wong wadon iku,
kawuwung awak kumaki,
yen meksih penganten anyar,
ngabukting rina wengi,
yen wus darbe anak satunggal,
prapta polok nracak neki.
9. Yen wus kalih putranipun,
prapta cingklok nracak neki,
yen wus tiga putranipun,
prapta boyok nracak neki,
prapta githok anak papat,
anak lima angempoki.
10. Milane ta wekasingsun,
yen sira arsa akrami,
aja kepencut ing nala,
apan ana tenger naki,
candrane ponang sujalma,
kathahe kawan perkawis.
11. Candra Durga ngerik iku,
anenggih ingkang satunggil,
Murmatarum kang satunggal,
Intrasari kang sawiji,

- Murmanegar kang satunggal,
canderanipun estri.
12. Candra Durga ngerik iku,
yen sira manggih pawestri,
abuluk ingkang wedana,
yen ora buluka maring.
sarta mringkus dhadhanira,
geger wusu pundhak ngempis.
 13. Sarta nyanthik bokongipun,
ngula bandhotan kang wentis,
iku pasemone setan,
sebarang ucape bengis,
langkung sugal wuwusira,
wateke wani ing laki.
 14. Candra Murmatarum iku,
yen manggih pawestri,
angrungih ingkang wedana,
astral lurus driji werit,
ingkang lemes rikmanira,
janggane iya menjalin.
 15. Malang tipis pundhakipun,
baune ngelare wingwing,
ingkang lurus gigirira,
amalira ingkang wentis,
ingkang tipis bokongira,
Murmatarum kang pinanggihi.
 16. Wateke bekti ing kakung,
tan malang karsane laki,
pan iku estri utama,
ing siyang kelawan ratri,
nyawisi kersane lanang,
Murmatarum kang pinanggihi.

17. Yen nyendhoni mring kakung,
nedha ngapura ing laki,
yen kalane jinalukan,
tumuli aglis nyaosi,
yen tan darbe nuli mara,
sabda arum ulat manis.
18. Candra Intrasari iku,
tumurun wonten pawestri,
aremen oleh miruda,
dene candra Intrasari,
yen lamun adarbe karsa,
atilar bobote dhiri.
19. Apan ana tengeripun,
wau candra Intrasari,
salirane kadanginan,
semuwire ingkang lathi,
lan malih malang pupunya,
socane ambajing kirig.
20. Dene Murmanegar iku,
tumrape wonten pawestri,
semu malang uwangira,
midhangan jembar respati,
pupunya nggih semu malang,
puniku Murmanegari.
21. Salin purwa kang winuwus,
wulang dalem kang winarni,
anggite Sri Naranata,
angenani lair batin,
rinasakna ironing nala,
gebyare lir madu gendhis.

XL. DHANDHANGGULA

1. Pamedhare wangsitane ati,
cumanthaka aniru pujangga,
dahat bodho ing batine,
anging kedah ginunggung,
datan weruh akeh ngesemi,
ameksa angrumpaka,
ujar kang kelantur,
tutur kang katula-tula,
ditelaten linuruh kelawan lirih,
amrih padha sasmita.
2. Sasmitane wong urip puniki,
mapan ewuh yen durung weruha,
tan jumeneng ing uripe,
akeh kang padha punggung,
pangrasane sampun utami,
tur durung weruh ing rasa,
rasa kang satuhu,
apan nenggih iku iya,
pan derapun iya sampurnaa ugi,
ya ing kauripanira.
3. Jrone Quran nggone rasa ugi,
anging pilih ingkang aweruha,
kajaba lawan duduhe,
nora kena den awur,
ing satengah nora kepanggih,
mundhak katula-tula,
temah sasar-susur,
yen sira ayun waskitha,
sampurnane iya badane puniki,
sira anggegurua.
4. Lamun sira anggeguru kaki,
amiliha jalma kang wus nyata,
ingkang becik mertabate,

ingkang weruh ing kukum,
sarta ngibadah lan kang wirangi,
sokur oleh wong tapa,
ingkang sampun mungkur,
tan mikir pawehe liyan,
iku pantes sira guronana kaki,
sartane wruhanira.

5. Lamun ana wong micareng ngelmi,
tan mupakat ing patang perkara,
aja sira age-age,
anggepen ing batinipun,
saringana dipun baresih,
timbangen patang perkara,
timbangen rumuhun,
dalil Hadis miwah ijmak,
lan kiyase papat iku salah siji,
anaa kang mupakat.
6. Ana uga ingkang den antepi,
lamun ucul ing patang perkara,
nora enak lekedane,
tan wurung tinggal wektu,
panganggepe sampun ngenggoni,
aja kudu sembayang,
wus salat hakingsun
banjur buberah syarengat,
batal haram nora nganggo den rawati,
bubrah sekehe tata.
7. Angel babu wong urip puniki,
ingkang pantes kena ginuronan,
akeh wong cucah ngelmune,
lan marang ingkang manut,
yen wong tuhu akeh netepi,
ing panggawene sarak,
den arani luput,

anging ta iku senengan,
nora kena pepancene pribadi,
yen mungguh wong ngawula.

8. Ingkang lumrah iya jaman iki,
mapan guru kang golek sakabat,
tuhu kang wus lumrah mangke,
jaman kuna puṇiku,
pan ki murid ingkang ngulati,
kudu sira ngawula,
guru kang satuhu,
ing mangko iki ta ora,
kiyai guru naruthuk goleki murid,
dadi kanthine tembang.

XLI. KINANTHI

1. Padha gulanga ing kalbu,
ing sasmita amrih lantip,
aja pijer mangan nendra,
kaprawiran den kaesthi,
pesunen sariranira,
sudanen dhahar lan guling.
2. Dadia lakunireku,
cegah dhahar lawan guling,
lawan aja suka-suka,
anganggowa sawetawis,
ala wateke wong suka,
suda prayitnane batin.
3. Yen wus tinitah Hyang Agung,
aja sira ngunggung dhiri,
aja ngraket ing wong ala,
kang ala lakunireki,
tan wurung angajak-ajak,
temahane anulari.
4. Nadyan asor wijilipun,
yen kelakuwane becik,
atawa sugih carita,
carita kang dadi misil,
iku pantes den raketa,
derapun mundhak kang budi.
5. Yen wong anom pan wus laku,
manut marang kang ngadhepi,
kang ngadhepi akeh bangsat,
datan wurung bisa judi,
ingkang ngadhepi keh durjana,
nora wurung bisa maling.
6. Nadyan nora melu-melu.

mesthi wruh solahe maling,
kaya mangkono sebarang.
panggawe ala puniki,
sok weruhe nuli bisa.
iku panutane iblis.

7. Penggawe becik puniku,
gampang yen dipun lakoni.
angel yen durung klakonan,
selamet ing donya akhir,
kang den sengit marang jalma,
den atut marang sesami.
8. Ing mangke apan wus laku,
nonoman jaman samangkin,
andhap asor dipun simpar,
umbak gumunggung ing dhiri,
obral umuk kang den gulang,
kumenthus lawan kumaki.
9. Ing mangke apan wis laku,
penggawe ala lan becik,
tanduk bener lawan ora,
kalebu carita iki,
milane aran carita,
ana ala ana becik.
10. Mulane wong anom iku,
becik ingkang ataberi,
jagongan lawan wong tuwa,
ingkang sugih kojah iki,
kojah iku werna-werna,
ana ala ana becik.
11. Poma-poma den mituhu,
dhateng pitutur kang becik,
ingkang ala singgahana,
aja sira anglakoni,

- lan den awas ing wong kojah,
iya ing mangsa puniki.
12. Akeh wong kang sugih wuwus,
sinamur lawan pakolih,
nanging eneng bedanira,
pirembag ingkang wus yekti,
beda kang den umbar-umbar,
kang den pekak sawetawis.
13. Aja na wong bisa muwus,
amunga ingsun pribadi,
iku setan nunjang-nunjang,
tan kena dipun peraki,
aja sira pendhak-pendhak,
atemanan neniwas.
14. Singkirana kaya asu,
yen uwong mangkono ugi,
dimekne pan ora layak,
yen sira sandhingan linggih,
nora wurung ketularan,
becik singgahana iki.
15. Poma-poma wekasingsun,
ingkang maca layang iki,
lair batin estokena,
sauning layang iki,
lan den bekti ing wong tuwa,
darapon gambuh ing batin.

XLII. GAMBUH

1. Sekar gambuh cinatur,
polah ingkang akelantur-lantur,
tanpa tutur katula-tula ketali,
kadaluwarsa kepatuh,
katutuh pan dadi awon.
2. Aja nganti kebanjur,
barang polah ingkang nora jujur,
yen kebanjur sayektine kocar-kaeir,
becik ngupayaa iku,
pitutur ingkang sayektos.
3. Pitutur bener puniku,
sayektine nejaa mantu,
apan saking sudarma panemu neki,
yen becik denira muwus,
iku pantes sira gembol.
4. Pan ana pocapanipun,
adiguna adigang adigung,
apan adigang kidang adigung esthi,
adiguna ula iku,
telu pisan mati sampyoh.
5. Si kidang ambekipun,
angendelken kebat lumpatipun,
pan si gajah ngendelaken ageng inggil,
si ula ngendelken iku,
mandine lamun anyakot.
6. Pan mulane anak putu,
apan aja nganggo sira iku,
ambekipun ya tiyang tiga puniki,
tan becik ingkang tinemu,
wekasane dadi awon.
7. Dene adiguna iku.

- ngendelaken kapinteranipun,
samubarang kabaisan dipun dheweki,
sapa pinter kaya ingsun,
wekasane ora enjoh.
8. Apan ambek adigung.
ngongasaken ing karosanipun,
mara tangan centhula suka manahi,
tinemenan nora enjuh,
temahane dadi guyon.
 9. Heh wong urip puniku,
aja nganggo anggep kang tetelu,
anganggoa sareh ririh ngati-ati,
den buwanga barang laku,
den waskitha salah uwong.
 10. Dene kang telu iku,
pan si kidang suka patinipun,
pan si gajah lena patinireki,
si ula ngendelaken iku,
mandine kalamun nyakot.
 11. Tetelu iku nora patut,
yen nirua apan dadi luput,
tetigane wong anom pan kurang wedi,
bungah akeh ingkang nggunggung,
wekasane anjelomprong.
 12. Yen wong **anom-nom** puniku,
apan iya kakehan panggunggung,
jadi kumprung bingung wekasane ngolang-aling,
yen ginunggung muncu-muncu,
kaya wudun meh mecothot.
 13. Dene kang padha nggunggung,
pan sepele pamerihipun,
mung warege wadhu ke lemesé lathi.

lan telese gondhangipun,
reruba alane uwong.

14. Lan amehi perake iku,
yen kangkepa nuli gawe umuk,
pan wong akeh sayektine padha wedi,
tan wurung atampa pisuh,
adol sanggup sekeh uwong.
15. Yen ta mangkono iku,
nora pantes pedhak lan wong agung,
nora wurung anuntun penggawe juti,
nanging ana pantesipun,
wong mangkono den dhedheplong.
16. Apan kakehan sanggup,
durung weruh tuture kemruwuk,
turu nempil sanggupe weruh pribadi,
pengrasane akeh nggunggung,
kang wis weruh padha mlengos.
17. Aja nganggo sira iku,
kelakuan kang mangkono iku,
nora wurung tiniten lan den cireni,
marang pawong sanak dulur,
mungkur tan ana pitados.

XIV. PANGKUR

1. Sekar pangkur kang winarna
lelabuhan kang kango wong ngaurip,
ala lawan becikipun,
prayoga kawruhana,
adat watak punika dipun kadulu,
miwah ing tata krama,
den kaesthi siyang ratri.
2. Deduga lawan prayoga,
lan wentara puniku aja lali,
iku perabot kang agung,
datan kena tininggal,
iya lungguh angadeg tuwin lumaku,
angucap meneng lan nendra,
duga-duga nora keri.
3. Miwah ing sebarang karya,
ing perkara gedhe kalawan cilik,
papat iku aja kantun,
kanggo sedina-dina,
lan ing wengi negara miwah ing dhusun,
kabeh wajib kawruhana,
iku nora keri-keri.
4. Yen lamun ana manungsa,
ninggal deduga lawan prayoga,
wateke wong nora patut,
lamun awor wong kathah,
wong deksura ndludur tan weruh ing udur,
aja sira perak-perak,
nora wurung neniwasi.
5. Apan wateke manusia,
ing ketemu ing mlaku lawan alinggih,
solah muna-munenipun,
apan dadi penengeran.

ingkang pinter lan bodho miwah kang luhur,
asor miwah ingkang mlarat.
tenapi manusa sugih.

6. Ngulama miwah maksiat,
wong kang kendel tenapi wong kang ajrih,
durjana botoh lan kaum,
lanang wadon pan padha,
panitike ing watek papat puniku,
apa dene wong kang nyata,
ing pangawruh apan pesthi.
7. Pánitike salah muna,
lawan muni ing laku lawan alinggih,
iku panengeran agung,
winawas ginraita,
apan milane wong kuna-kuna iku,
yen amawas ing manusa,
tan ana mindhogaweni.
8. Ginulang sedina-dina,
wewekane tuwin bangsa basuki,
ngujub riya kibiripun,
sumengah datan kanggonan,
mung sumendhe ing karsane Hyang Agung,
ujar sarak kang pineksa,
kautaman oleh Widi.
9. Wong semangko apan ora,
katemu ing laku bangsa basuki,
ingkang lumrah-lumrah iku.
aderki kelawan dora,
apan meren panasten lawan kumingsun,
sebarang nora persaja,
jahil bethakil besiwit.
10. Alane liyan den wedhar,
apan becike liyan den alingi.

becike dhewe ginunggung,
ginelar neng pasamuan,
nora ngrasa alane dhewe lir gunung,
wong mangkono watekira,
nora pantes den peraki.

11. Iku uwong doracara,
nora nana mareme sajrone ati,
sebarang ing karepipun,
senadyan wus katekan,
karepane nora mari saya mbanjur,
lumawah lawan imarah,
iku ingkang den tut buri.
12. Ing sebarang solah tingkah,
ing pangucap tanapi apan linggih,
sungkan kasoran ambekipun,
apan lumuh kaungkulau,
ing sujalma anenggih pangrasanipun,
nora ana ingkang madha,
angrasa luhur pribadi.
13. Aja ana katempelan,
ing wateke kang tan arja ing wuri,
wate rusuh nora patut,
yen tunggal lawan wong kathah,
dipun samar labuhen ingkang patut,
darapun dadi teladha,
dinut dhateng wong kang becik.
14. Aja lunyut lemer kojah,
angerasa yen anyumur gumuling,
ambuntut arit puniku,
wewatek kang datan arja,
yen wong lunyut nora patut dipun turut,
munyar manyir tan antepan,
dene ta lemer puniki.

15. Para anginan tegesnya,
kojah iku cecekan sebarang kardi,
ngerasa persanak iku,
aremen ulah miruda,
ing rabi sedulur miwah ing batin,
menyang sanak persanakan,
sok senenga den rembugi.
16. Nyumur gumuling punika,
ambelawan datang duwe wewadi,
nora kena rubung-rubung,
wewadine den wetokna,
buntut arit puniku percekanipun,
abener eneng ngarepan.
angerethel eneng buri.
17. Ing sebarang dipun ucap,
nora wurung amrih oleh pribadi,
iku labuhen tan patut,
aja neja anirua,
ing wateke enim perkara ta iku,
sayogya den singgahana.
apan mas timbul ing warih.

XLIV. MASKUMAMBANG

1. Nadyan silih bapa biyung kaki niki,
sadulur lan sanak,
lamun wuruke tan becik,
nora pantes den anuta
2. Apan kaya mangkono watak puniki,
nadyan ta wong tuwa,
yen lamun watak tan becik,
miwah tanduk tan prayoga.
3. Iku datang pantes den tirua kaki,
miwah bapa biyung,
lamun wuruke tan becik,
iku poma estokena.
4. Wong tan manut ing pitutur ingkang becik,
pan nemu duraka,
ing donya tumekeng ngakhir,
tan wurung kasurang-surang.
5. Meratani anak putu ingkang kari,
den padha prayitna,
aja ana kumawani,
ing bapa miwah ing biyang.
6. Ana uga etung-etung neki,
pan sembah lelima,
dununge sawiji-wiji,
ing sembah lima punika.
7. Ingkang dhihin rama ibu kaping kalih,
dhateng maratuwa,
lanang wadon den buktenei,
ping tiga sadulur tuwa.
8. Kaping pate dhateng guru ingkang yekti,
sembah kaping lima,

marang ing Gustinereki,
perincine kawruhana.

9. Milane ing rama ibu den buktenei,
akarya lantaran,
apan ing badan puniki,
wineruhken padhang hawa.
10. Uripira weruh samubarang kardi,
saking ibu rama,
ing batin saking Hyang Widi,
milane wajib sinembah.
11. Apan liya kinarsakken Hyang Widi,
kinarya lantaran,
eneng ing donya iki,
weruh becik lawan ala,
12. Saking ibu rama margane dumadi,
mila maratuwa,
lanang wadon den buktenei,
aweh rasa ingkang mulya.
13. Sejatine rasa amencarken wiji,
sembah kaping tiga,
mrang sadulur tuwa iki,
mulane sadulur tuwa.
14. Wajib sinembah gantine bapa iki,
apan elingana,
sadulur tuwa gumanti,
ingkang pantes sira tuta.
15. Samubarang wuruke ingkang prayogi,
sembah kang kaping pat,
ya marang Gustinireki,
marmane guru sinembah.
16. Ingkang duduh iya sampurnane urip,

tumeka kantaka,
madhangken petenge ati,
mbenerken marga kang mulya.

17. Wong duraka ing guru abot pribadi,
permulane prayoga,
aminta asih siyang latri,
ya nganti suda sihira.
18. Kaping tiga dununge sembah puniki,
dhateng kang amurba,
ing pati kelawan urip,
miwah sandhang lawan pangan.
19. Wong neng donya awajib anuta Gusti,
kelawan dinuta,
namur tingkahe kaesi,
aja dumeh sampun wirya.
20. Nora beda putra sentana wong cilik,
pan padha ngawula,
ya kabeh namane ngabdi,
yen dosa hukume padha.
21. Yen rumangsa putra sentana wong cilik,
dadya tyas manira,
angendelaken yen sekti,
tan wurung anemu papa.
22. Ngungasaken yen putra sanake ngaji,
iku kaki aja
wong suwita nora keneng,
kudu weruh karyanira.
23. Yen dinuduh marang rama narapati,
sebarang duduhyta,
iku estokena kaki,
karyanira sungkemana.

24. Aja gampang ing parentahe Gusti,
den asring aseba,
aja malincur ing kardi,
aja ngepluk sungkanan.
25. Luwih ala alanipun wong ngaurip,
wong ngepluk sungkanan,
tan patuh ngawula gusti,
anggerera sapa-sapa.
26. Apan kaya mangkono ngawula Gusti,
yen lamun lelewa,
tan wurung manggih bilai,
milane dipun prayitna.
27. Apan ratu datan duwe kadang lawan siwi,
sanak persanakan,
atawa karuh kekasih,
mung bener agamanira.
28. Hukum ngadil adat ingkang dipun esthi,
milane tan padha,
rumeksane marang Gusti,
siyang dalu rumeksa..
29. Dipun gemi satiti angati-ati,
denira rumeksa,
dhateng kagunganya,
lan aja wani agampang.
30. Lawan aja wani tutur marang Gusti,
den bisa rerawat,
wewadine siyang latri,
yen tan bisa megat nyawa.

XLV. MEGATRUH

1. Wong ngawuła ing ratu luwih pakewuh,
nora kena minggrang-minggring,
kudu mantep sartanipun,
setya tuhu marang Gusti,
pan miturut ing sepakon.
2. Apan ratu wakile maring Hyang Agung,
amarintah hukum ngadil,
mulane wajib tinurut,
sapa datan nurut ugi,
dhateng saprentahe katong.
3. Pan prasadad dagang karsanc Hyang Agung,
milane ta sira kaki,
aja dagang karsanipun,
den saregep sira ugi,
sarta ihlas lair batos.
4. Angur ngelindhunga bae nora ewuh,
nora nan ingkang ngiri,
pan mungguli pakaryanipun,
nora susah tunggu kemit,
seba mapan nora kebon.
5. Yen ana tontonan nonton eneng lurung,
akemul bebet sasisih,
apan mbanda tanganipun,
glindhang-glindhing tanpa keris,
aneng bango sarwi ndhodhok.
6. Suprandene angkuhe kaya tumenggung,
mangku bawat Senen Kemis,
mangkono iku liripun,
nora kaya wong angabdi,
weruh platarane katong.
7. Lan keringan sarta ana aranipun,

lan ana lungguhe sathithik,
salungguh-lungguhipun,
ananging dipun pakeling,
milane pinardi kang wong.

8. Samubarang ing karsanira Hyang Agung,
yekti kudu ngelakoni,
ing sapolah tingkahipun,
wong kang padha-padha ngabdi,
ing panggaweyane apan caos.
9. Kang nyentana ing mantri lawan tumenggung,
kelawan pangeran miji,
penglawe lawan pengayung,
tenapi kanca perjurit,
perjurit karyane katong.
10. Kabeh iku kewajiban sebanipun,
yen kala miyos nerpati,
sedayane sami kumpul,
sedayane amiyosi,
pasebane aja towong.
11. Ingkang lumerah yen arep seba iku,
nuli ganjaran pinikir,
yen tan oleh nuli mutung,
iku aywa sisip neki,
yen wus mangerti kang uwong.
12. Tan mangkono etunge kang sampun weruh,
ing tedha apan nora den pikir,
ganjarane Gusti iku,
mung saos sihe Gusti,
winalesa lair batos.
13. Seja tuhu lan saprentahe den enut,
nglakoni prentahe Gusti,
wong ngawula upamanipun,

lir sarah munggeng jeladri,
derma amanut sepakon.

14. Dene seja cilaka kelawan luhur,
asor iku pan pinesthi,
wau aneng badanipun,
aja sok ngurang-urangi,
marak Gustine Sang Katong.
15. Mundhak oleh lupute kang seja tuhu,
marang Gusti lan Hyang Widi,
dene sabener-beneripun,
mupuse yen lamun pesthi,
ing badan tan kena megos.
16. Tulisane ing lohmahfudh kang rumuhun,
pancine sawiji-wiji,
tan kena owah sarambut,
tulisane badan niki,
aja mundur ing pakewoh.

XLVI. DURMA

1. Dipun sami ambanting sariranira,
cegahen dhahar lan guling,
pan dipun sudaan,
nepsu kang **ngambra-ambra**,
pan dadi tiyasereki,
dadya sebarang
karsanira lestari.
2. Ing pangawruh lair batin aja samar,
yen sira wus udani,
ing sariranira,
yen ana ingkang murba,
amesesa ngalam kabir,
pakaryanira,
ing tekadira pribadi.
3. Bener luput laa becik lawan beja,
cilaka apan iki,
ing badan priyangga,
dudu saking ing liyan,
milane den ngati-ati,
sakehe dirgama,
pan singgahana den eling.
4. Apan ana sasiku tigang perkara,
anging gedhe pribadi,
pan iku lirira,
ingkang telung perkara,
aja nganggo sira iki,
kelawan aja,
nacad kepati-pati.
5. Lawan aja amaoni ing sebarang,
pan tekdire Hyang Widi,
tan bubuhanira,
kuderating Hyang.

anging ora mangsa iki,
pan wus lumrah,
padha wasis amaoni.

6. Mung tindake dheweke tan winaonan,
ing karsanira pribadi,
nadiyan benera,
lamun tindake liyan,
pesthi den arani sisip,
iku kang lumerah,
nganggo benere pribadi.
7. Nora nana panggawe kang luwih agampang,
kaya wong kang amaoni,
sira eling-elinga,
aja sugih wewaonan,
den padha dhahar ing budi,
ingkang prayoga,
apan singa ingkang lali.
8. Ingkang eling-elingana lamun lupa,
iya iku ingkang becik,
yen sira nedya arja,
mangkono tandukira,
yen ora kadugi uwis,
teka menenga,
aja sok ngerasani.
9. Nemu dosa anacad sepadha-padha,
dene wong urip iki,
yen durung pertela,
ing becike manusa,
aja kakehan nggunggung kaki,
menawa tan nyata,
dadi cirinira neki.
10. Dene kang wus kaperah mangsa punika,
yen ana kang den senengi,

ing pangalemira,
pan kongsi pandirangan,
matane kongsi mandelik,
nadiyan alaa,
ginunggung becike ugi.

11. Aja ngalem aja sira amemada,
anging ora mawas iki,
iya ing sebarang,
yen nora sinenengan,
den poyoki kepati-pati,
nóra persaja,
sebarang ingkang den pikir.
12. Nglodhoh rukun becike ngarep kewala,
ing wuri ngerasani,
ingkang ora-ora,
kabeh ingkang risanasan,
ala becik den rasani,
tan ngarah-arah,
wrangrong ingkang gumanti.

XLVII. WIRANGRONG

1. Den sami marsudeng budi,
ing wekan den waspaos,
aja dumeh sira iku,
yen bisa kojahi,
nora pantes bicarannya,
pernahe ing awakira.
2. Kudu golek mangsan iki,
panggawe ingkang sayektos,
lawan aja sira muwus,
yen durung den esthi,
aja age-age kawedal,
yen durung pantes lan rowang.
3. Rowang sapocapan ugi,
kang pantes dennya celahton,
iya aja suka-suka,
ana pantes ugi,
rinungu lan wong kathah,
ana satengahe wicara.
4. Tan pantes akeh ngawruhi,
wau ta ingkang wiraos,
dipun ngarah-arah iku,
apan padha ngati-ati,
yen sampun kawedal,
den sami perayitna.
5. Lan malihe wong ngaurip,
aja sira rumaos,
iku gragal badanipun,
ingkang etung ing perkara,
supata den gawe dinan.
6. Den padha gemi ing lathi,
aja ngakehaken pisoh,

cocah sira ngambul-ambul,
lamun andukani,
den dumeling ingkang dosa,
dhateng ngabdi manggih dosa.

7. Lawan padha den pakeling,
tetepana lair batos,
aja ngalap randhane sadulur,
sanak lawan ngabdi,
kanca rowang memangan,
miwah sanak persanakan.
8. Pan padha nggraiteng ngati,
liyane kang sami anot,
nadyan ridlaa lanangipun,
sekehe kang ngrungu eling,
ing batih datan percaya,
mangsa kuranga wanodya.
9. Tan wurung dipun cireni,
batin ingaranan rusoh,
kabeh gela jrone kalbu,
arang ngandel ing batin,
ing tiyase padha suda,
pangandele lan bendara.
10. Ana cacad agung malih,
angluwihi saking awon,
apan sekawan kathahipun,
dhihin wong madati,
kapindhone wong botohan,
ping tiga wong durjana.
11. Kaping sekawan ugi,
wong ati sudagar awon,
apan suka sugih iku,
wateke ing rina klawan wengi,
mung bathine kang den etang,

- apan lumuh kekalongan.
12. Kaya upamane ugi,
duwe dhuwit pitung bagor,
mapan nora marem manahipun,
yen ilang teka sadhuwit,
getune puting warsa.
padhane ilang saleksa.
 13. Wong dadi sudagar ugi,
sebarang perkara tambah,
amung kang dadi senengipun,
yen wonten tetamu prapti,
anganego dagangan,
ulete teka sumringah.
 14. Dene wong durjana iku,
nora nana kang den batos,
rina klawan wenginipun,
amung kang den etung ugi,
pan duweke liyan.
nenggih watak durjana.
 15. Dene botoh puniki,
kathah karuhe padon,
sebarang perkara etung,
yen paitanira enting,
tan wurung anggegampang,
dhumateng duweke sanak.
 16. Nadiyan wasisa kaki,
nora wande dipun dol,
lamun menang denira angkuh,
apan kaya bupati,
aweweh tan ngerawah,
iku sanget awonira.
 17. Abot pisan wong amaling,
tinitenan sakeh uwong,

apan nora nana becikipun,
mulane ta padha sami,
sedaya cinegaha,
kang padha gulang botohan.

18. Dene wong madati ugi,
kesed apan kemaron,
amung ingkang dadi senengipun,
ngadhep damar sarta linggih,
neng ngamben sarta jegang,
bedutane kang den gulang.
19. Yen leren nyeret adhidhis,
mata mendem mengkorok,
yen wus dadi awake kuru,
cahyane biru pituh,
njelebut wedi lan toya,
lambe biru untu abang.
20. Beteke satru lan gambir,
jambe suruh arang kambon,
ambekane melar mingkus,
sarta watuke anggigil,
ting calekrah eneng dhadha,
tan wurung metu bolira.
21. Yen mati mawi welading,
suprandene nora kapok,
padhà singgahana anak putu,
aja ana nganggo iki,
wong mangan apan ala,
uripe dadi tutunan.
22. Iku kabeh nora becik,
aja ana wong wani agepok,
penggawe patang perkara iku,
den sami padha pekeling,
kabeh anak putuningsun,

- aja wani-wani nrajang.
23. Lawan ana waler malih,
aja sok nganggo karoron,
iya iku tegesipun,
mangan nginum tan becik,
sayektine iku haram,
asuda wirenira.
24. Lawan malih kang pinanggih,
ilang prayitnaning batos,
apan nora jaga barang ferdlu,
elinge ing ngati,
apan belayar-belayar,
ana dene becikira.
25. Lan aja karem sireki,
ing wanodya ingkang awon,
aja karem bukak sireku,
eneng ngarsane pawestri,
nora wurung werata,
sampun lumrah ing wanodya.
26. Tan bisa nyimpen kang wadi,
saking rupeke kang batos,
dene pesthine Hyang Agung,
apan wong pawestri,
iku kinarya ganjaran,
iya maring wong periya.
27. Kabeh padha den pakeling,
dhateng pitutur kang sayektos,
aja dumeh tutur,
tanpa dhapur yen bakal abecik,
dene duwe mupakadan,
kaya pucung lawan kaluwak.

XLVIII. PUCUNG

1. Kamulane kaluwak nonomanipun,
pan dadi satunggal,
ya pucung arane ugi,
yen,wus tuwa kluwak iku pisah-pisah.
2. Dene budi kepriye ing becikipun,
aja nganti pisah,
kumpul kaya anom neki,
anom kumpul tuwa kumpul kang prayoga.
3. Aja kaya kaluwak anome kumpul,
bangsa yen wus tuwa,
ting salebar dhewe-dhewi,
nora wurung bakal dadi bumbu pindhang.
4. Wong sadulur nadyan sanak dipun rukun,
aja nganti pisah,
ing sampun barang karsani,
dipun kumpul dinulu teka prayoga.
5. Abot entheng wong sugih sanak sedulur,
enthenge yen pisah.
pikire tan dadi siji,
abotipun yen binatung ing karsa.
6. Luwih abot wong sugih sanak sadulur,
jitus tandhingira,
yen golong barang karsani,
becik uga wong sugih bala sentana.
7. Lamun bener yen anom pan dadi luput,
kang den gawe tuwa,
aja ana abaot sasih.
dipun sami pamengkune ing sentana.
8. Apan abot wong tinitah dadi sepuh.
datan kena gampang.

- iya mrang sadulureki,
tuwa anom aja beda patrap karya.
9. Kang sakarep kelawan ingkang malincur,
padha kawruhana,
aja ngalem ingkang becik,
ingkang malincur age paterapana.
 10. Yen ngerasa binendon dene malincur,
nuli patrapana,
sapantesa lan dosani,
pan sentana dimekne dadi tuladha.
 11. Pan wong liya derapon wediya iku,
padha angawula,
ing batin wedi lan asih,
pan mangkana labuhane dadi tuwa.
 12. Den anyebar den amot dene amengku,
den nyebar segara.
ngemot ala ngemot becik,
apan ana pepacine sewang-sewang.
 13. Pan sadulur ing tuwa ingkang pitutur,
dhateng kang taruna,
kang anom wajibe wedi,
sarta manut wuruke sadulur tuwa.
 14. Kang tinitah dadi anom aja masgul,
bati rumangsaa,
yen tinitah dadyanom iki,
yen masgula ngowahi kodrate Sukma.
 15. Nadyan bener yen wong anom dadi luput,
yen ta anganggoa.
ing pikirira pribadi,
permilane wong anom aja kakungan.
 16. Yen dadyanom den weruha anomipun.

dene ingkang tuwa,
den kaya banyu neng beji,
den wuninga paningale aja samar.

17. Lawan malih ya ana pituturingsun,
yen sira amaca,
layang sebarang ya neki,
aja pijer katungkul ningali sastra.
18. Caritane ala becik dipun weruh,
nuli rasakena,
layang ikus saunine,
yen kerasa tumuli sira anggoa.
19. Ingkang ala kawruhana alanipun,
dadi tiyas manira,
weruh ala lawan becik,
wiwitane sira age kawruhana.
20. Wong lumaku pan mangkana watekipun,
becik ing wakira,
wong laku mangkono ugi,
temahipun iya iku dadi ala.
21. **Ing sebarang perkara dipun kadulu,**
wiwitan lan wekasan,
bener luput den kaesthi,
ana becik wekasan dadi lah ala.
22. Ewuh temen babu wong urip puniku,
mapan nora kena,
kinira-kira pribadi,
arang mantep mijile kang bangsa arja.

XLIX. MIJIL

1. Poma-poma sami dipun eling,
ing pituturingong,
sira uga satriya arane,
kudu anteng jetmika ing budi,
rereh sarta wasis,
samu barangipun.
2. Nanging aja perwira ing batin,
nanging aja katon,
sasabana kang dudu mangsane,
kekendelan den wani amingkis,
wewekanng ati,
den samar den semu.
3. Lan den sami mantep marang becik,
lawan wekasingong,
aja kurang iya panrimane,
yen wus tinitah dening Hyang Widi,
ing badane puniki,
pan wus pesthinipun.
4. Ana uga wong nrima ing Widi;
apan dadi awon,
wong tan nrima ing titah bodhone,
wekasane pan dadi becik,
kaweruhan ugi,
aja salang surub.
5. Yen wong bodho datang neja ugi,
tetakon tetiron,
anarima ing titah bodhone,
iku ta tan becik,
kaweruhan ugi,
wong narima iku.
6. Kaya upamane wong ngabdi,

eneng ngarsane katong,
lawas-lawas katekan sejane,
dadi mantri atawa bupati,
miwah sakliyaneki,
ing tiyang panuju.

7. Nuli narima terus ing batin,
amengeng ing katong,
lan rumangsa ing wewedine,
sihe Widi teka anak rabi,
iku nrima becik,
kang mangkono iku.
8. Anging arang ing mangsa puniki,
kang kaya mangkono,
kang wus kaprah iya selawase,
yen ana lungguhe sathithik,
apan nuli lali,
ing wiwitanipun.
9. Pengrasane dheweke pribadi,
sebarang kaenggo,
den angeta ing mula-mulane,
wite sugih sangkane mukti,
panrimane ngati,
panarima iku.
10. Tan rumangsa yen murahe Widhi,
jalaran Sang Katong,
lawan kabeh iku ing batine,
sanadiyan dhateng ing Hyang Widi,
wong tan wani-wani,
ing nikmat aranipun.
11. Yen wus pinter iku mesih,
nggenira ngupados,
ing undhake kapinterane,
atawa ungahe kawruh iki,

durung marem ing batin,
lamun dereng tutug.

12. Ing pangawruh ingkang den senengi,
kang wus sami batos,
lawan pinter samubarang karsane,
lah muga-muga wuwuha iki,
uwis nora kena lali,
kabeh wus kawengku.
13. Yen wong kurang narima iki,
iku luwih awon,
barang gawe aja age-age,
anganggoa sabar lan lirih,
dadi sabarang kardi,
apan ta rahayu.
14. Lan malihe bebuden pakeling,
ing pituturingong,
sira uga padha ing mangke,
iya dhateng kang jumeneng aji,
ing laire batin,
den ngrasa kawengku.
15. Kang jumeneng iku aja lali,
wus karsane Hyang Manon,
wajib padha wedi lan buktine,
aja mamang parentahe aji,
nadyan anom ugi,
yen wus dadi ratu.
16. Nora kena iya den waoni,
ya printahe katong,
dhasar ratu bener parintahe,
kaya priye denira sumingkir,
yen tan ngelakoni,
pesthi tan rahayu.

17. Pan wus kaprah ing jaman mangkin,
anggepe kang angkoh,
tan rumangsa angempek kiye,
eneng batin datan aja eling,
kamukten puniki,
endi sangkanipun.
18. Yen eling iya carane mati,
pasthi nora angkoh,
durung apan ngerasakake,
iya dhateng ingkang dhingin-dhingin,
dhasar tan perduli,
wuruke wong sepuh.
19. Ing dadine tanduk iki,
pan arang kang takon,
saking durung ana lakune,
ing sakarepira peribadi,
nganggo sebarang kardi,
dadi tanpa dhapur.
20. Lah mulane awakira iki,
den kerep tetakon,
aja isin dumeh takon rare,
lamun pamuruuke becik,
muni kasihe Widhi,
pintere lan winuruk.
21. Sabakdane tan nana ugi,
pintere tetakon,
apan wus lumrahing wong urip kiye,
padha angupayaa ngelmi,
pan dadi pikukuh.
22. Engetana yen dadi tetali,
ing tyas dimekne adoh,
iya ingkang eling dadine,
sanadiyan ingkang padha lali,

**nadyan wong kang alim,
pan banget tawajuh.**

23. Kacek uga wong kang tanpa ngelmi,
iku pan kaenggo,
dene ngelmu iku selawase,
meruhaken iku kang dhingin,
ngelmu syarengat kanggo iki,
prabot ingkang perdlu.
24. Ngelmu syarengat kanggo lair batin,
milane ta mangko,
aya medhot iya panuwune,
rina wengi padha dipun eling,
padha elinga sami,
den branta ing ngelmu.

L. ASMARADANA

1. Padha tetapana ugi,
kabeh parentahe sarak,
terusana lair batine,
solat limang wektu ika,
tan kena tininggal,
sapa tinggal dadi gabuk,
yen meksih remen neng donya.
2. Kudu uga den lakoni,
rukun Islam ingkang lima,
mapan ta ing selawase,
anging sira aja tinggal,
sapa tan nglakonana,
tan wurung nemu bebendu,
padha sira ngestokena.
3. Printahira Hyang Widi,
ingkang dhumawuh Nabi Allah,
ing dalil Hadits enggone,
aja ana padha sembrana,
rasakena den kerasa,
dalil Hadits aranipun,
dadi padhang atinira.
4. Nora gampang wong ngaurip,
yen tan weruh uripira,
uripe padha lan kebo,
angur kebo dagingira,
halal lamun pinangan,
pan manungsa dagingipun,
yen pinangan pesthi haram.
5. Poma kaki wekas mami,
anak putu aja liyan,
aja ketungkul uripe,
lawan aja karem donya,

dhumateng paese donya,
siyang dalu dipun emut,
wong urip pesthi yen pejah.

6. Lawan aja ketungkul bengis,
lengus lanas lengar lancang,
jelaladan sumelonong,
aja laduk aja ngegak,
lan aja siya-siya,
aja jail para padu,
lan aja para wadulan.
7. Kang kanggo ing jaman iki,
perayi anom kang den gulang,
kaya kang wus muni kae,
lumaku temen kajenan,
tan gawe etung murat,
yen lumaku kudhung sarung,
pamrihe den dhodhokana.
8. Apan tanpa kusur yekti,
satriya tan wruh ing tata,
ngandelake satriyane,
den arah yen dhodhokana,
amawi ajar-ajara,
yen miyat lunga anamur,
aja dhodhoken manusa.
9. Poma kaki dipun eling,
dhumateng pituturingwang,
kang wus muni ngarep kuwe,
den becik sira anggoa,
buwangen ingkang ala,
saking nora ngugu tutur,
lebur tan dadi dandanana.
10. Barang gawe dipun eling,
anganggoa tepa sira,

parentah lan sabenere,
aja ambek kumawasa,
amrih den wedenana,
dene wong kang wus luhung,
penganggone mengku bala.

11. Den amrih padhaa wedi,
sekehe wadiyabala,
wineruhaken gawene,
den bisa aminta-minta,
karone wadyabala,
ing salungguh-lungguhipun,
iya karyane peryoga.
12. Sarta weruha kang becik,
gantungan wong paterapan,
derapun pethel gawene,
dimekne aja sembrana,
anglela gunane karya,
aja dumeh asih iku,
yen leleda patrapana.
13. Senadiyan sanak ugi,
yen leleda patrapana,
murwaten lawan lupute,
derapun padha wediya,
ing wuri aja leleda,
aleman karemanipun,
aja pegat awewarta.
14. Lan malihe sutu mami,
mungguh anggepe ngawula,
den suka sokur batine,
aja pegat anenedha,
dhumateng Kang murbeng jagat,
ing raina wenginipun,
mulane negara nata.

15. Iya iku den pakeling,
yen lamun mulyane praja,
mupakade ing wong akeh,
rina wengi aja pegat,
nenedha ing Pangeran,
tulusa keratonipun,
miwah rejane kang negara.
16. Iku wewalese batin,
mungguh wong nyuwita nata,
laire teka batine,
nedha karsane nalendra,
apan ngaturken sariranira,
siyang dalu apan katur,
pati uripe kawula.
17. Gumantung karsane Gusti,
iku trape wadya bala,
nora kaya jaman mangko,
pan kaya patrapan dagang,
etung tuna bathine punika,
olehe palungguhan iku,
ing tiyas datan rumangsa.
18. Awite dadi peryayi,
sapa kang gawe ing sira,
nora weruh wiwitane,
iya weruha wiwitanira,
dudu saking lara lapa,
mulane ing batinipun,
etunge kadi wong dagang.
19. Pikire pan gelis ulih,
rubane duk kala dadya,
ing rina wengi ciptane,
kapriye lamun bisaa,
males sihe bendara,
lungguhe lawan tinuku,

tan wurung angrusak desa.

20. Pamrihe gelisa bathi,
dadi buyuk den pocota,
sawisa pulih duweke,
kapriye lamun tataa,
polahe asalang tunjang,
padhakake wong mbeburu,
tan ngetung duga prayoga.
21. Poma padha den pakeling,
nganggoa sokur lan ridla,
narimaa sapancine,
lan aja amrih serama,
marang wadya nandhang karya,
padha amriha iku,
ing jene ingkang desa.
22. Wong desa pan aja nganti,
ewuh denny nyambut karya,
sawah kelawan tegale,
garu meluku tetepa,
aja den obah-obah,
dimekne tulus anenandur,
pari kapas miwah jarak.
23. Yen desa akeh wong neki,
ingkang bathi pesthi sira,
wetune pajek undhake,
dipun wani kalah ika,
dhateng ing sudarmanira,
yen sira wani ngalah iku,
pesthi sira kinajrihan.
24. Amriha gemaha ugi,
sekehe kang desa-desa,
salin bakal pendhak Kliwon,
pametu sajung pajeknya,

buktine karo belah,
temahane desa suwung,
peryayi jaka belokan.

25. Poma aja ngelakoni,
kaya pikir kang mengkana,
tan wurung lingsem temahe,
padha sira estokena,
ing pitutur ingkang arja,
nora nana alanipun,
wong nglakoni kabecikan.
26. Nonoman ing jaman iki,
yen tutur ingkang raharja,
arang ingkang den rungokke,
den samar lawan sembrana,
lumuh yen anirua,
malah males apitutur,
pangrasane sampun wikan.
27. Iku singgahana kaki,
budine wong uliya,
wong anom gedhe endhase,
pan setan keleme jalma,
wong kang budi mangkana,
nora pantes dipun tiru,
balik sira singgahana.
28. Aja ana mangkono ugi,
yen ana wong kang carita,
rungokena saunine,
ingkang becik sira anggoa,
buwangen ingkang ala,
engetana jrone kalbu,
ja nganggo budi nonoman.

LI. SINOM

1. Labete kang wus utama,
tan ngidhep gunane jalma,
amiguna tandukira,
sapolahe kudu bathi,
pintere den elingi,
bodhone sineleh ngayun,
pamerihe den inaa,
dhateng sapadhane jalmi,
suku bungah den ina sepadha-padha.
2. Kang saweneh tan mangkana,
belelu ingkang den alingi,
kabisan sineleh ngarsa,
isin menek den arani,
belelu ing sujalmi,
nanging ta ing batinipun,
cubluk tan wruh ing tata,
suprandene jaman iki,
akeh temen wong kang sugih ing carita.
3. Tur ingsun duk meksih bocah,
akeh ingkang mituturi,
lakune wong kuna-kuna,
lakune ingkang abecik,
murah carita iki,
kang kejaba saking umuk,
iku kang aran kojah,
suprandene ingsun kaki,
durung ana kaundhake kapinteran.
4. Carita nggeningsun nular,
wong tuwa kang dhingin-dhingin,
akeh wong kang sugih kojah,
sun rungu raina wengi,
ing mengko meksih eling,
sawuse diwasa ingsun,
sibapa paring wulang,

- wuwuh imbuuh mituturi,
tata krâma ing pertingkah ingkang arja.
5. Anging padha estokena,
ing pitutur kang muni tulis,
yen sira nediyâ harja,
enggonen pitutur iki,
ture wong sepuh-sepuh,
muga padha bisaa,
anganggo pitutur becik,
amberkati wuruke wong tuwa-tuwa.
 6. Pan aja lali-lali sira,
dhateng luhur kang dhingin-dhingin,
satindake kawruhana,
ngurangi dhahar lan guling,
angenggoni mbating dhiri,
amungsuh sariranipun,
temune ingkang sinedya,
mungguh wong nedha Hyang Widi,
lamun temen pan iya tinemenan.
 7. Pangeran kang sipat murah,
njurungi karepe dasih,
ingkang temen iya tinemenan,
pan iku ujar dalil,
den awas sira kaki,
wayah buyut canggahipun,
wus kemuna jaman kuna,
wong tuwa amituturi,
anak putu canggah wareng dipun tampa.
 8. Panembahan Senapatinya,
kang jumeneng ing Mentawis,
kelangkung digdayanira,
nugrahanira Hyang Widi,
saturunipun lestari,
saking berkate leluhur,

amrih tuluse nugrahan,
ingkang keri iya iki,
wajib uga anirua lakunira.

9. Ing luhure kuna-kuna,
angenggoni mbating dhiri,
iya sakuwasanira,
sakuwate ngelakoni,
cegah turu sathithik,
sarta nyuda panganipun,
pirang bara bisaa,
kaya ingkang dhingin-dhingin,
katirua saprapate kewala.
10. Ana silih kang bebasan,
bebasan ingkang prayogi,
lamun arsa ngawruhana,
ing pamore kawula Gusti,
sayekti kudu resik,
aja katempelan nepsu,
lumawah lawan amarah,
sarta suci lair batin,
pan dimekne sarira bisa atunggal.
11. Lamun nora mangkonoa,
sayektine nora dadi,
mungguh ngelmu ingkang nyata,
nora kena den sasabi,
ewuh gampang yen pinikir,
ewuh yen durung katemu,
gampang yen sampun padhang,
binuka sajrone ati,
dene Allah yen sira duwe panedha.
12. Nanging ta sebarang karya,
yen kinira bakal becik,
apantes den tlatenana,
lawas-lawas bok pinanggih,

den metu jerone ati,
angimanaken ing guru,
aja sira bosen uga,
yen lamun arsa utami,
apan ana dalil ingkang wus kaliwat.

13. Kang para luhur sadaya,
anganggo nedha Hyang Widi,
lah ing janma sesama,
dadi ing ngerat Jawi,
saking telateni ugi,
nggenira katiban wahyu,
ing mula mukanira,
lagune leluhur dhingin,
andhap asor nggenira anamur lampah.

LII. DHANDHANGGULA

1. Wonten kidung rumeksa ing wengi,
teguh ayu lupute lara,
lupute bilahi kabeh,
jim setan tan ana purun,
paneluwan tan ana wani,
miwah penggawe ala,
gunane wong luput,
geni nir temahan tirta,
maling adoh tan ana ngarah ing mami,
guna duduk pan sirna.
2. Sekathahe lara pan padha bali,
sekathahe ngama pan sami miruda,
melas asih pandulune,
sekehe braja luput,
kadi kapuk tibanireki,
sekehe wisa tawa,
sato galak tutut,
kayu agung lemah sangat,
songe landhak guwane mong lemah miring,
pakiponane warak.
3. Pangguyangane warak sakalir,
yen winaca segara asat,
temahan tawa banyune,
dadiya sarira ayu,
ingideran ing widadari,
rineksa ing malaekat,
sekathahe rasul,
pan dadi sarira tunggal,
ati Adam utekku Bagindha Esis,
pangucapku Nabi Musa.
4. Pan napasku Nabi Ngisa linuwih,
Nabi Yakub pamiyarsaningwang,
Yakub rupaku mangke,

Nabi Dawud suwaraku,
Jeng Suleman kasekten mami,
Nabi Ibrahim kang nyawaningwang,
Nabi Idris rambutku,
Bagindha Ngali kulitingwang,
Abu Bakar getih daging Ngumar singgih,
balungku Bagindha Ngusman.

5. Pan sungsumku Pertimah kang linuwih,
kang minangka rahayune jasad,
Ayub minangka ususe,
sekehe wulu tuwuh,
pan sarira tunggal lan Nabi,
netraku ya Muhammad,
pengulune Rasul,
pinayungan Adam sarak,
sampun pepak sekathahe para Nabi,
pan dadi sarira tunggal.
6. Wonten wihi-sawiji puniki,
apan dadi pencar isine jagat,
kesamadan dene dzate,
kang anonton miwah ngrungu,
kang amaca miwah nimpeni,
dadi rahayuning jasad,
pan kinarya sembur,
winacakaken ing toya,
pan kinarya adus prawan gelis laki,
den dusna wong edan waras.
7. Lamun ana wong kadhendha kaki,
wong kebanda kakehan ing utang,
dena wacakaken age,
wacanen tengah dalu,
ping selawe dipun aririh,
ucul ingkang kebandan,
kang kadhendha iku,

linuwaran ing Hyang Sukma,
miwah wong nandhang lara iku kaki,
enggal nuli gelis waras.

8. Lamun bisa maca kidung iku kaki,
linuwaran pan kinarya jimat,
teguh ayu separane,
lamun lunga prang wong iku,
mungsuhira pan dadi asih,
luput senjata tawa,
tumbak bedhil luput,
mungsuhira tan wuninga,
ingkang simpen rineksa dene Hyang Widi,
pandhita kang manah wulan.
9. Lamun arsa sira nandur pari,
puwasaa sawengi lan sadina,
iderana galengane,
yen prapta padonan iku,
nulya dhodhokana ing sabin,
sarwi angobonga menyan,
sartane sabungkus,
dongane tunggal tulakan,
nisira gula lan ngadega ana ing sabin,
angidunga turut pinggiran.
10. Wonten kidung rumeksa ing sabin,
sapa weruh mangke araningwang,
duk ingsun ana ing ngare,
pan ingsun ana gunung,
Ki Maruta lawan Ki Maruti,
angalih aran ping tiga,
arta daya ingsun,
duk ingsun maksih jejaka,
Ki Maruta duk ingsun angalih malih,
sapa weruh araningwang.
- 11 Sapa weruh kembang tepus kaki,

sasat weruh ing jenengingwang,
tunggal panjer pomahane,
kang weruh iku panuju,
sasat sugih apager wesi,
rineksa wong sejagat,
ingkang ngidung iku,
lamun kinarya sesawah,
puwasaa sadina lan sawengi,
lan pati geni pisan.

Tamat walohu aklam.

Bismillahir rahmanir rahim.

Allohumma Allohu la ilaha illa huwal hayyul qoyyumu qoiman bil qisthi dzalikumullohu fa anna tukfakun. Walau anna qur-anan suyyirot bihil jibalu au qutthi'at bihil ardhu au kullima bihil mautu balillahil amru jami'an. Innama idza arada syaian an yaqula lahu kun fayakun. Alhamdu lillahi robbil'alamina bal hum fi labsin min kholqin jadidin wahuwa ma'a kum ainama kuntum walohu bima ya'maluna bashir.

Innalloha qowiyyun 'aziz.

Allohu la ilaha illa huwa wa 'alallohi fal yatawakkalil mu'minuna waman yatawakkal 'ala'llohi fahuwa hasbuhi. Inna'lloha balighu amrihi, qod ja'alallohu likulli syaiin qodro. wa ahatha bima ladai-him wa ahsho kuntu syaiin 'adâda rabbul masyriqi wal maghribi. La ilaha illa huwa fatahidhu wakila. La yata kallamuna illa man adzina lajur rahmani wa qola showwaba min ayyi syai'in khola-qohu min nuthfatiñ kholaqohu faqoddaroh dzi quwwatin 'inda dzil arsyil makin. Walohu min waraihim muhithun bal huwa qur'anun majidun fi lauhin mahfudh.

Pan penget titine wedalane anakku Murtanan taun sasi Bakdamulut dina Isnain Paing tanggal pingwolulikur 1092 ingkang akhir taun Alip sasi Sapar tanggal ping wolulas dina Isnain Legi 1095 nomer 3 taun Je wulan Bakdamulut dinten Isnain Paing tanggal

ping 2 1908. Nomer ampat IV taun Alip sewu sangang atus telulas wulan Jumadilakhir tanggal rorikur dinten Khamis Pon pangemut-emut.

MUSTAKA RANCANG

Alih Bahasa

Drs. MOH. IKROM

KATA PENDAHULUAN

Yang mempunyai Layang Mustaka Rancang ini, nama sebutan saya terikut surat, sarung dan ikat kepala, mudah-mudahan diterima oleh Bapak. Lain daripada itu surat ini memang dari puteramu tersebut yang ada di Pondok Tuweng Rejomukuh, Pagu, distrik Papar afdeling Kedhiri kota.

Wa'llohu a'lam (Tuhan lebih tahu).

Selain yang sudah tersebut tadi, saya mempunyai permintaan jika ada berkenan di hati Bapak, belikan saya sarung lurik wanabadra yang bersambung. Jika telah mendapat, titipkan Pak Kaji sewaktu-waktu ke Kedhiri.

I. KINANTHI

1. Ayam tulak ayam tukung
penolak bayi merah
menjauhkan cacing racek
sarap sawan semua menyingkir
si tukung bertengger di depan
si tulak kembalilah di jalan.
2. Si bayi merah itu
kekasihnya Hyang Widi (Tuhan)
dijaga oleh Malaikat
diasuh oleh bidadari
dinaungi oleh Hyang Sukma (Tuhan)
dikipasi oleh para nabi.
3. Semua wali kutup
maka orang yang mukmin
yang menjaga bayi merah itu
maka obat bagi yang sakit
untuk menghilangkan penyakit
lalu sehat si bayi merah.
4. Ada capung tangis terbang
hinggapnya di batu gunung
mendengar tangis si bayi
capung itu mengelilingi
menimang si bayi itu
menimang sambil mendoakan.
5. Doanya ialah
Allohumma Adam sari
fainnahu la ilaha
fainnahu hayatihi
capung itu membaca doa
cup diamlah jangan menangis.

6. Dan pengobat penyakit itu
daun berserah kepada Hyang Widi
bawangmerahnya sabar di hati
tumaninah di hati
dan adas didekatkanlah
lalu sehat si bayi merah.
7. Peliharalah ayam brumbun
tulak balik sanggarnya
bulunya beranekawarna
merah putih hitam kuning
menjauhkan "godha rencana" (mara bahaya)
menjaga si bayi merah.

Dengan nama Alloh yang Mahapemurah lagi Mahapengasih.

I. ASMARADANA

1. Saya mulai memuji
menyebut nama Hyang Sukma
yang Mahapemurah di dunia ini
yang Mahapengasih di akerat
yang terpuji tanpa henti
memberi pahala kepada semua yang disayang
memaafkan orang yang berdosa.
2. Setelah memuji kepada Hyang Widi
lalu memuji Nabi Muhammad
serta keluarganya
juga sahabat empat
Baginda Abu Bakar
Umar, juga Usman
yang keempat Ali yang diridlo.
3. Tatkala mulai menulis
pada hari Ahad itu
hari pasarannya ialah Paing
pada waktu senjakala
dan taunnya ialah Be
tanggal tigabelas
pada waktu "mongso" ke sembilan.
4. Yang menulis risalah ini
bernama Ki Tipiman
pondoknya di Tawangrejo
di Mukuh desanya
pondoknya menghadap ke utara
ondernya di Pagu
distrik Papar wilayah Kediri.
5. Adapun sebabnya mau menulis
karena disuruh oleh sahabat
yang menyuruh ialah Hasan Murajak

sebabnya mau menulis
karena sebagai sahabat yang muda
sejak muda sampai tua
tidak tampak sebagai orang lain.

6. Permintaan penulis
kepada yang mau membaca
agar banyak memaafkan
yang berkurang hendaklah ditambah
yang lebih hendaklah dikurangi
risalah yang jelek yang tidak pada tempatnya
(karena) yang menulis amat bodohnya.
7. Permohonan penulis
kepada Yang Menguasai Alam ini
menjadikan diriku tulus
ditetapkan agamanya
dijauhkan dari kejahatan
ditunjukkan ke jalan yang terpuji
terhindar dari bahaya di dunia.
8. Bila dilukiskan rupanya
dasarnya bopeng agak cacat
sudah seperti budak rupanya
walaupun dapat menulis
tidak tahu adat sopan santun
dasar membanggakan kepandaian dan banyak tawa
dasarnya anak tanpa adat.
9. Di jalan-jalan digambarkan
pantas bila tanpa adat
dasarnya anak yang takut bekerja
sebarang pekerjaan pemalas
kerjanya bermain-main ke tetangga
sombong seperti orang pandai
supaya dipatuhi orang.
10. Penulis ini menasihati

kepada semua orang yang membaca
serta yang mendengar nanti
agar anda perhatikan
nasihat yang menulis
perhatikan siang dan malam
. jangan anda berbuat lengah.

11. Jika nasehat ini jelek
itu pantas anda maki-maki
beginilah nasihat itu
jika anda sungguh berkehendak
sukar mudah dipatuhi
telitilah siang dan malam
hendaknya anda jangan lengah.
12. Jangan membaca sambil berbaring
kebiasaan orang yang berbaring itu
lama-kelamaan banyak geraknya
lama-kelamaan menjadi telentang
selama telentang itu
bukunya lalu dilipat
bukunya cepat rusak.
13. Sebaiknya membaca sambil duduk
itu menjadi baik
suara mudah keluarnya
jangan duduk sambil "mentingkrang" (menyilangkan kaki)
itu menjadi kurangajar
(apabila) dilihat oleh orang tua
lebih baik membaca sambil duduk bersih.
14. Ada permintaannya lagi
kepada orang yang hendak membaca
banyak-banyaklah maafnya
huruf jelek lagi banyak kurangnya
huruf janggal penggunaannya
ada yang lebih ada yang kurang lagunya.

- oleh karena sifat (orang) menjelang tua.
15. Rencana tindakan teliti hati-hati
terserah kepada pembaca
penulis menerima saja
pembaca yang menilai
penulis menyerahkan kepada pembaca
ada yang lebih ada yang kurang kata-katanya
pembaca yang menyesuaikan.
 16. Dan permintaanku lagi
kepada Dzat Yang Menjadikan barang-barang (Tuhan)
semoga memberi ampunnya
penulisanku ini
jika ada yang salah
atau jika tidak sesuai
dengan kehendak Nabi kita.
 17. Karena saya belum tahu
yang akan disebut ini
rasanya ceritera suluk
saya hanya sekedar menulis
sebab dari kehendaknya
yaitu saudara muda
Kasan Muraja namanya.
 18. Hendaknya dipikir yang jernih
jangan tergesa-gesa nekat
juga jangan sembarangan
carilah guru yang bersedia
yang tahu tentang kitab
Ushul Fekih serta Nahwu (dasar hukum fekih dan ilmu
bahasa)
lagi yang pandai "ilmu rasa"
 19. Jika keliru tekat yang penting
tak urung menurut setan
sesat matinya kelak

aku berlindung kepada Alloh dari hal itu
maka waspadalah
mengurangi makan dan tidur
agar terang hatimu.

20. Orang yang kenyang gelap pikirannya
tak dapat memikir kepada hal yang rumit
hanya nafsu syahwatnya yang muncul
makin rajin tidur
itu sungguh tak boleh
ikut-ikut memikir suluk (ilmu yang berhubungan "sangkan paran")
yang akan disebutkan ini.
21. Jika anda telah memegang, nak
"muratab" telah didada
semua rasa maksudnya
jangan hanya perbuatan yang nyaman
artinya hanya tidak sembahyang
enak tidur mendengkur
tindakannya hanya merusak aturan.
22. Memang betul sungguh enak
tanpa dengan menjalani rialat (bertapa)
hanya menurut enaknya sendiri
jika engkau tanpa syariat
apakah yang terjadi
sendiri-sendiri jalannya
tentu tak boleh tertinggal.
23. Jangan bangga jika telah mengerti
atau telah ditempati
oleh rasa yang sejati
jika tidak menjalani rialat
tentulah menurut setan
suluknya saja yang muluk-muluk.
nafsu syahwatnya (birahi) makan dan tidur.

24. Yang didahulukan pertama
Sang Retna Dewi Sujinah
kedua pendeta yang berkelebihan
bernama Syekh Mustaqim
pandai tentang ilmu yang lebih
agar waspada kepada maksud.
25. Pada suatu malam
di dalam peristirahatan
Sang Retna berkata pelan
aduh gusti tempat aku menghamba
orang yang bagus serta pandai
itulah sebabnya saya mau
menghamba kepada paduka.
26. Maka saya kawan
supaya membuat sentosa pada pria
bukan fardhu di dunia saja
tetapi agar bertemu dunia akerat
kini saya, kakang
berguru kepada orang yang rupawan
agar sempurna pada perkawinan.
27. Sang Retna berkata halus
kakangmas hendaklah memberi wejangan
paduka mengawini hamba
hamba diperlukan untuk apa
cepatlah paduka memberi wejangan
jika telah bertemu dengan hamba
di manakah tempat bertemu.
28. Serta paduka gusti
apakah yang paduka cium
apakah yang dilihat kini
paduka memegang apa
cepatlah paduka memberi wejangan
jika tak memberi wejangan kepada hamba

- hamba jangan paduka kawini.
29. Berkatalah Pendeta Mustakim
kautanyakan keadaanmu
cintamu ini kupegang
yang kulihat dzatmu
serta sifat yang mulia
sukmalah yang kucium itu
bertemu di rahmatullah.
30. Kau kubuat dinda
kenyataan rasa mulia
serta lagi kuperbuat
keluarnya cinta Tuhan
apakah dinda mau
begitulah pendapatku
itulah sebenarnya kawin.
31. Sang Retna berkata lembut
ada lagi pertanyaan hamba
janganlah tuan marah kepada hamba
adapun hamba bertanya kepada tuan
apa sebabnya sesudah
tuan tidur bersama hamba
mengapa tuan mesti mandi.
32. Apakah hamba najis (kotor)
manakah najisnya badan
najis apakah tubuhku
sebab wujud juga sama
cepatlah paduka memberi wejangan hamba
jika tidak memberi wejangan hamba
janganlah paduka mengawini hamba.
33. Sebabnya jinabat gusti
berapa banyaknya mukaranah (perbandingan)
pokok serta sebangsanya
yang dinamakan mukaranah

paduka berilah wejangan kepada hamba
bagaimanakah maksudnya
Sang Mahayekti berkata.

34. Adapun sebabnya saya mandi, dinda
menetapi nurani johar (permata)
yang bernama johar itu
air hidup asalnya
jatuh ke bumi rahmat
wajibnya mandi itu
ada yang ikut tersiram.
35. Yang ikut tersiram', dinda
sifat Alloh yang mulia
serta dzatnya itu
dan sifat tujuh perkara
jika wujudnya satu
bukannya dua wujud itu
tetapi Hyang Sukma Sejati.
36. Dewi Sujinah berkata
ya betul kata tuan
hanya tuanlah guru hamba
hamba bertanya lagi
peraturan solat
yang hamba minta ialah
agar sempurna seperti tuan.
37. Pendeta Mustakim berkata
dinda, peraturan solat
lima perkara banyaknya
itu sesungguhnya perbuatan
berdiri duduknya itu
juga rukuk serta sujud
berniat yang sempurna.
38. Sang Retna bertanya halus
apakah sesungguhnya niat

dzat yang pasti kekalnya
Sang Retna Sujinah bertanya
berdiri asalnya apa
Raja Pendeta itu berkata
berdiri berasal dari api.

39. Bukan api yang dapat mati
bukan api yang berubah
bukan apinya kemasan
juga bukan api dari kawah
bukan api dari sela
bukan api dari batu
bukan api buatan.
40. Bukan api yang menghanguskan
bukan api dari gunung
bukan api sebangsanya
dan bukan api menganggur
dan bukan api mukjizat
sesungguhnya api itu
huruf alif yang mulia.
41. Alif artinya hidup
hidup tak terkena mati
itu cahaya sejatinya
yang terang bernama sirullah
itulah wejanganku
sang isteri bersujud di kaki
ya betul kehendak tuan.
42. Ada pertanyaanku lagi
rukuk artinya apakah
Raja Pendeta menjawab
arti rukuk itu
dengarlah dinda
dinda adalah adikku
tentu dinda kuberi wejangan.

43. Rukuk berasal dari angin
bukan angin dari gunung
bukan angin yang terputus
bukan angin topan
dan bukan angin turutan
bukan angin puyuh
bukan angin angkasa.
44. Bukan angin dingin
bukan angin dari gunung
merobohkan pohon-pohonan
bukan angin yang tampak
hakekatnya yang mulia
tak berhenti siang malam
bila berhenti rusaklah dunia.
45. Berpuji siang dan malam
yaitu yang sempurna
bagai air mengalir sembahnya
tak berhenti seketika
yaitu hakekatnya napas
dinamakan Sukma yang tinggi
yang berkuasa di jagatraya.
46. **Napas** itu yang pertama
banyaknya empat perkara
kemudian napas yang ke dua
adapun yang ketiga
tanapas yang menjaga
yang keempatnya nupus
yang ke luar dengusnya.
47. Tanapas keluar dari telinga
yang keluar dari hidung napas
napas yang keluar dari mulutnya
napas putih cahayanya
napas kuning cahayanya

tanapas hijau itu
napas hitam cahayanya.

48. Pujinya napas itu
robbahu robbana itu
la ilah pujinya napas
tanapas pujinya ialah
la ilal illallah itu
adapun pujinya nupus
huwallahu yang sempurna.
49. Bagaimana engkau dinda
itulah dinda pendapatku
Dewi Sujinah berkata
ya benar kata tuan
hamba bertanya lagi
tentang asalnya sujud
Raja Pendeta menjawab.
50. Sujud berasal dari air
buk'n air yang dapat kering
juga bukan air akar
bukan air sungai telaga
bukan air yang ada
bukan air mata air sumur
bukan rawa dan bengawan.
51. Bukan air manis pahit
bukan airnya nira
juga bukan air keruh
bukan air berebus
bukan air permulaan
bukan air dari air embun
dan bukan air mukjizat.
52. Bukan air berubah-ubah
bukan air yang dapat rusak
hakekatnya air itu

ialah rububiyah dinda
artinya ialah nyawa
tidak keruh siang malam
tidak samar di penglihatan.

53. Hakekatnya air, dinda
empat perkara banyaknya
mani yang pertama itu
wadi yang kedua
madi yang ketiga
manikem yang keempat
itulah asalnya air.
54. Bagaimana engkau, dinda
itulah pendapatku
Dewi Sujinah berkata
betul yang tuan maksud
dari mana asalnya duduk
tuan berikan wejangan asalnya
Sang Pendeta berkata.
55. Duduk itu berasal dari bumi
bukan bumi yang dapat rusak
bukan bumi yang dibuat
bukan bumi yang pecah
bukan bumi tambakan
dan bukan bumi di gunung
bukan bumi timbunan.
56. Bagaimana kehendakmu, dinda
itulah wejanganku
sang isteri berkata pelan
sambil bersujud di kaki
benar kata tuan
hanya tuan suami hamba
suami hamba dunia akerat.
57. Tuan, hamba jadi kawin

menyerahkan mati hidup
hanya paduka guru hamba
Dewi Sujinah didukung
oleh Pendeta Rahmat
kepalanya lalu dipangku
ditatap sambil diberi wejangan.

58. Duhai dinda artinya lagi
hakekatnya hidup itu
ruh idlofi yang berarti
rajanya nyawa semua
dapat disebut dzatullah
kekal kekuasaannya
pertanda Alloh yang mulia.
59. Duhai dinda artinya lagi
api rohani di sana
yang akan menambah
